ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# Р У Х С Т А У Æ Г

## 2 (2015)

Дзæуджыхъæу 2015

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ


***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ.***


Журналы æддаг цъарыл – Црауы скъолайы ахуыргæнæг Челдыты Мæдинæ йæ ахуырдзаутимæ


© СО РИПКРО, 2015
©ИПК «Литера», 2015

НОМЫРЫ ИС:

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ

**2015-ÆМ АЗЫ МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС** ........................... **8**

**ÆЗ – АХУЫРГÆНÆГ** ........................................................................ **10**

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

Майрæмыхъуаты Фатимæ, Дæгуйты Маринæ
**АКТИВОН ÆМÆ ИНТЕРАКТИВОН МЕТОДТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ** ............. 14

Куыдзойты А.Ф.,Хуытъинаты М.Д.
**ДЗЫРДОН ÆППÆРЦЦÆГДЗИНАД ИРОН ÆВЗАДЖЫ** ........................................ **20**

Бежаты Фаризæт
**ДЫУУÆ НЫХАСЫ ФЫССÆГ ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОНЫ СФÆЛДЫСТАДЫ ТЫХХÆЙ**.............. **23**

Куыдзойты Анжелæ
**ФУНКЦИОНАЛОН СТИЛЬТЫ ÆВЗАГОН ХИЦÆНДЗИНÆДТЫ ТЫХХÆЙ** ................ **29**

Уалыты Татьянæ
**КОЦОЙТЫ АРСЕНЫ АХУЫРАДОН-ХЪОМЫЛАДОН КУЫСТ**.................................. **35**

Куыдзойты А.Ф., Къæззаты З.М.
**ДЗЫРДТЫ РÆНХЪÆВÆРДЫ ЭКСПРЕССИОН ФУНКЦИЙЫ ТЫХХÆЙ** ........................ **41**

## СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

Челдыты Мæдинæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ** ........................................... **45**

Соттиты Дзерассæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ** ..................................................... **48**

Нæкуысаты Иринæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ** ..................................................... **50**

Майрæмыхъуаты Фатимæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ** ........ 53

Адеты Фатимæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ** ........ 5/

Гæззаты Татьянæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6– ÆМ КЪЛАСЫ** ........ 60

## АХУЫРГÆНÆДЖЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ

Дзгойты Аллæ
**ÆМДЗÆВГÆТÆ** ........ 63

Быценты Светланæ
**«ÆЗ ДÆ ХЪАХЪХЪÆНÆГ, ИРОН ДЗЫРД!»** ........ 64

Хуырымты Аллæ.
**ИРОН ÆВЗАГ – ЙÆ УДЫ РУХС** ........ 66

## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

Дзытиаты Эммæ
**ФЫЦЦАГ КЪЛАСЫ АХУЫРДЗАУТЫ НЫХАСЫ ХÆРЗХЪÆДДЗИНАД БÆРÆГ КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ** ........ 68

Батырты З.А
**ДИДАКТИКОН ХЪÆЗТЫТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ** ........ 70

Хадаты Фузæ
**ХÆСЛÆВÆРДТÆ ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ** ........ 72

## ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ

Кцойты Зæлинæ
**НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ ХИСТÆР КЪОРДЫ** ........ 74

Реуазты Людмилæ
**САБИТЫ НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ** ........ 77

## ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

Гæбæраты Валентинæ
ТЕСТЫТÆ 7-8-ÆМ КЪЛÆСТЫ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ ........ 81

Хадаты Эльвирæ
ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆМ ........ 84

Боциты Альбинæ
ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ ........ 86

Дзампаты Ларисæ
ТЕСТЫТÆ 5-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ ........ 89

Джериаты Мæдинæ
ТЕКСТЫ ИУМÆЙАГ ÆВЗÆРСТ 5-ÆМ КЪЛАСЫ ........ 91

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

Лохты Ритæ
ИНТЕЛЛЕКТУАЛОН ХЪАЗТ «ЗОНЫНДЗИНÆДТЫ ФÆНДАГЫЛ» ........ 95

Ататы Фатимæ
«ДЫ – ИРЫ ЗÆД, НÆ КАД ÆМÆ НÆ НАМЫС!» ........ 100



## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!

*Институты кусджытæ активонæй архайынц, ахуырады райрæзтæн æххуыс чи у, ахæм мадзæлттæ цæттæ кæныныл. Сæ иу – журнал «Рухстауæг». Йæ фæрцы уæ размæ хæссæм не 'нтыстытæ æмæ ахуыргæнджыты раппæлинаг фæлтæрддзинад.*

*Ирон æвзаг æмæ литературæйы урокты æнæмæнг дзурын хъæуы хъомыладон фарстатыл. Журналы фæрстыл ахæм æрмæг нæй, хъомыладон нысан кæмæн нæй, сывæллонæн мадæлон æвзаг чи нæ уарзын кæны. Скъоладзаутæ се 'ппæт ахуыргæндтæ не суыдзысты, фæлæ сыгъдæг цæсгом æмæ зæрдæйæ, сæрбæрзондæй хъуамæ хæссой ироны ном. Цард æгъдауæй кæй фидауы, уый сын æмбарын кæныны хæс æвæрд ис ирон æвзаджы ахуыргæнæгыл. Журналы ацы номыры ссардзыстут, фæсурокты куыстæн уын æххуыс чи фæуыдзæн, ахæм куысты хуызтæ.*

*Номырмæ сæ æвæрæн æрбахастой, ирон æвзаджы фарстатыл зæрдиагæй чи кусы, уыцы ахуыргæндтæ. Уацхъуыдты фæрцы фæпарахатдæр уыдзысты уæ зонындзинæдтæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ.*

*Алы сывæллон дæр у курдиатджын. Ахуыргæнæджы хæс у, сабийы зæрдæмæ, йæ курдиат ын чи райхалдзæн, ахæм дæгъæл ссарын. Ацы хъуыды æвæрд ис К.Д. Ушинскийы ныхæсты дæр: «Цымыдисдзинад кæм нæй, ахæм ахуырад мары скъоладзауы тырнындзинад ахуырмæ». Журналмæ хаст æрцыдисты, скъоладзауты архайд ирон æвзаджы урокты рæвдздæр чи кæны, ахæм активон куысты хуызтæ.*

*Уырны нæ, журналыл æхсызгонæй кæй сæмбæлдзыстут.*

*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***



*Хъæздыг дæн æз, æвидигæ – мæ бынтæ,*
*Сæ фарн мын радтой нартæ æмæ чынтæ.*

*Нæу уымæн тас зæххæнкъуыст æмæ хæстæй,*
*Нæу уымæн тас хæрам æмæ æлъыстæй.*

*Фыдыуæзæг! Æз рантыстæн дæ зæххæй,*
*Мæ тырыса – дæ уарзт æмæ фыдæхæй.*

*Уый нæу зæххон – мæ риуы судзы артæй,*
*Нæй уымæн сæфт хъаймæтæй, кæнæ кардæй...*

*Фыдыбæстæ мын йе 'взаджы хæзнатæ*
*Уæрсты боны кæстæры хайæн радта.*

*Йæ дзырдтæ мын – зæронд сæны быркуытæ,*
*Йæ зæлтæ мын – цыкурайы фæрдгуытæ.*

*Сæ зæл мыдау куы фæтæдзы ныхасы,*
*Уæд фесты дур сызгъæрин æмæ глази...*

*Ис ме 'вæрæнты хъæзн æмæ налхъуытæ:*
*Рæстдзинад æмæ а бæсты хъуыдытæ.*

Джыккайты Шамил

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## 2015-ÆМ АЗЫ МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС

2015 азы Методикон æвæрæнты республикон конкурс арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы.

Конкурсы сæйраг хæс уыд, ахадгæдæр куысты хуызтæй чи пайда кæны, уыцы ахуыргæнджыты фæлтæрддзинад рапарахат кæнын.

Методикон æвæрæнтæн аргъгонд цыд *ахæм бæрæггæнæнтæм гæсгæ:*

1) æрмæджытæ цас ахадгæ сты ахуыргæнæджы куысты, цас у сæ актуалондзинад; скъоладзауты мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ куыд разæнгард кæнынц;

2) ахуыргæнæг куыд арæхсы ног ахуырадон технологитæй пайда кæнынмæ, иртасæн куыстмæ; æрмæджыты оригиналондзинад;

3) конкурсы архайджыты ныхасы хъæд, йæ аивдзинад; куыд сын бантыст сæ хъуыдытæ раргом кæнын.

2015 азы Методикон æвæрæнты республикон конкурсы архайдтой 9 ахуыргæнæджы. Конкурсы архайджытæ жюрийы уæнгты базонгæ кодтой, ирон æвзаг æмæ литературæйы программон темæтæ бацамонынæн, предметтæ ахуырдзаутæн бауарзын кæнынæн æххуыс чи у, ахæм ахуырадон-хъомыладон æрмæджытимæ.

Конкурсы домæнтæн хуыздæр дзуапп лæвæрдтой Беслæны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Сидахъаты Анжелæйы*** æрмæджытæ, æмæ йын уымæ гæсгæ жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой фыццаг бынат. Анжелæ у курдиатджын адæймаг, канд ахуыргæнæджы куыст нæ кæны, фæлæ ма цæттæ кæны, райдайæн скъолайы ахуыргæнджытæ æнтыстджынæй кæмæй пайда кæнынц, ахæм методикон æрмæджытæ дæр. Сæ фæрцы ахуыртæ кæнынц мидисджындæр æмæ цымыдисондæр.

Дыккаг бынат адих кодтой Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг ***Дзоблаты Светланæ*** æмæ 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг ***Хуыгаты Жаннæ.*** Бафæзминаг у ацы ахуыргæнджыты куыст, кæддæриддæр цæттæ вæййынц гом урок бацæттæ кæнынмæ, ног куысты мадзæлттæ равдисынмæ.

Æртыккаг бынат лæвæрд æрцыд ***Магкæты Маринæйæн, Зæнджиаты Светланæйæн*** (Дзæуджыхъæуы 46-æм скъола) æмæ ***Таймазты Иринæйæн*** (Дзæуджыхъæуы 40-æм скъола). Сæ методикон æрмæджытæ сты ахадгæ, зæрдиагæй кусынц скъоладзаутæн мадæлон æвзаг уарзын кæныныл.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты методикон иугондтæй мидисджындæрыл нымад æрцыдисты Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы æрмæджытæ (1-аг бынат). Жюрийы уæнгтæм тынг цымыдисаг фæкастысты, Мæздæджы районы Павлодольскы скъолайы ахуыргæнджытæ цы

куысты хуызтæ равдыстой, уыдон дæр (2-аг бынат).

Методикон æвæрæнты конкурсæн ис стыр ахадындзинад: ахуыргæнджытæн хорз уавæртæ дæтты сæхи равдисынæн, кæрæдзийы куыстытимæ базонгæ уæвынæн. Ацы мадзал иумæйагæй кадджындæр кæны мадæлон æвзаджы ахуыргæнæджы куыст, æргом кæны ирон æвзаджы ахуыргæнджыты цæттæдзинад, ног ахуырадон уавæрты кусынмæ куыд арæхсынц, уый.

Хорз уаид, фидæны конкурсы фылдæр ахуыргæнджытæ куы архаиккой, æхсæнадон къордтæ та йæм се ’ргом куы раздахиккой, уæд.





## ÆЗ – АХУЫРГÆНÆГ ...

Бирæ аив æмæ мидисджын хъуыдытæ фæзæгъынц ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ – республикон конкурсы архайджытæ сæ педагогон дæсныйады тыххæй. Халгай сын æрæмбырд кодтам сæ хуыздæр хъуыдытæ æмæ сæ уæ размæ хæссæм.

---

***Хуыдæлты Ларисæ,***
***Дур-Дуры 1-æм скъолайы ахуыргæнæг***

Фыццаг урок… Фыццаг скъоладзаутæ. Фыццаг дзæнгæрæг… Фыццаг журнал...

Фыццаг урок иуæндæсæм къласы. Зын раиртасæн уыд, цавæр æнкъарæнтæ уыд фылдæр æрыгон зæрдæйы: фидæны размæ тасдзинад æви фыццаг къахдзæфæй сæрыстырдзинад.

Æрыгон ахуыргæнæг (йæ ахуырдзаутæй 3-4 азы хистæр) сæрбæрзондæй журналимæ фæцæуы урокмæ, йе скъоладзаутæ – йæ фæдыл. Уалынмæ скъоладзаутæй кæйдæр хъæлæс: «Кæсут-ма, йæ къабайы цæппузырыл – фæрдыг!» Уæд бамбæрстон, сывæллæттæ кæй сты алцы фиппайаг, уыдоны ’хсæнмæ цæугæйæ, раздæр алы уысмыл дæр кæй хъæуы ахъуыды кæнын.

Уыцы фæрдыг мæнæн ссис Цыкурайы фæрдыг. Цыкурайы фæрдыгæй æз курын, цæмæй æппæт сабитæ дæр уой, фыццаджыдæр, æнæниз æмæ æнæфыдбылыз, цæмæй сæм уа æгъдау, уарзой сæ мадæлон æвзаг æмæ Райгуырæн бæстæ, цæмæй тæрсой сæ ирон ном фæхудинаг кæнынæй.

---

***Санаты Альбинæ,***
***Суададжы скъолайы ахуыргæнæг***

Иу хатт федтон диссаджы фын. Адæймаг æмæ цырагъ… Адæймаг райста чысыл цырагъ æмæ хизы бæрзонд асиныл.

– Кæдæм цæуæм? – фæрсы йæ цырагъ.

– Мах хизæм мæсыджы сæрмæ, цæмæй срухс кæнæм бæлццæттæн сæ фæндаг.

Чи мын фендзæн мæ мынæг рухс? – сдызæрдыг цырагъ.

– Кæд дæ рухс гыццыл у,– загъта адæймаг, – уæддæр дæ зынгæй ссудзынц стыр цырагъдарæнтæ. Ма тыхс, мæ фæдыл цу.

Афтæ дзургæйæ, схæццæ сты мæсыджы сæрмæ æмæ бацыдысты стыр цырагъдарæнмæ. Адæймаг чысыл цырагъæй ссыгъта цырагъдарæн, æмæ уайтагъд бæстæ ныррухс.

Ахуыргæнæг у æрыгон удты фæндаг рухсгæнæг цырагъ.

---

***Дзалаты Людмилæ,***
***Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ахуыргæнæг***

Бирæ рæсугъд дидинджытæ зайы ирон литературæйы цæхæрадоны. Адæймаджы цæст сæм не ’фсæды кæсынæй. Фæлæ уыдоны ’хсæн ис иу ахæм рæсугъд дидинæг, зæрдæйæн уæлдай æхсызгондзинад чи хæссы. Уыцы æрвон дидинæгау мæм каст Иры адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, стыр ахуыргонд, профессор, Ирыстоны дзыллæтæн уарзон адæймаг Джыккайты Шамил.

**_Хуымарты Светланæ,_**
**_Беслæны 8-æм скъолайы_**
**_ахуыргæнæг_**

Царды мидæг алы адæймаджы дæр равзарын фæхъæуы, йæ хъарутæ, йæ зонд, йæ уæлмонцтæ цы дæсныйадæн снывонд кæндзæн, уый. Æмæ йæ миддуне йæ æрмиадимæ иу зарæг куы кæна, уæд уый у стыр амонд. Мæнæн дæр мæ бон у зæгъын, амондджын дæн, зæгъгæ, – мæ миддуне æмæ мæ дæснйиад æмзард кæнынц…

Мæнæн мæ царды нысан у мæ мадæлон æвзагæн лæггад кæнын, йæ сæууон стъалыйы рухс ын сабиты зæрдæтæм уадзын, йæ сыгъдæг суадонæй сæ хайджын кæнын, йæ æлутон уæлдæфæй сæ бафсадын, цæмæй фидæны куы бахъомыл уой, уæд уыцы стыр хæзна Цыкурайы фæрдыгау хъахъхъæной æмæ йæ сæ цотмæ æрдхæрæны лæварау фæхæццæ кæной.

---

**_Уалыты Илонæ,_**
**_Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы_**
**_ахуыргæнæг_**

*«Ахуыргæнæг скъолайæн у, хур æнæхъæн дунейæн куыд у, афтæ».*
Франццуа Вольтер

Ахуыргæнæг у скъолайы уд, ахуыры галуан хи хæдзарау уый фæрцы свæййы аджын æмæ хъарм сывæллонæн.

Мæ æрвылбоны куысты нысан у скъоладзаутæм ирон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын, нæ рагфыдæлты рæсугъд æгъдæуттæм цымыдисдзинад рæзын кæнын. Мæ зæрдыл æдзух лæууынц Айларты Михалы ныхæстæ:

*«Ирон дæ ды? Уæд дзур, мæ хур, иронау,*
*Къостайы ’взаг – æрдхæрæны æвзаг.*
*Мæйдар æхсæв ныррухс кæны уый бонау.*
*Ирон æвзаг ирон фарнæй у дзаг».*

Мæ сæйрагдæр хæсыл нымайын хъомыладон куыст. Уымæн æмæ адæймагæн йæ уд хъæздыг куы уа, уæд ын фæрæдийæн нæй.

Мæ куыст у арфæйаг. Хæссы мын амонд æмæ æхсызгондзинад. Ирон æвзаджы ахуыргæнæг скъолайæн у хур æмæ нæртон Сатана. Уый хъаруйæ лæууы ирондзинады мæсыг.

Рæстæг цæуы, фæлтæртæ ивынц кæрæдзи, фæлæ ахуыргæнæг баззайы сывæллæтты зæрдæты, йæ ном нæ сæфы æнустæм. Æмæ уый у æцæг амонд.

---

**_Боциты Зæлинæ,_**
**_Æрыдоны 4-æм скъолайы_**
**_ахуыргæнæг_**

Царды хорздзинæдтыл цасфæнды фæдзур, уæддæр адæймагæн йæхи бæстæ, йæхи къонайæ зынаргъдæр æмæ уарзондæр нæй. Уый уымæн афтæ у, æмæ ам алцыдæр дæхи у: дæхи æвзаг, дæхи æгъдау, дæхи зæхх. Лæгæн йæхи цы уа, уымæн та ацы стыр дунейы æмбал нæй…

Махæн нæ хæс æмæ нæ бон у, зæххыл ахсджиагдæр æмæ зынаргъдæр цы ис, уыдон фæхæццæ кæнын нæ кæстæртæм: ирон æгъдау, æфсарм, намыс, лæгдзинад. Уыцы миниуджытæ нæ фæсивæдмæ хъомыл кæнæн ис æрмæстдæр мадæлон æвзаджы фæрцы.

*Ме скъола, дæуæй æз дæн сæрыстыр!*
*У егъау дæ удварны тыллæг.*
*Мадæлон æвзаг, цæр нын ды æнустæм!*
*Ме ’мкусджытæ, кувын уын ныллæг.*

## АХУЫРГÆНÆГ

«Нард уарай» дæм рагбонты фæдзурынц,
Адæймаг – Цыкурайы фæрдыг.
Нæй дæуæй хуыздæр цæдисон хурæн,
Фидæнæн фæлæууыс ды уырдыг.

Асæй дæр дæм «фарн уарай» фæдзурæм,
Адджындæр мысинæгтæ – дæ бар.
Чиныгимæ фестыс уæд нæ цуры,
Узæлгæ æруадзыс сæрыл арм.

Уадз, цыфæнды тагъд ызгъорæд рæстæг,
Ды нæ кæныс мисхал дæр зæронд.
Ахæм рæвдыд, узæлгæ ныхæстæн
Азтæн мур дæр ницы у сæ бон.





Ахуыргæнæг-хурцæдисон, бузныг!
Мады ад цæуы, цæуы дæуæй.
Судзæд нын æдзух дæ фарны рудзынг,
Махæн уымæй адджындæр рухс нæй.

***Къадзаты Станислав***











# АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
*ЦИПУ-йы доцент, педагогон наукæты кандидат,*

***Дæгуйты Маринæ,***
*ЦИПУ-йы психологон-педагогон факультеты студенткæ*

## АКТИВОН ÆМÆ ИНТЕРАКТИВОН МЕТОДТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ

Царды ивддзинæдтæ фæзындысты скъолайы ахуыртыл, домынц ахуырады æмæ хъомылады фарстатæм ног цæстæй кæсын. Ахуыртæ арæзт цæуынц Федералон Паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ, сæйрагдæрыл нымад цæуы скъоладзауты ахуырмæ разæнгард кæнынил куыст (ахуыры мотиваци).

Ног ахуырадон стандарт бæрæг ивддзинæдтæ нæ хæссын кæны ахуырты мидисмæ (программæтæм), фæлæ уый хыгъд ивы ахуыргæнæджы хæс: уый хъуамæ канд зондамонæг ма уа, фæлæ йе стырдæр нысан суа удгоймаджы рæзтыл архайын. Сæйрагдæрыл нымад æрцыд зонындзинæдтæ раттын нæ, фæлæ скъоладзауты фылдæр базонынмæ сразæнгард кæнын. Уыимæ сывæллон зонындзинæдтæ цæттæйæ хъуамæ ма иса, фæлæ урочы архайгæйæ, хъуыды кæнгæйæ, сахуыр уа хибарæй хатдзæгтæ кæнынил.

Стандарты домæнтæ баххæст кæнынæн ахуырты æнæмæнг пайда кæнын хъæуы ног методтæ æмæ мадзæлттæй, скъоладзауы архайд урочы рæвдздæр чи кæны, ахæм практикон куысты хуызтæй. Ацы хъуыддаг къухы бафтынæн ахадгæдæрыл нымад сты ахуыры активон æмæ интерактивон формæтæ æмæ методтæ.

***Активон методы*** фæрцы *(1-аг ныв)* ахуыргæнæг æмæ скъоладзаутæ урочы кусынц иумæ, сывæллæттæ пассивон архайджытæ не сты, фæлæ æмгуыст кæнынц ахуыргæнæгимæ, скъоладзаутæн æмæ ахуыргæнæгæн ис æмхуызон бартæ, æмхуызон фадæттæ (демократон стиль).




(1-аг ныв)

***Интерактивон метод*** *(2-аг ныв)* («Inter» –иумæ, «act» – архайын) нысан кæны æмархайд, искæимæ æмдзырдæй (беседæйы фæрцы), æмзондæй кусын. Кæд активон методы фæрцы ахуыргæнæг æмæ сывæллæттæ урочы иумæ кусынц, уæд интерактивон метод та æххуыс у сывæллæтты æмгуыстад фæтыхджындæр кæнынæн. Цыбыр дзырдæй, интерактивон метод хорз фадæттæ аразы канд ахуыргæнæг æмæ скъоладзауы æмгуыстæн нæ, фæлæ ма ахуырдзауты æмархайд фæпарахатдæр кæнынæн. Ацы методы фæрцы скъоладзаутæ урочы сты активондæр, архайынц уæгъдибардæрæй, хорз фадæттæ сын фæзыны сæ мидхъуыдытæ раргом кæнынæн, кæрæдзимæ байхъусынæн.




*(2-аг ныв)*

Интерактивон ахуыры хæстæ сты:

–ахуырмæ цымыдисдзинад гуырын кæнын;

–æрмæг хуыздæр бацамонынæн фадæттæ аразын;

– урочы хибарæй архайын кæнын;

– скъоладзауты фæцалх кæнын иумæ кусыныл, кæрæдзимæ хъусыныл, кæрæдзи хъуыдытæн (раныхæстæн) аргъ кæныныл;

–ахуырдзаутæм алы хъуыддагмæ дæр хи цæстæнгас, хи ахаст æвзæрын кæныныл бацархайын;

– удгоймаджы раст хъомыладыл кусын.

Активон æмæ интерактивон методтæ сты, скъоладзауты хъуыдыкæнынад рæвдздæр чи кæны, практикон архæйдтытæ æнтыстджындæрæй баххæст кæнынæн фадæттæ чи аразы, ахæмтæ. Сæ фæрцы ахуырдзаутæ хибарæй сбæрæг кæнынц куысты нысан æмæ архæйдтыты фæтк; алыхуызон хъæзтыты, фæлтæрæнты, дискусситы фæрцы скъоладзаутæ бацархайынц урочы нысан баххæст кæныныл; хатдзæджы хуызы (рефлексийы) бахынцынц сæ куысты фæстиуджытæ; цы фиппаинæгтæ æмæ хатдзæгтæм æрцыдысты, уыдонæй практикон æгъдауæй спайда кæнынц.

Интерактивон метод ахуырдзауты урочы кусын кæны æмхуызонæй, уымæн æмæ сын ис иумæйаг нысан. Ахæм уавæрты сывæллæттæн сæ бартæ сты æмхуызон; æмдыхæй, ахуыргæнæгимæ иумæ архайынц, сæ размæ цы цæлхдуртæ ис, уыдон аиуварс кæныныл. Сæ иумæйаг куысты фæрцы хуыздæр бамбарынц кæрæдзи. Ахуыргæнæг сын разамынд дæтты, æххуыс сын кæны, нысан къухы бафтынæн цы архæйдтытæ хъæуы, уыдон сбæрæг кæнынæн.

Интерактивон ахуырад арæзт цæуы диалоджы бындурыл. Диалоджы архайгæйæ, скъоладзаутæ байхъусынц кæрæдзи хъуыдытæм, фæцалх вæййынц ныхмæвæрд хъуыдыты хицæндзинæдтæ иртасыныл, раныхæстæ кæрæдзиуыл абарыныл, раст хъуыдытæ фæхицæн кæныныл. Диалог сæвзæрынæн æххуыс сты къæйттæй куыст, къордты куыст, цæсгæмттæм гæсгæ хъазт, иртасæн проекттæ, сфæлдыстадон куыстытæ.

Интерактивон хуызы арæзт урочы архайынц æппæт скъоладзаутæ дæр, иумæйаг хæс сæххæст кæнынмæ сæ алчи дæр бахæссы йе ’ххуысы хай, алчи дæр сæ æнкъары бæрнондзинад. Лæмæгъ скъоладзаутæ фæныфсджындæр вæййынц, тыхджындæртæ та, сæ зонындзинæдтæ иннæтæн пайда кæй сты, уымæй æхсызгондзинад банкъарынц.

Райдайæн скъолайы мадæлон æвзаджы урокты ахадгæдæрыл нымад сты ахæм активон æмæ интерактивон методтæ:

***1) Скъоладзауты æнкъарæнтæ чи фæцагайын кæна, ахæм æнахуыр райдайæн*** (эпигрæф, кинонывæй скъуыддзаг, ребус, базон-базон, æмбисонд, æнахуыр ног цау фехъусын кæнын, музыкалон уацмысы чысыл скъуыддзагмæ байхъусын, æнахуыр персонажы фæзынд урочы райдайæны æмæ æнд.).

Ахæм райдайæны нысан у скъоладзауты дисы бафтауын, урочы архайынмæ сæ сразæнгард кæнын.

Скъоладзауты цымыдисдзинад райрæзынæн, ахуырмæ сæ сразæнгард кæнынæн урочы райдайæны спайдагæнæн ис ахæм мадзæлттæй: *«Кæрæдзимæ бахудæм, кæрæдзийæн салам раттæм», «Кæрæдзийæн арфæйы ныхæстæ зæгъæм».* Скъоладзаутæ фæдзурынц се 'мкъласонты нæмттæ, зæрдиагæй бацин кæнынц кæрæдзиуыл. Ахæм райдайæн фæрогдæр кæны ног æрмæгмæ рахызт, иумæйагæй урочы куыст.

Ахуырдзаутæн урочы райдайæны сæ зæрдæйы уаг раргом кæнынæн хорз æххуыс сты активон методтæ: *«Нарты фæткъуыйбæлас», «Алæмæттаг фæз», «Дыргъдон», «Нанайы цæхæрадон», «Зонды къæбиц»,* кæцытæм скъоладзаутæ «бахæссынц», цы хъуыдытæ сæм ис, цы фæндонтимæ æрбацыдысты урокмæ æмæ цы зындзинæдтæ æййафынц, уыдон. Ахуыргæнæг сын райуары хъæбæр гæххæттæй конд «миты гæлæбутæ», «фæткъуытæ», «дидинджытæ», «бæласы сыфтæртæ», сывæллæттæ сыл ныффыссынц, урочы цæмæ æнхъæлмæ кæсынц, уый, æмæ сæ бафидар кæнынц дыргъдоны бæласыл, фæзыл, сæвæрынц сæ «зонды къæбицы». Ацы мадзал ахуыргæнæгæн фехxуыс уыдзæн сывæллæтты хуыздæр базонынæн, сæ зæрдæтæм фæндаг ссарынæн. Урочы кæрон сывæллæтты фыстытæм хъæуы ногæй раздæхын, скæнын хъæуы хатдзæгтæ, цы сын бантыст, æмæ сын цы нæ рауад, уый тыххæй.

***2) Ахуырдзауты размæ цæлхдуртæ æвæрын (проблемон уавæртæ аразын), сæ аиуварс кæныныл сæ æфтауын.*** Проблемон уавæр саразынæн фехxуыс вæййынц алыхуызон мадзæлттæ: æнæнхъæлæджы фарст, быцæйуаг уавæр, дызæрдыггаг хъуыды фехъусын кæнын, раст хъуыды сбæрæг кæныныл æфтауын æмæ æнд.

***3) Релаксаци (фæлладуадзæн рæстæг).*** Райдайæн скъолайы æвзаг æмæ кæсыны урокты æнæмæнг кæнын хъæуы алыхуызон улæфты минуттæ. Сæ фæрцы скъоладзаутæ сæ фæллад суадзынц, фенцондæр сын вæййы урочы дарддæр кусын.

***4) Ног ахуырадон стантарт домы урокæн хатдзæг кæнын, ома рефлексийæ пайда кæнын.*** Нырыккон педагогикæйы рефлекси амынд цæуы куыд архайды æмæ йæ фæстиуджыты хатдзæг *(самоанализ).*

Методисттæ æмæ фæлтæрдджын ахуыргæнджыты хъуыдымæ гæсгæ, рефлекси канд урочы кæрон хъуамæ ма уа, фæлæ йæ алы этапы дæр. Йæ сæйрагдæр нысан у, урокæй канд фидар зонындзинæдтимæ ацæуын нæ, фæлæ ма искæй æмæ хи арæхстдзинæдтæ кæрæдзиуыл абарын дæр.

***5) Ахуыры æрмæджытæ скъоладзаутæм алыхуызы хæццæ кæнын:*** информацион технологитæй пайда кæнгæйæ, электрон ахуырадон фæрæзтæй æмæ интерактивон фæйнæгæй пайда кæнгæйæ æмæ æнд.

***6) Логикон хъуыдыкæнынадыл кусын*** (логикон схемæтæй – индукци æмæ дедукцийæ – пайда кæнын), скъоладзаутимæ дзырдбыдтæ аразын.

Логикон хъуыдыкæнынады рæзтæн æххуыс сты ребустæ дæр. Сæ руаджы ахуыргæнæгæн æнтысы ног технологитæй пайда кæнын.

***7) Интерактивон ахуырады формæтæй пайда кæнын:*** проектон метод, быцæу кæнын, персонажæй интервью исын æмæ æнд.

***8) Урок цымыдисаг чи кæны, ахæм чысыл элемент, «урочы апп»*** (интеллектуалон цæлхдур, худæг цау, шарж, эпиграммæ).

***9) Скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсын***, алы сывæллоны (удгоймаджы) рæзтыл дæр архайын (личностно-ориентированный подход); ахуырдзауы миддунейыл комкоммæ чи фæзындзæн, ахæм мадзæлттæй (куысты хуызтæй) пайда кæнын. Хицæнтæй æмæ къордты куыст, хибарæй куыст.

***10) Ног урокты хуызтæ цæттæ кæнын:*** урок-лекци, урок-экскурси, урок-фæсауунмæ балц, урок-аргъау, урок-конференци, урок-иртасæн, проектон куыст, урок-æрмадз æмæ æнд.

***11) Алыхуызон хъæзтытæй пайда кæнын*** (цæсгæмттæм гæсгæ хъазт, дидактикон хъазт).

Урокты ахуыры процесс сывæллæтты тагъд фæллайын кæны. Уымæ гæсгæ ахуыртæ дæр аразын хъæуы, цас гæнæн ис, уый бæрц хъæзтыты бындурыл.

Хъазты фæрцы скъоладзаутæ разæнгарддæр кæнынц ахуырмæ, тырнынц дзурынмæ, сæ хъуыдытæ æргом кæнынмæ. Хъæзтыты фæрцы сывæллæттæ уæндондæрæй архайынц урочы, æнцондæрæн æргом кæнынц сæ хъуыдытæ, хуыздæр бахъуыды кæнынц рацыд æрмæг. Раст арæзт хъазты фæрцы хъæздыгдæр кæны сывæллоны дзырдуат, рæзы йæ логикон хъуыдыкæнынад.

Интерактивон методыл нымад у ***«Кластер».*** Пайдагæнæн дзы ис урочы алы хайы дæр. Æххуыс у скъоладзауты логикон æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады райрæзтæн. Йæ фæрцы графикон хуызы равдисæн ис æрмæджы (темæйы) мидис, йæ аразæг хæйттæ. Скæнæн æй ис хуры хуызæн (хур æмæ йæ тынтæ), кæсаджы хуызæн, бæласы хуызы (бæласы зæнг, йæ къалиутæ, йæ дыргътæ), дидинæджы хуызы æмæ а.д.

«Кластер»-æй арæхдæр спайда кæнынц къордты кусгæйæ. Алы къорд дæр лæвæрд темæ раргом кæны йæхирдыгонау, æрмæст хъуыдытæ фæхъæу раст раргом кæнын.




Ног æрмæгмæ рахизынæн хорх æххуыс сты хъæзтытæ. Бæстондæр сыл æрныхас кæнæм.

***Хъазт «Дæхи бахъахъхъæн».*** Къордтæ рагацау кæрæдзийæн бацæттæ кæнынц фæрстытæ, сæ проектон куыстытæ цы темæтæй цæттæгонд сты, уыдонмæ гæсгæ. Фыццаг къорд дыккагмæ дæтты фарст, дыккаг та – фыццагмæ; алы къорд дæр хъахъхъæны йæ проектон куыст.

Урочы темæ балхынцъ кæнын ***синквейн***ы фæрцы. Арæзт вæййы фондз рæнхъæй:

1-аг рæнхъ – синквейны темæ – номдар;

2-аг рæнхъ – номдары (темæйы) æууæлтæ æвдисæг дыууæ миногоны;

3-аг рæнхъ – номдары (темæйы) архайд æвдисæг æртæ мивдисæджы;

4-æм рæнхъ – темæимæ баст хъуыдыйад;

5-æм рæнхъ – темæ æргомгæнæг дзырд-синоним, кæнæ, дзырд фехъусгæйæ, цæстытыл цы ауайы (ассоциаци), уый.

Дæнцæджы хуызы æрхæсдзыстæм цалдæр синквейны.

1) грамматикон терминимæ арæзт синквейн:

мыр
хъæлæсон, æмхъæлæсон
хъуысы, зæлы, нысан кæны
Мыртæ кæнæм дзургæ æмæ хъусгæ.
зæл

2) ныхасы темæимæ баст синквейн:

бæх
рæсугъд, зондджын
кусы, уарзы, æххуыс кæны
Бæх у зондджын цæрæгой.
цæрæгой

Синквейнæй уæлдай ма æрмæг бафидар кæнынæн урочы кæрон фæпайда кæнынц *диамантæйæ* дæр.

***Диамантæ*** у авд рæнхъæй арæзт æмдзæвгæ, йæ фыццаг æмæ фæстаг дзырдтæн вæййы ныхмæвæрд нысаниуджытæ. Хорз æххуыс у ныхмæвæрд æмбарынæдтæ бацамонынæн.

1, 7 рæнхъытæ – ныхмæвæрд номдартæ;
2 – дыууæ миногоны фыццаг номдармæ;
3 – æртæ мивдисæджы фыццаг номдармæ;
4 – фæйнæ дзырдбасты дыууæ номдаримæ;
5 – æртæ мивдисæджы дыккаг номдармæ;
6 – дыууæ миногоны дыккаг номдармæ.

Зæгъæм:

горæт
стыр, рæсугъд
рæзы, аивæй ивдæр кæны, дидинæг калы
рагон горæт, хохаг хъæу
Хъæздыг кæны, кусы, æххуыс кæны
рæсугъд, адджын
хъæу





Ахуырдзауты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады рæзтæн æххуыс у ***«Мозговой штурм»*** кæй хонынц, уыцы мадзал. Ахадгæдæр у 5-7 скъоладзауæй арæзт къорды æххæст кæнгæйæ.

Фыццаг этап: фарстмæ байхъусыны фæстæ скъоладзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ, цас фылдæр – уый бæрц хуыздæр. Дзуæппытæ нæ хъæуы раст кæнын, афтæмæй сæ фыссынц фæйнæгыл. Ацы куыстæн лæвæрд цæуы 10-15 минуты онг.

Дыккаг этап: къорды уæнгтæ æвзарынц æппæт хъуыдытæ дæр. Алы хъуыдыйыл дæр бæстон дзурынц, пайдайаг дзы цы ис, уый дзы райсынц.

Æртыккаг этап: раст хатдзæг скæнын. Хатдзæг кæнынyл нæ хъæуы тагъд кæнын, скæнæн æй ис дыккаг урочы дæр.

***«Зонындзинæдты къуыбылой».*** Скъоладзаутæн сæ бон у къласы кæрæдзи фæрсын, темæйæ информци æмбырд кæнын; кæрæдзи фæрсгæйæ сæ зонындзинæдты къуыбылой стырæйстырдæр кæны.

***«Зонындзинæдты бæлас».*** Кълас адих кæнын 3-4 къордыл. Алы къорд дæр кусы йæ хæслæвæрдыл, йæ дзуæппытæ фыссы бæласы хуызы лыггонд хъæбæр гæххæттыл (ватмæныл). Уый фæстæ къордтæ ивынц сæ бынæттæ, кæрæдзийы куыстытæ æххæст кæнынц (кæнæ та сæ раст кæнынц), æфтауынц сæм сæхи хъуыдытæ.

***«Микрофон».*** Къласы къухæй-къухмæ цæуы микрофоны хуызы исты предмет. Цы скъоладзаумæ æрбахæццæ вæййы, уый, ныхас цæуыл цæуы, уый фæдыл фæзæгъы йæ хъуыды æмæ «микрофон» дарддæр адæтты.

***«Иумæйаг проект».*** Къордтæ кусынц иу темæйыл, æрмæст æххæст кæнынц алыхуызон хæстæ. Проект баххæст кæныны фæстæ алы къорд дæр дзуры йæ куысты тыххæй, уый фæстæ раргом вæййы иумæйаг темæ. Зæгъæм, иумæйаг темæ «Фæззæг», къордты темæтæ: «Фæззыгон хъæд», «Фæззæг хæхбæсты», «Фæззыгон куыстытæ».

***«Ассоциациты таблицæ».*** Пайдагæнæн дзы ис, куыд урочы райдайæны (мотивацион увæрæн), афтæ урочы кæрон æрмæг балхынцъ кæнынæн. Ахуыргæнæг нымайы терминтæ (дзырдтæ), скъоладзаутæ дзурынц, дзырд фехъусгæйæ сæ цæстытыл цы ауади, уый.

***«Эссе»***. Хибарæй æххæстгонд фысгæ куыст быцæйуаг темæйыл. Темæйæн равзарæн ис зындгонд адæймаджы хъуыды, æмбисонд, загъдау. Эссе æргом кæны, чи йæ фыссы, уый мидхъуыдытæ, йæ цæстæнгас царды фæзындтæм (кæнæ иу фæзындмæ); хоны ахъуыды кæнынмæ.

Эссе ныффыссыны размæ скъоладзаутæн бацамонын хъæуы, цы домæнтæ йæм ис, æмæ йын куыд аргъгонд цæудзæн, уый.

Эссейы сæйрагдæр æууæлтæ сты:

–йæ асмæ гæсгæ – чысыл, бæлвырд темæйыл фыст;

–æргом кæны авторы ахаст, йæ хъуыдытæ, ныхас цæуыл цæуы, уымæ;

–йæ композицион арæзт – уæгъдибар (сæрибар);

–пайдагонд дзы æрцæуы афоризмтæй, базырджын ныхæстæй;

–хæстæг у хуымæтæг ныхасмæ.

Райдайæн скъолайы эссе фехъуыс вæййы скъоладзауты цæттæдзинад сбæрæг кæнынæн, урочы цы базыдтой, зын сæм цы фæкаст, цымыдисаг сын цы уыд, уый базонынæн. Урочы кæрон раттæн ис дыууæ хæсы:

– ногæй цы базыдтай, уый тыххæй ныффыссын;

– цы нæ бамбæрстай, кæнæ ма дæ базонын цы фæндид, уый тыххæй ныффыссын.

***«Худ – хъуыды æргомгæнæг».*** Пайдагонд дзы цæуы рацыд æрмæг бафидар кæнынæн, рефлексийы рæстæг.

Скъоладзауты адих кæнын къордтыл, алы къордæн дæр – йæхи хæс, къордтæм – хицæнхуыз худтæ (скæнæн сæ ис хъæбæр гæххæттæй).

Кæмæ цы худ ис, уымæ гæсгæ къордтæ æххæст кæнынц ахæм хæстæ:

• «Сырх худ» – урочы архайгæйæ сæм темæйы фæдыл цы æнкъарæнтæ сæвзæрд, уыдон раргом кæнын.

• «Сау худ» – темæ æвзаргæйæ, цы зындзинæдтæ (цæлхдуртæ) сæвзæрд, уыдоныл æрдзурын.

• «Бур худ» – урочы хорзæй, зæрдæмæдзæугæйæ, æвæрццæгæй цы уыд, ууыл æрдзурын.

• «Урс худ» – урочы ногæй цы базыдтой, цы фехъуыстой, уыдон ранымайын.

• «Кæрдæгхуыз худ» – оригиналон, цымыдис хуызы раргом кæнын урочы фæстиуджытæ.

• «Цъæх худ» – урочы темæйы тыххæй иумæйаг философон хъуыдытæ, хатдзæгтæ скæнын (цы пайда æрхаста абоны æрмæг, цавæр хъуыдытыл бафтыдта, цæмæ сиды æмæ а.д.).

Урочы стыр ахадындзинад ис *фæлладуадзæн рæстæгæн (релаксацийæн).* Хатгай урочы дыууæ минуты дæр фаг вæййы сывæллæтты базмæлын кæнынæн, се ’ргом сын урокмæ раздахынæн.

Ранымад активон æмæ интерактивон куысты хуызтæ сты тынг æххуыс сывæллæтты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр, фæхъæз-дыгдæр кæнынæн, сæ ныхасы хъæд фæаивдæр кæнынæн, ныхасы рæзтыл бакусынæн.

Хъуамæ сабитæ зоной дзырдбыдтæ аразын, ребусты хъуыды халын, алыхуызон хъæзтыты архайын.

Уыдон ииуылдæр уæрæхдæр кæнынц сывæллæтты зонындзинæдтæ, хъæздыгдæр кæнынц сæ миддуне.

Сывæллæттæм афтæ арæзт уроктæ кæсынц хъæлдзæг æмæ хиирхæфсыны хъæзтытау. Фæлæ сæ ахадындзинад та, кæй зæгъын æй хъæуы, стыр у.

Ахæм уроктæ аразгæйæ, ахуыргæнæг гуырын кæны бæллиццаг фæстиуджытæ скъоладзауты хъомыл кæныны æмæ сæ зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæныны хъуыддаджы.

*Литературæ:*

1. «Активные методы обучения». Электронный курс. Международный Институт Развития «ЭкоПро», Образовательный портал «Мой университет», http://www.moi-universitet.ru

2. Давыдов В.В., Проблемы развивающего обучения. – М., 1986.

3. Ксензова Г.Ю. Перспективные школьные технологии, – М.: Педагогическое общество России, 2000.

4. Хижнякова О. Н. Современные образовательные технологии. – 2006.

***Куыдзойты А.Ф.,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг***

***Хуытъинаты М.Д.,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы магистрант***

# ДЗЫРДОН ÆППÆРЦЦÆГДЗИНАД ИРОН ÆВЗАДЖЫ

Æппæрццæгдзинады категори ис дунейы æппæт æвзæгты дæр. Зындгонд лингвист В.А. Плунгян куыд зæгъы, афтæмæй æппæрццæгдзинад хауы «универсалон грамматикон иугондмæ» [4, 100].

Логикæйы цæстæнгасæй æппæрццæгдзинад у ахæм «оператор», кæцы иу хъуыдыйадæй аразы æндæр, уыимæ дыууæ хъуыдыйадæй æрмæст иуæн ис æцæг уæвæн. Зæгъæм, хъуыдыйад «Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы»-йæн æцæг уæвæн ис æрмæст уæд, æмæ йæ «æппæрццæг къай» – хъуыдыйад «Фыды фарн мæрдтæм цæуы» мæнг куы уа.

Кæй зæгъын æй хъæуы, лингвистикæйæн логикон æмбарынад фаг нæу, уымæн æмæ æппæрццæг вæййы æрмæст фидаргæнæг хъуыдыйæдты нæ, фæлæ ма фарстон æмæ разæнгардгæнæн хъуыдыйæдты дæр, уыдонæн та æцæг кæнæ мæнг уæвæн нæй. Фæлæ нырыккон лингвистикæйы нæй, æппæт ахуыргæндтæ дæр кæимæ сразы уаиккой, æппæрццæгдзинады ахæм æмбарынад.

Зындгонд польшæйаг æмæ австралиаг лингвист, Уæрæсейы Зонæдты Академийы фæсарæйнаг уæнг-корреспондент Аннæ Вежбицкая куыд зæгъы, афтæмæй æвзæгты уæвæн ис, хъæугæ æмбарынæдтæ кæмæн нæй, æмбарынады фæрцы равдисæн кæмæн нæй, ахæм бындурон категоритæ. Уыцы «семантикон примитивтæм» хауы æппæрццæгдзинады категори дæр. «Возможно, наиболее ясный пример абсолютно необходимого понятия дает само отрицание: если в языке нет слова (или морфемы) для того, чтобы сказать *Нет!*, ничто не может восполнить это, поскольку очевидно, что нет никакого способа получить это понятие с помощью других (подобно тому, как можно получить 'не-знать' из значений 'не' и 'знать')» [1, 94].

Алыхуызон æмæ бирæ сты æппæрццæгдзинад æвдисыны мадзæлттæ æмæ формæтæ. Ацы категори куыд æвдыст цæуы, уымæ гæсгæ рахицæнгæнæн ис мононегативон æмæ полинегативон æвзæгтæ. Фыццæгтæм хауынц, æппæрццæг нысаниуæг æрмæст иу лексикон кæнæ грамматикон фæрæзы фæрцы æвдыст кæм цæуы, ахæм æвзæгтæ (зæгъæм, ирон: *Никæй* зæрдæ дыл фæхуддзæн); дыккæгтæм та – иу хъуыдыйады цалдæр æппæрццæджы кæм æмбæлы, ахæм æвзæгтæ (зæгъæм, уырыссаг: *Никто* на тебя *не* обидится).

Алы æвзаджы дæр ис æппæрццæг æвдисыны дыууæ сæйраг формæйы, хуызы – имплицитон æмæ эксплицитон. «Имплицитный (франц. implicite – подразумеваемый, скрыто содержащийся, от лат. implicitum). Невыраженный, подразумеваемый; неразвернутый» [5].

«Эксплицитный (франц. explicite – явный, определенно выраженный, от лат. explicitum). Явно выраженный; развернутый»[5].

Ирон æвзаджы æппæрццæг æвдисыны эксплицитон, ома æргом, мадзæлттыл

нымайæн ис, фыццаджыдæр, æппæрццæг дзырдтæ (æппæрццæгтæ: хайыгтæ *нæ, ма, нал*: нæ зонын, ма ацу, не ‘мбæлы, ма зæгъ, нал цæуын; номивджытæ *ничи, ницы, мацы, мачи*: ничи æрбацыди, мачи æрбацæуæд, ницы федта, мацы фенæд; фæрсдзырдтæ *никуы, никæдæм, макæдæм, макуы* æ.æнд: никуы уыди, никæдæм цæуын, макæдæм ацу, макуы баззайæд); разæфтуан *æнæ–/ æ*–(æнæбары, æдых, æнæзонд); предикативон дзырд *нæй*. Æппæрццæг хъуыдыйады структурæйы æнæмæнг вæййы æппæрццæг дзырд.

Ахæм хъуыдыйады мидис кæддæриддæр арæзт вæййы цавæрдæр хъуыдыйы ныхмæ, ома дзы вæййы «æппæрццæджы сферæ». Уыцы сферæмæ фæхауы кæнæ æппæт хъуыдыйад, кæнæ та йæ иу цавæрдæр хай. Æппæрццæджы сферæ æппæт хъуыдыйадыл куы æххæсса, уæд уый семантикон æгъдауæй у иумæйагæппæрццæг хъуыдыйад: *Æз цæстæй нæ уынын, мæ хуртæ… (Беджызаты Ч.)* Æппæрццæг иу хаймæ куы хауа, уæд арæзт вæййы æппæт хъуыдыйады иумæйаг мидисы ныхмæ нæ, фæлæ йæ иу компоненты семантикæйы ныхмæ: *«Гал нæ аргæвддзыстæм, фæлæ хуы аргæвддзыстæм, –загъта йын мæстыйæ» (Гуыцмæзты А.)*.

Хицæн кæнынц фразон æмæ дзырдон æппæрццæг. «Отрицание с точки зрения роли выражающих его элементов в синтаксической структуре предложения бывает ф р а з о в ы м (выраженное отрицательным словом в составе сказуемого или отрицательной формой сказуемого) и п р и с л о в н ы м – не при сказуемом. Чаще всего фразовое отрицание бывает полным, а присловное – неполным» [3].

Ирон æвзаджы арæхдæр æмбæлы фразон (кæнæ предикативон) æппæрццæг: «Дысон ма цыдæр ахæм фын федтон, фæлæ йæ мæ сыджытыхæринаг зæрдæ *нал ахсы*» (Гуыцмæзты А.), «Тæрсын, йæ бавæрын *дæ бон куы нæ бауа*!» (Нарты кадджытæ). Ахæм æппæрццæджы сæйраг миниуæг у уый, æмæ, кæд иу дзырдмæ – зæгъинагимæ / предикатимæ – баст у, уæддæр хауы æппæт хъуыдыйады мидисмæ. Ам зæгъинагмæ кæсæм дзырды / дзырды формæйы цæстæй нæ, фæлæ йæ функци хынцгæйæ.

Дзырдон æппæрццæгдзинад кæм ис, уым та сæрмагонд дзырд баст вæййы зæгъинагимæ нæ, фæлæ æндæр дзырдимæ – æппæрццæг кæмæ хауы, кæй мидис æппæрццæг кæны, уыцы дзырдимæ: «Æртæ лæгбæрзæнд лæгæты *налдæр къутæр* зынд æмæ *налдæр хуры тын*» (Булкъаты М.).

Æппæрццæджы ацы хуыз ирон æвзаджы стæмдæр хатт æмбæлы, уымæй дæр бæлвырд уавæрты: «в основном в сложных предложениях с повторяющимися отрицательными союзами или в простых предложениях с однородными членами с союзом «фæлæ» в значении «а»: Фæткъуытæ нæ, фæлæ кæрдотæ балхæдтон» [2, 57].

Кæд ацы дæнцæгты æппæрццæг дзырд формалон æгъдауæй баст у зæгъинагимæ нæ, фæлæ æндæр – зæгъинагимæ баст – дзырдимæ, уæддæр, махмæ гæсгæ, ацы фæзындæн комкоммæ дзырдон æппæрццæг схонæн нæй. Цæуылнæ? Уымæн æмæ æппæрццæг дзырд цыфæндыйæ дæр баст у зæгъинагимæ – комкоммæ нæ, фæлæ йæ дæлбар дзырды фæрцы. Абарæм дæнцæгтæ: Это был *не портрет*. – Уый портрет *нæ уыди* (æппæрццæг хайыг æндæр дзырдимæ бабæттæн ис æрмæст структурæйы «нæ… фæлæ»: Уый уыди *портрет нæ*, фæлæ натюрморт. Ацы хъуыдыйадæн дæр бынтон ирон хуыз нæй, растдæр уыдзæнис афтæ: *Уый портрет нæ уыди, фæлæ натюрморт*). Номивджытæ æмæ фæрсдзырдтимæ та хицæн æппæрццæг дзырдæн бынтондæр нæй уæвæн: Он решил *не все* задачи. – Уый æппæт хынцинæгтæ *не скодта* (Уый хынцинæгтæ се ‘ппæт *не скодта*); Я *не всегда* буду с вами – Æз алкæд уемæ *нæ уыдзынæн*.

Уæдæ æппæрццæг хайыг зæгъинагимæ баст дзырды разæй æвæрд куы уа, уæд уый дæр дзырдон æппæрццæгдзинадыл нымайын нæ хъæуы, фæлæ уыцы дзырды актуализацийы фæрæзыл, йæ интонацион æмæ семантикон вазыгджындзинад æвдисыны мадзалыл. «Уый уыди *портрет нæ*, фæлæ натюрморт» –хъуыдыйады ахæм структурæ дзурæг у ууыл, æмæ архайды объект, раздæр цæй кой кодтам, уый нæу, фæлæ бынтон

ӕндӕр цыдӕр. Абарӕм дыууӕ конструкцийы: *Уый портрет нӕ уыди, фӕлӕ натюрморт. – Уый уыди портрет нӕ, фӕлӕ натюрморт.* Дыууӕ хъуыдыйады дӕр ӕвдыст цӕуы уыцы иу мидис, фӕлӕ алыхуызон у сӕ экспрессивондзинад – фыццаг у нейтралон, дыккаг та – ӕнкъарӕнджын ахуырст.

Æппӕрццӕджы ахӕм хуызӕн схонӕн ис *иртӕст*: ӕппӕрццӕг баст у, цы дзырдмӕ хауы, уыимӕ нӕ, фӕлӕ ӕндӕримӕ, «ӕппӕрццӕггӕнинаг» дзырды дӕлбар чи у синтаксисон ӕгъдауӕй, уыимӕ: уый уыди *портрет нӕ..*, –уый портрет *нӕ уыди.* Нӕ, Тедо, уый Гарсеван *нӕ уыди*, фӕлӕ йӕ фыд Росеб уыди, –зӕгъы Симон (Коцойты А.). (Нӕ, уый уыди *Гарсеван нӕ*, фӕлӕ йӕ фыд Росеб).

Афтӕмӕй, ӕрцыдыстӕм ахӕм хатдзӕгмӕ: ирон ӕвзаджы нӕй дзырдон ӕппӕрццӕг, ис ӕрмӕст фразон, кӕнӕ предикативон. Предикативон ӕппӕрццӕг формалон ӕгъдауӕй дих кӕны дыууӕ хуызыл: комкоммӕ предикативон (ӕппӕрццӕг дзырд комкоммӕ зӕгъинагимӕ баст куы вӕййы, уӕд) ӕмӕ иртӕст (ӕппӕрццӕг дзырд баст вӕййы зӕгъинагимӕ нӕ, фӕлӕ зӕгъинаджы дӕлбар уӕвӕг дзырдимӕ).

*Литературӕ:*


1. Вербицкая А. Язык. Культура. Познание. – М., 1996. http://www.philology.ru/linguistics1/wierzbicka-96.htm.

2. Кудзоева А.Ф. Порядок слов и актуальное членение предложения в осетинском языке. – Владикавказ, 2003.

3. Лингвистический энциклопедический словарь // http://tapemark.narod.ru/les/354b.html).

4. Плунгян В.А. Введение в грамматическую семантику: грамматические значения и грамматические системы языков мира. – М.: Российский государственный гуманитарный университет, 2011.

5. Розенталь Д. Э., Теленкова М. А. Словарь-справочник лингвистических терминов. Изд. 2-е. – М.: Просвещение, 1976 // http://enc-dic.com/linguistics/Implicitn-1304.html.

***Бежаты Фаризæт,***
***ЦИПУ-йы доцент,***
***педагогон наукæты кандидат***

# ДЫУУÆ НЫХАСЫ ФЫССÆГ ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОНЫ СФÆЛДЫСТАДЫ ТЫХХÆЙ
## (фыссæджы биографи æвзарынæн)

Ахуырдзаутæн зонындзинæдтæ раттын, царды домæнтæм гæсгæ сæ цæрынил ахуыр кæныны нысан ис скъолайы æппæт предметтæн дæр. Фæлæ уæддæр, литературæйы уроктæ сты уæлдай ахадгæдæр. «Только литература дает материал для освоения внутреннего мира человека… Познание этого внутреннего мира для воздействия на ум и поведение ученика – одна из целей наших уроков»,–фыста зындгонд ахуыргонд М.А. Рыбникова.

Литературон уацмысы персонажтæн цы ахадындзинад ис ахуыр æмæ хъомыладыы, уый тыххæй психологтæ амонынц: «... через сравнение с героями подросток познает себя, некоторые из них становятся для него образцами. В результате сопоставления поступков формируются критерии оценки разных качеств. Такое действование является средством этического и эмоционального развития подростка». Уый тыххæй æрцæуынц хаст литературæйы программæтæм фысджыты хуыздæр уацмыстæ. Фæлæ сахæтты бæлвырд бæрц, æвæццæгæн, æгæр къуындæг уавæрты сæвæры программæтæ аразджыты, æмæ уымæ гæсгæ, скъоладзауты удварныл хорзырдæм чи сахада, ахæм уацмыстæ дзæвгар аззайы фæсвæд. Зæгъæм, нæ программæты, 5-11-æм къласты скъоладзаутæ нæ сæмбæлдзысты Хъазиты Мелитоны уацмыстæй иуыл дæр, афтæмæй та йе сфæлдыстад цымыдисаг æмæ æхсызгон у алы кары чиныгкæсæгæн дæр, уæлдайдæр та йæ уацаутæ «Алмас», «Сызгъæрин уадындз», «Фыдæмбæлæг» Сано», «Чызджы зæрдæ», йæ новеллæты цикл «Æууæндын адæймагыл» æмæ æнд. Фæлæ цы ‘рцыдис, уый æрцыдис. Мæ ныхасæн æфхæрыны нысан нæй, пайда æрхæссыны нысан ын ис: мыййаг, ахуыргæнджытæй искæй куы бафæнда скъоладзауты Хъазиты Мелитоны уацмыстæ бакæсынмæ сразæнгард кæнын. Абон бирæ алыхуызон фæрæзтæ ис (фæндгæ нæ бакæнæд æрмæст!)…

Фыссæджы тыххæй. Хъазиты Мелитон райгуырд æмæ схъомыл Хуссар Иры. Йæ райгуырæн гыццыл хъæуæн æрдз йæ рæсугъддзинæдтæй ницы бахæлæг кодта. Сæ хæдзары фæскъулæй райдыдта аргъæутты бæстæ – бæзджын тулдз хъæд æд хурæфсæст уæрæх «æхсæрджын фæз», дзуарбадæнтæм цæуæг къахвæндæгтæ, æхсæв мæйы рухсыл рухс æфтауæг диссаджы æлыгкъахæн, сæрд дæр ихы фæзгъæр ссарæн кæм уыд, уыцы цъала… Чи фæнымайдзæн уыцы хъæды диссæгтæ? Уæдæ йе ‘нæнымæц мæргъты сæрдыгон изæры цъыбар-цъыбур æмæ кæрæдзиимæ æхситт-ныхасы циндзинад та цыфæнды мæлгъæвзаг дæр нæ равдисдзæн: æгæр мæгуыр у адæймаджы дзырдуат уымæн…

Гъе, ахæм ран, тæккæ хъæды дзыхыл, æрбынат кодта чысыл хъæу. Æхсызгон мысинæгтæй баззадысты иумæйаг суадон æмæ бирæ чысыл гуыргæтæ, арвылæнцайæг æнгуз бæлæстæ, дæлвæзы дыргъдæттæ, сæндæттæ æмæ хоры хуымтæ. Уæнгтæ нæ рох кæнынц йæ иугæндзон дымгæйы рог уæлд. Уыцы хъæуы хæдзæрттæ кæрæдзийыл калд нæ уыдысты, кæрæдзийыл нæ баныхæстысты быдираг хъæуты хæдзæрттау. Ам сæ араджытæ кæмæ фылдæр зæхх æрхауайыл нæ хъуыды кодтой, æвæццæгæн, ерыс кодтой, чи

бæрзонддæр æмæ райдзастдæр бырц (къуыбыр) равзара цæрæн бынат саразынæн, ууыл. Æмæ æрвад-сыхæгтæ, дæрддзæфмæ дæр, алчи йæхи къæсæрыл лæугæйæ, кæрæдзиимæ ныхас кодтой, цыма фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты, уыйау – иугæндзон дымгæ иу мыггагæй, иу артæй байуаргæ цæрджытæн (уыдонæй уыдысты, Мелитон кæм схъомыл, уыцы стыр фæрнджын бинонтæ дæр) сæ алы сым дæр бынатмæ хæццæ кодта.

Ирон лæджы фидауцджын миниуджытæй æххæст уыд Мелитоны фыд Реуаз (Ресо). Æгъдауджын уæвынил, адæмы уарзын æмæ сын лæггад кæныныл сахуыр кодта йæ цыппар фырты æмæ авд чызджы. Фæндаггоны сæ фæрсты æнæрхъуыдыйæ нæ ауадзын уыд уазæгуарзаг хæдзарвæндаджы æнæхæлгæ фæтк.

Иры сæрæндæр, фæразондæр æмæ кæрдзындæттондæр сылгоймæгтæй иу, Мелитоны мад Куыдзион, йæхи авд сывæллоны размæ ныййарæг мадау рæвдыдта, хæдзары цы цыппар æнахъом сидзæры æрæййæфта, уыдоны. Фæсхæст ма сæ хæдзары дзæвгар рæстæг уыдысты се ʻрвадæлты æртæ сидзæры дæр. Æвадат ран, æххормаг æмæ тыхст рæстæджы уый уыдис Куыдзионы уды бæрзонд фарн æвдисæн.

Ирон фысджыты хистæр фæлтæрты тыххæй дзургæйæ, фæзæгъынц: «Царды скъола сын уыд Ныхас». Мелитонæн та ахæм скъола, æвæццæгæн, уыд царды фæлтæрддзинадæй хъæздыг чысыл хъæуы цæрджытæ: мыггаджы лæгтæ-иуæй иннæ уæздандæр æмæ лæгдæр, уæззау зондыл хæст цæстуарзон хистæртæ æмæ коммæгæс сæрæн фæсивæд, зæрдæхæлар, цингæнаг дзырдарæхст зæронд устытæ æмæ лæггадгæнаг чындзытæ… Ам ничи дих кодта мыггаджы кæстæрты хи æмæ æддагоныл…

Æрдз, йæ рæсугъддзинæдтæ уаргæйæ, рæдауæй равдыста йæхи ацы бынæттæм, фæлæ рæсугъддзинад амондæн ницы æххуыс у, амæндтæуарæг сæм æлгъин разынд: 90-æм азты гуырдзыйы ницæйагдæрты амæттаг бацис гыццыл райдзаст хъæу. Æрцыдыл, зæронд устытæй-иу, сæ рæсугъд, фæлæ æвадат ран, истæуыл фæтыхсгæйæ, æнæрхъуыдыйæ, «æдзæрæг фæуы», зæгъгæ, цы ʻлгъыст схауд, уый: лæгхор «уазджытæ» ныппырх кодтой уазæгуарзаг цæрæнбынæттæ, дзуарбадæнтæ, фехæлдтой сыгъдæг суадæттæ, амардтой, йæ къона ныууадзын кæй нæ бафæндыд, уыцы уæздан æмæ кусаг зæронд Иосебы. Суанг ма бæрзонд къуыбырыл, цыма сæ фæстæ кæй ныууагътой, уыдоны хуыздæр уыныны, хæрзаудæн сыл кæныны охыл æрбынат кодтой, уыйау цы уæлмæрдтæ уыд, уыдоны ингæнты цыртытæ (дуртæ) дæр фæхастой. Цыбыр дзырдæй, фыдракæнд хæрзæбонил фæтых…

Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та рæхуыст – бинонтæ иуы амондæй фæцæрынц, зæгъгæ, æвæццæгæн, ахæм уавæрты фæзæгъынц: сæ фыды фæстæ кæрæдзийы фæдыл цæрынхъуагæй фæцыдысты Мелитоны æртæ æфсымæры – сæ иуæй иннæ сæрæндæр, лæггадгæнагдæр. Йæ сидзæрты хурæй нæ бафсæст йæ хоты рæсугъддæр æмæ сæрыстырдæр, æнафоны идæдз – Женя…

Фæлæ гæнæн нæй, хъысмæт дæр йæ тых тыхджынтыл æвзары, лæмæгъы ауууæрдынæн та цы хъæуы, зæгъгæ! Хъысмæты цæфтæн бафæразын дæр лæгдзинад у. Зонд æмæ хъару хъæуы, цард дæ цы уавæрты сæвæра, уым цæрын базонынæн. Æмæ ссардта Мелитон дæр цæрын базонынæн фæрæз – КУЫСТ.

Куыст, фæллойы тыххæй бирæ куырыхон хъуыдытæ загъд æрцыд: «царды фæрæз», «фарны фæрæз», «æртæ фыдбылызæй: æрхæндæгæй, мæгуырæй æмæ фыдракæндæй ирвæзыны фæрæз» æ.а.д.

Мелитонæн дæр куыст у йæ иузæрдион цæдисон. Уый фæрцы кæны йæ уæззау хæссинаг рогдæр.

Фыссæджы цард æмæ сфæлдыстад ахуыр кæныны фæрстытыл чи кусы, уыдоны хъуыдытæ æнгæс сты, зæгъгæ, бирæ хатт фыссæгæн йæ уацмысты персонажтæ, йæ арæзт фæлгонцтæ йæхи удыхъæд афтæ æххæстæй раргом кæнынц, æмæ йын уыцы нысанимæ йæ царды хабæрттыл дзурын æппындæр ницæмæнуал фæхъæуы. Мелитон дæр ис уыцы фысджыты ном-

хыгъды. Зæгъæн ис хæрз цыбырæй: йæ райгуырæн хъæуы цæрджыты уды сконды цыдæриддæр хорзæй уыд, уыдонæй се ‘ппæтæй дæр æрдз схай кодта Мелитонæн (уынд, уæззау зонд, куыстуарзон, сæрæн, уæздан, сыгъдæгзæрдæ, уазæгуарзон…), цыма йын афтæ фæдзæхста, цæрын кæмæн нæ бантыст, уыдоны бæсты дæр цæрын базон, дæ райгуырæн хъæуæн йæ ном сæфын ма бауадз. Æмæ фыссæг æххæст кæны уыцы фæдзæхст æнæсайд куысты фæрцы.

Гыццыл хъæуы рæсугъддзинад хъуыдыйы баззад цæстытыл ауайынæн, йæ ном, йæ цæрджыты фæлгонцтæ та цæрынц Мелитоны уацмысты.

Зарæгæй куыд фæзæгъынц, адæймагимæ йæ царды райдайæнæй йæ царды кæронмæ æмдзу кæны, зæгъæ, афтæ Мелитоны уацмыстæм дæр, адæймаг, сывæллонæй ныхас æмбарын куы райдайы, уымæй зæронды бонмæ æхсызгонæй хъусдзæн, æхсызгонæй сæ кæсдзæн.

Поэт æмæ прозаик Хъазиты Мелитон алы кары сывæллæттæн цы дзæвгар аргъæуттæ, æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ пьесæтæ ныффыста, уыдон алы азты мыхуыры рацыдысты хуызджын нывтимæ хицæн чингуытæй: «Рувийы балц» (1983), «Дзыхыкъæбæл» (1987), «Дæ сау чызг» (1988), «Гæдыла паддзах» (1990), «Æппæлой мыст» (2000) æмæ æнд.

Мелитон студенты бонты æрыгон адæймаджы цардыл цы уацмыстæ снывæста, уыдоныл кæд дыууиссæдз азмæ æввахс цæуы, уæддæр бирæ цæмæйдæрты сæ персонажтæ сты абоны студентты халдих: фæлварæнмæ бацæттæ кæнынæн ма сын не сфаг вæйййы иу бон; студент фæлварæны дыууæ исгæ нæ ракæны, ахуыргæнæг ын æй сæвæры; алцыдæр фæзоны, фæлæ цæмæндæр фæлварæны йæ зæрдыл ницыуал фæлæууы. Уæд дæр æмæ ныр дæр бæллиццаг усгуртыл нымад сты, сæ мыздæй уæлæмæ сæ къухы исты кæмæн æфты, уыдон æ.а.д.

Ис сæм хицæндзинадтæ дæр: ныры студенттæн сæ царды уавæртæ бирæ хуыздæр сты; ахуырыл зæрдæйæ чи у, уыдоны нымæц зынгæ фæкъаддæр; зонынц, диплом куы райсой, уæддæр сæ, цы дæсныйадыл ахуыр кодтой, уый, чи зоны, æппындæр ма бахъæуа, куыст дæр не ссардзысты…

Мелитоны сфæлдыстадыл дзургæйæ чидæр, йæ фыццаг уацмысты лæмæгъгомау бынæттæ дæр ис, зæгъгæ, афтæ бакодта. Æмæ уый æрдзон фæтк у, диссаг уаид, йæ фыццаг уацмыстæ фæстæдæр фыст уацмыстæй хуыздæр куы уаиккой, уæд.

Ахуыргæнæг уæвгæйæ, æз аивадон уацмысмæ кæсын, фыццагдæр, хъомылгæнæджы цæстæй, йæ хъомыладон ахадындзинад хынцгæйæ, æмæ мæ уырны, уыдон æвзонг чиныгкæсæгæн феххуыс уыдзысты адæймаджы бæллиццаг æмæ æнæзæрдæзæгъгæ миниуджытæ æмæ, хи бахъахъхъæнынæн цы уавæртæ хъæуы, уыдон уынынæн. Уырны мæ, Мелитоны уацмысты чиныгкæсæг чызджытæй исчитæ фендзысты, фыдæнхъæл сæ чи фæкæндзæн, уыцы «сæрæн» лæппуты (бирæ рæуæууæнк æвзонг чызджыты фæкæнынц фæсмойнаг рæсугъд рог машинæты рогсæр æмæ уæззаудзыпп хицæуттæ), лæппутæй та – бинонты æмæ йын адæмы раз йæ сæр чи æруадзын кæндзæн, уыцы саурæсугъдты.

Бæлвырд ма у иу хъуыддаг: фыссæджы уацмыстæ сты, нæ алыварс цы ис, уымæ лæмбынæгдæр кæсыныл ахуыргæнæн чингуытæ. Чиныгкæсæджы сцымыдис кæндзысты йæ радзырдтæ «Бынатыхицау», «Цымбæлас», «Æхсæвидар», «Бинонты трагеди», сæрмагонд бынат сæ æрдзы, царды диссæгты æрфыстæн кæй ис, уымæй.

Нигер Горькийы тыххæй афтæ загъта: «Дунетыл цæмæн нæ нæра йæ ном, ахæм адæмы уæхсчытыл чи лæууы». Уанеты Владимир дæр, Хостыхъоты Зинæйы сфæлдыстадыл дзургæйæ, зæгъы: «Хъыгагæн, бынтон чысыл адæм стæм, æмæ нæ хорз дунейы арæнтæм нæ ивылы, æндæра мæ фидарæй уырны, Зинæ куыд поэт дæлдæр нæу нæдæр Аннæ Ахматовайæ, нæдæр Марина Цветаева æмæ Белла Ахмадулинайæ…». Ахæм хъуыдытæн сæвзæрæн ис нæ фысджытæй бирæты уацмыстæ кæсгæйæ. Зæгъæм, Хъазиты Мелитоны бирæгъ-куыдз Алмас (уацау «Алмас») Джек Лондоны Урс ссырæй («Белый клык») æмæ Троепольскийы Сау-

хъус урс Бимæй («Белый Бим черное ухо»)-йæ дæлдæр не 'рлæудзæн. Мæ ныхæсты рæстдзинадыл æнцонæй сразы уыдзысты, æртæ уацмысы дæр чи бакаст, уыдон.

Алмас – бирæгъ-куыдз адæймаджы фыдæх фыццаг хатт хæрз чысылæй бавзæрста; йæ дзидзидарæг мады йын цуанонтæ куы амардтой, уæд. Амардтой йæ, йæ авд хъæвдыны хъахъхъæнгæйæ, арсимæ удуæлдай тохы уысм. Йæ «гыццыл мæстхæлд зæрдæ кодта фæркгай» йæхиуыл ын рæхыс кæй сæвæрдтой, сæрибарæй кæй райгуырд, уый йын кæй ницæмæ æрдардтой, ууыл (цуаноны бæсты йæ ныууагътой: куыдзы къæбылайы хуызæн тынгдæр фæкаст адæммæ). Уæдæй фæстæмæ йæ цыбыр царды бирæ мæстытæ баййæфта Алмас адæймагæй, уæлдайдæр ын йæ мады чи амардта, йæхи къæдзил æмæ йын хъустæ чи ныллыг кодта, уыцы Къуыбыррихийæ.

Бахъуыды кодта Алмас æндæр хатт дæр, сыхæгты лæгтæ æд хъилтæ, сагæйттæ æмæ дуртæ куыд лæууыдысты йæ алыварс, æгас хъæуы куыйтæ йыл куыд æрæмбырд сты, уый. Цингæнгæйæ æнхъæлмæ кастысты, куыд æй скъуыдтæ кæндзысты, уымæ...

Алмасы сæрыстырдзинад нæ бабыхста йæ иузæрдион æвзонг хицау Абысалы æнаххос æвзыст, фæтæргай æмæ алыгъд хъæдмæ. Фæзынд къуыриййы фæстæ знæт æмæ тыхстæй, рафт-бафт кæнгæйæ… Уалынмæ нызмæлыд зæхх. Ныкъæс-къæс кодтой хæдзæрттæ. Æрцæуинаг фыдбылыз, къæдзæхы фарсы ракалд, раздæр бамбæрста Алмас æмæ хабархæссæг фæцис йæ хицаумæ.

Афтæ бамбæрста бирæгъ-куыдз æндæр хатт дæр, зæй рацæуинаг кæй у, уый. Бæргæ архайы йæ бамбарын кæныныл, фæлæ йын нæ рауад, æмæ зæйы бын фæцис Амырхан, йе 'рыгон хицау Абысалы фыд. Алмасы руаджы йын базыдтой йæ бынат фæдисы адæм æмæ йæ ракъахтой, фæлæ лæг йæ къæхтыл нал слæууыд, йæ астæу асаст.

Бирæгъ-куыдз йæ зæрдæйы арфы хаты бинонтæн, адæмæн тас цæмæй у, уый. Бирæ хатт сын фæвæййы сæ фæллой, сæ намыс æмæ сæ цард хъахъхъæнæг, сæ ирвæзынгæнæг. Фæлæ адæм та, адæм! Йæ куыдзон сыгъдæг зæрдæйæ не 'мбары иу хъуыддаг: уый сæ ирвæзын куы фæкæны, уæд æм уыдон топпы дзыхæй цæмæн ракæсынц, æмæ та йæхи «æфсæнрæхысæй мæстæлгъæд», фæлæ ногæй сæрибар знæт «æлвæстгуыр Алмас» Цæгат-хъæды Æгомыг къæдзæхы уазæг бакæны. Фæлæ йæм ам дæр баххæссыд адæймаджы къух… Æмæ нæ бафæрæзта адæймаджы фæстаг цæфæн бирæгъ-куыдзы сыгъдæг зæрдæ.

Кæрæдзи хуыздæр æмбарынмæ сидты хъæрау у уацау «Фыдæмбæлæг» Сано». Уый у, абон, рахиз æмæ галиу хæццæгæнæн рæстæг, хъомылгæнинæгты сæ алыварс адæмы уынынил, сæ алыварс адæммæ хъусынил ахуыр кæныны мадзал.

Фыссæг йæ чиныгкæсæгæн фæдзæхсы: хæрз цыбыр у адæймаджы зæххон цард, æмæ кæрæдзийы зæрдæхудты ма цæуæм; æрдз кæд æнусон у, уæддæр æй хъæуы хъахъхъæнын. Райгуырæн бæстæ иунæг у, йæ зарæг фыццаг сулæфтæй фæстаджы онг адæймагимæ æмдзу кæны, нæ рох кæны зæрдæйæ.

Йæхицæн æмæ адæмæн уайдзæфы ахаст ис уацауæн йæ райдианы дзырднывæндæг хъæйтары философон хъуыдытæн адæймаджы сконды тыххæй: «Никуы нæ февдæлы. Æгæр мæгуыр нæхимæ дæр… нæхи æппæтзонæг фенхъæлæм, афтæмæй нæ сæртæ куыд фæзилынц, уый нæ фæхатæм…». Уыцы хатдзæгтæм æй æркодта, Санойы, кæнæ та йæ фæсаууонмæ куыд хонынц «фыдæмбæлæг» Санойы тыххæй йын æнцой цы æбæрæг «цыдæр» нæ дæтты, уый.

Фыццаг æркастæй хуымæтæг у уацмысы сюжет. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ чи райгуырд, уыдон ныр усгур лæппутæ æмæ чындздзон чызджытæ сты, суанг ма дзы цотджынтæ дæр ис. Уæддæр мад, хъæукkаг зæронд сидзæргæс ус, æнхъæлмæ кæсы йæ иунæг «æвæдсæфт» хъæбулмæ.

Йæ адзалы бонмæ сæфт хæстон хъæбулмæ æнхъæлмæгæсæг мады фæлгонц æцæгæлон нæу ирон цард, ирон аивад æмæ литературæйæн. Фæлæ дзы уæддæр Мелитоны «фыдæмбæлæг» Санойæн æмбал нæй. Ам ныййарæджы æрдхæрæны уарзтæй, йæ иунæг «æдзæмсæфт» хъæбулы сæфтыл нæ

баууæндынæй, уымæ æнхъæлмæ кæсынæй, уымæн, кæд æгас у, уæд бафхæрыны тасæй мадмæ фæзынд адæймаджы сконды зынбауырнæн æууæлтæй (феноментæй) иу – зæронд ус, цы у, уымæй æгасæй дæр къæрцхъусдзинад фестадис… Хъуысы йæм, адæймаджы хъус æрцахсынхъом цы уынæр нæу, уый. Иу сым дæр дзы нæ ирвæзы. Хицæн кæны хъæубæстæй алкæй йæ къахдзæфтæй цыфæнды дæрддзæфмæ дæр. Иуы къахайст ын иннæйы къахайстимæ нæ фæивддзаг уыдзæн.

Хъæубæсты, сыхы нæлгоймæгтæн карз уайдзæфау у Санойы иухатæнон дурын къуымæн йæ тыргъы рудзгуыты æрфыст дæр: «Амыты-уымыты йæ цъæл æвгты бæсты – хъæбæр гæххæтт æмæ фанеры гæбæзтæ æнарæхст хуыдтытæй».

Ахæм ныв фенæн уаид, Хуыцау бахизæд, нæлгоймаг кæм нал ис, ахæм ирон хъæуы. Æвæгæсæгæн, сидзæргæсæн æххуыс кæнын рагæй дæр уыд æмæ у ирон цардыуаджы хуыздæр фæтк. Уæдæ цавæр диссаг у, сæфт хæстоны зæронд ныййарæгмæ куыд ничи фæкаст? Цæмæн лидзынц адæм дæрдты æнамонд мады къæсæй?

Санойы диссаджы миниуджыты аххосаг, стæй йыл «фыдæмбæлæджы» ном цæмæн сбадт, уый сбæрæг вæййы уацауы кæрон.

Дыууæ æнусон знаджы – мад æмæ хæсты ныхмæвæрд æргомæй рацыд уацмысы кульминацийы – фыдæнхъæлфæуæг мады уавæры æрфысты: «Дыууæ стæгын къуырф къусæй мæм æрттывтой дыууæ зынджы стъæлфы. Æрттывтой уыцы иугъæдонæй, æнæфестъæлфгæйæ…», «…тарст цæстæнгас. Цыма сынтæджы дæр нæ хуыссыдис. Цыма мæм талынг къуымæй рахызт… Æмæ нырма ныртæккæ фæхатыдтæн, ус мæ размæ йæ сынтæгыл куыд рабадт йæ мæллæг цонджы ’нцой, куыд мæм уыд рагæпп кæнын æмæ мæ йæ мæллæг хъæбысы ныттухынæввонг».

Зæронд усы тарст дисы бафтыдта æрбацæуæджы. «Кæд мæ давæг фæхуыдта?» Фæлæ цы у, уал азы æнхъæлмæкасты амондджын фæстиуæгыл цы ныфсы таг фæхæцыд, уый аскъуынины тасы раз давæгæй фæтæрсын?!

Æмæ та ног йæ дудгæ бон базонæг мады уавæр: мæлæтдзаг фæлладæй хауд хъæлæсы дзуапп: «…дæ къахуынæр дын рагæй нал фехъуыстон. Мæ хъуыды дæ уымæн не ’рцахста. Цыдæр зонгæ мæм фæкаст... Уæддæр æй не ’рцахстон. Ноджы дуар барджыны хост куы ’рбакодтай... Мæ зæрдæ цалырдæм адзырдта. ... Зæгъын... уæд та, мæ уд Лæгты дзуары тæхæн базырты фæхъхъау фæци...

Цæссыг йе дзаг кодта цæстыты æмæ мæллæг уадултыл урс цæппузыртæй уад хъуызгæ».

Æвзонг уазæгæн хъысмæт сныв кодта æнамонд мады сусæгдзинад райхалын, рыст зæрдæйы хъæр фехъусын.

Бады сæрныллæгæй уазæг, «фыдæмбæлæг» Сано» та дзагъырдзаст æмæ ныфсмардæй хуыссыд уæлгоммæ.

Фæлæ нæ, уæд Мелитоны Сано Сано нæ уаид…

«Сано фестъæлфыд. Цæмæдæр ныхъхъуыста. Æрбакастис мæм. Бахудт.

– Дæ мад дæм агурæг рацæуы. Куыд фæдисæй ратындзы?–йæ цæстыты та ферттывта цыдæр ныфс.

Æз дæр айхъуыстон. Иу сым никуыцæй цыд. Æрбайхъуыст Гыццийы хуыфын.

– Цы хабар у? Куыд фæдисæй фæзындтæ?

– Сано дзы нæма systа йæ цæстæнгас...»

Сæхимæ здæхтысты фæсахсæвæрты. Сано, «фыдæмбæлæг» Сано та баззад иунæгæй. Иунæгæй нæ. Йе ’вæдсæфт хæстоны ’рыздæхыны ныфсимæ.

Цымæ цал хатты бауыдаид йæ хъæуккæгты бон Санойы рыст зæрдæ истæмæй балхæнын, йæ маст ын фæрогдæр кæнын! Фæлæ нæ! Уый хыгъд æнамонд мады номы фарсмæ æрбынат кодта æфхæрæн бæрæггæнæн. «Цымæ йæ фыццаг чи бафтыдта? Цæмæн? Ехх, адæм!..» – фæрсы фыссæг.

Афтæ фæвæййы уацау. Чиныгкæсæджы хъуыдыйыл бафтауы: цымæ фæкæсынхъуаджы иувæрсты никуы ахызтæн, цымæ барæй кæнæ æнæбары никæй бафхæрдтон, цымæ барæвдауын мæ бон кæй уыд, уыдонæй мын æнæрæвдыд ничи баззад…

Æвзонг чиныгкæсæджы ахæм хъуыдыты ахасты фæкæнын у Хъазиты Мелитоны уацау «Фыдæмбæлæг» Сано»-йыл ныхасæн дæр йæ нысан.

Бæркадджын у Мелитоны бавæрæн ирон литературæмæ. Фæстаг азты йын цы куыстытæ рацыд, уыдон сты: «Удæй зынаргъдæр – Сæрибар» (Хуссар Иры геноцидыл фыст уацмысты бæстон анализ), «Ирон литературæйы истори» (нырма уал йæ дыууæ хайы), «Ирон хæзна» (цыппар чиныгæй уал дыууæ чиныджы), монографитæ йе 'мдугон ирон фысджыты сфæлдыстадæй («Хъарæгæй зарын» (Нигеры сфæлдыстадон сурæт), «Нафи», «Поэты дуне» (Ходы Камалы сфæлдыстад), «Уарзаг зæрдæйы зарæг» (Кокайты Тотрадзы сфæлдыстад) æмæ æнд.

Йæхи уацмысты æмбырдгæндтæ дæр бацæттæ кодта æмæ сæ рауагъта мыхуыры.

Æххæст ранымад не сты Мелитоны сфæлдыстадон æвæрæнтæ. Афтæмæй та сæ нымæц бирæты дисыл æфтауы. Афтæмæй дзы диссагæй ницы ис, сæ аххосæгтæ сын мæ ныхасы райдайæны фæнымадтон. Фæлæ сæ сæйрагдæр аххосаг цы у, уый æнцон рахатæн у. Цыбыр дзырдæй, Хуыцаумæ уæлдай хæрзтæ нæй. Курдиат кæмæн ратты, ууыл уыцы хæрзиуæгимæ сæвæры хæс. Хæс та æххæст кæнын хъæуы, уæлдайдæр Æрдзы, Дунейы фарны раз. Æмæ фыссæг дæр кадимæ æххæст кæны йæ хæс.

*Литературæ:*


1. Возрастная и педагогическая психология/ Под редакцией А.В. Петровского. М.: Просвещение,–1973.

2. Рыбникова М.А. Очерки по методике литературного чтения. Пособие для учителя. – 4-е изд., испр. –М,: Просвещение, 1985. – 288 с.

***Куыдзойты Анжелæ,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг,***
***филологон наукæты кандидат***

# ФУНКЦИОНАЛОН СТИЛЬТЫ ÆВЗАГОН ХИЦÆНДЗИНÆДТЫ ТЫХХÆЙ

Литературон æвзаджы сæйрагдæр миниуджытæй иуыл нымад у, функционалон стильтæ дзы кæй ис, уый. Цы у функционалон стиль?

Ныхасæн йæ нысан цы у, цавæр хæстæ æххæст кæнынмæ тырны, уымæ гæсгæ дзурæг æвзары æвзагон мадзæлттæ (дзырдтæ, конструкцитæ); афтæмæй равзæрынц литературон æвзаджы сæрмагонд хихуызтæ – функционалон стильтæ. Ацы термин комкоммæ амоны, литературон æвзаджы хуызтæ цавæр миниуæджы бындурыл хицæн кæнынц, уымæ – сæ рольмæ, сæ функцитæм гæсгæ бæлвырд уавæрты.

Наукон куыстытæ, ахуыргæнæн чингуытæ, докладтæ фыстæуы наукон стилæй; уагæвæрдтæ, бардзырдтæ, суагъæтæ (протоколтæ) – официалон-хъуыддагон стилæй; газеты æмæ журналты уацтæ, радиорауагъды, телеравдысты ныхас у публицистикон; æнæофициалон уавæрты та пайда кæнæм дзургæ ныхасы стилæй.

Афтæмæй функционалон стильтæ, кæнæ ныхасы стильтæ, сты: наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон, дзургæ ныхасы æмæ аивадон. Дзургæ ныхасы стилæй фæстæмæ иннæтæ нымад сты чиныгон стильтыл, ома сæ пайда кæны фысгæ ныхас. Чиныгон стильтæй æппæты карздæр, «фидаргонддæр» у официалон-хъуыддагон стиль.

Ирон æвзаджы литературон формæ (æппæты уæлдæр формæ, æвзаджы фæзминаг хуыз) куы нæма уыдис, уæддæр дзы рахицæнгæнæн уыдис хицæн стильтæ, зæгъæм, дзургæ ныхасы стиль (æрвылбоны ныхас æнæ гуымиры дзырдтæй), адæмон-поэтикон стиль (йæ ирд хуызæгтæ сты ирон фольклоры уацмыстæ – кадджытæ, таурæгътæ æ.æнд.). Фæлæ чиныгон стильты равзæрд, кæй зæгъын æй хъæуы, комкоммæ баст у литературон æвзагимæ, кæд йæ ратæдзæн ирон дзургæ ныхасы, фольклоры ныхасы ис, уæддæр.

Алы функционалон стилæн дæр ис йæхи лексикон, морфологион, синтаксисон хицæндзинæдтæ

***Официалон-хъуыддагон стиль у,*** хъуыддаджы сферæйы чи æмбæлы (паддзахад æмæ адæмы ахастытæ, бæстæты, куыстуæтты, организациты 'хсæн ахастытæ), литературон æвзаджы ахæм хуыз.

Официалон-хъуыддагон стилæй фыст вæййынц ахæм документтæ:

– дипломатон (нотæ, деклараци, бæстæты 'хсæн бадзырдтæ, конвенци, меморандум, коммюнике æ. æнд.);

– закъондæттæг (закъонтæ, указтæ, граждайнаг æмæ уголовон акттæ æ. æнд.);

– разамынддæттæг (уагæвæрдтæ, бадзырдтæ, бардзырдтæ, курдиæттæ, характеристикæтæ, суагъæтæ æ. æнд.). Æркæсæм дæнцæгмæ.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы 20.. азы 5-æм сентябры æрбадты

***1-аг суагъæ***

Æрбадты нæ архайдтой кафедрæйы уæнгтæ:

доц. А-ты Б.,

доц. Б-ты Æ.

Боны фæтк:

*1. Кафедрæйы дисциплинæты кусæн программæтæ ныффидар кæнын.*

*2. Студентты наукон æмæ сфæлдыстадон къордты куысты пълантæ ныффидар кæнын.*

***Байхъуыстой: 1.*** *Кафедрæйы дисциплинæты кусæн программæтæ ныффидар кæнын.*

***Раныхас кодтой:***

*Кафедрæйы сæргълæууæг проф. Т-ты Х.: ...*

*Хистæр ахуыргæнæг К-ты И.: ...*

***Уынаффæ:***

*1. «Ныркконирон æвзаджы практикум»-ы кусæн программæйы тематикæ фæбæлвырддæр кæнын, сахæтты нымæц сраст кæнын.*

*2. Кафедрæйы дисциплинæты кусæн программæтæ ныффидар кæнын.*

***Байхъуыстой: 2.*** *Студентты наукон æмæ сфæлдыстадон къордты куысты пълантæ ныффидар кæнын.*

***Раныхас кодтой:***

*Литературон къорды разамонæг Хъ-ты Р.: ....*

*Лингвистикон къорды разамонæг К-ты И.: ...*

***Уынаффæ:***

1.

2.

Кафедрæйы сæргълæууæг: (къухæвæрд)

Нымæрдар: (къухæвæрд)

***Публицистикæ*** у литературæйы сæрмагонд хуыз, йæ хæс – æхсæнадон-политикон царды ахсджиагдæр фæрстытæ æргом кæнын, æхсæнадон хъуыды бæлвырд хуызы аразын.

Ирон публицистикæ фæзындис дыууынæм æнусы фыццаг азты. Йæ ратæдзæныл нымад у фыццаг ирон газет, йæ ном дæр раст афтæ хуынди – «Ирон газет» (1906 аз).

Раст зæгъгæйæ, ирон æвзагыл фыццагдæр ацы газет нæ фæзындис, йæ размæ ма мыхуыры цыдис иу газет, фæлæ уый публицистикæмæ ницы бар дардта. Ныхас цæуы дины газетыл – «Катехизаг таурæгътæ». Ацы газет йæхи æхцайæ, æнæ искæй æххуысæй уагъта, «Ирыстоны апостол» кæй хонынц, уыцы дины кусæг – архимандрит Иосиф (Чепиговский). Йæ уд хъардта ирон адæмы ахуыры фæндагыл сæвæрыныл, скъолаты нымæц фæфылдæр кæнын æмæ сæ ахуыры уавæр фæхуыздæр кæныныл. Уыимæ хорз æмбæрста, мадæлон æвзагыл мыхуыр ахуырады, рухсады хъуыддаджы цы стыр бынат ахсы, уый. 1878 азы уадзын райдыдта газет «Катехизаг таурæгътæ». Стыр зынтæй йын æнтыстис уыцы хъуыддаг: йæхæдæг куыд фыста, афтæмæй газетæн автор дæр уыдис, корректор дæр (уырыссаг мыхуыргæнджытæ ирон æвзаг нæ зыдтой, æмæ-иу Иосифы уыцы иу текст цалдæр хатты дæр бахъуыдис раст кæнын). Æдæппæтæй газетæй рацыдис 52 номыры, алы мæй дæр-иу мыхуыргонд æрцыдис куы дыууæ, куы æртæ, куы та цыппар номыры.

«Ирон газет»-ы фыццаг номыр рацыдис 1906 азы 23 июлы Дзæуджыхъæуы, Шуваловы типографийы. Газеты редакцийы уæнгтæ уыдысты зындгонд ирон фыссæг, поэт, æхсæнадон архайæг Гæдиаты Цомахъ, дохтыр Гæздæнты Дзыбын, Хъаныхъуаты Алмахситт, номдзыд ирон рухстауæг Æмбалты Цоцко, Кочынаты Сабан æ.ин.

Кæд ацы газеты царды фæндаг даргъ нæ рауадис – æдæппæтæй дзы рацыдис фараст номыры – уæддæр йæ кой уайтагъд айхъуыст, адæм ыл цин кодтой, æхсызгонæй йæ кастысты. Газеты æрмæджыты прогрессивон-демократон арæзт тынг цыдис хуымæтæг адæмы зæрдæмæ дæр æмæ раззагдæр интеллигенцийы зæрдæмæ дæр. Гæдиаты Цомахъ фыста: «В осетинских селах и аулах все чаще и явственнее раздавалось: «Газету, свою газету!..» Это сознавалось большинством интеллигенции и частью служащих и рабочих-осетин... Поздно вечером в субботу 22 июля набор уже был закончен и сверстан... Перед типографией собралась изрядная группа лю-

дей, ожидающих выхода газеты... К полуночи был готов первый номер осетинской газеты. Воскресенье, 23 июля 1906 года – памятная дата для осетинской периодической печати... Недолго просуществовала «Ирон газет», но это первое посеянное зернышко дало прекрасный всход. В осетинской трудовой массе уже крепко засела мысль о воле, глубоко пустило корни стремление к культуре, к свету, к национальному росту».

Газет йе 'ргом здæхта кусæг адæмы цардмæ, йæ тыхст æмæ йæ цинмæ. Иттæг разыйæ фыста, ранæй-рæтты кусджыты советтæ арæзт кæй цыдысты, уый тыххæй. Газеты кусджытæ рæгъмæ хастой æхсæнады царды алыхуызон цаутæ, сидтысты сæрибармæ, адæмты æхсæн хæлар цардмæ.

Фæлæ газеты революцион ахаст æппындæр нæ цыдис хицауады зæрдæмæ, æмæ йæ уайтагъд сæхгæдтой. «Ирон газет» та ногæй мыхуыры цæуын райдыдта 1917 азы.

1907 азы мартъийы мыхуыры цæуын райдыдта дыккаг ирон газет – «Ног цард». 75 номыры хицæн рубрикæты ныхас цыди иттæг ахсджиаг фæрстытыл: хицауады бардзырдтæ æмæ литературæ, æхсæнадон-политикон фæрстытæ æмæ хроникæ, театралон аивад æмæ медицинæ, хъæууон хæдзарад æмæ бæстæйы цард æ.а.д.

Дыууынæм азты ирон мыхуыры хъуыддаг зынгæ фæцырддæр ис, фæзындысты ног газеттæ: «Кермен» (1920 аз), «Рæстдзинад» (1923 аз), «Хурзæрин» (1924 аз) æ.æнд.

Ныртæккæ Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны ирон æвзагыл цæуынц республикон газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Хурзæрин», районты газеттæ (ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл), журналтæ Мах дуг», «Фидиуæг», «Ирæф», «Ногдзау».

Публицистикæйы хæс у, æхсæнадон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм хабæрттæ хъусын кæнын, сæ мидис сын æвзарын, фактæн æмæ фæзындтæн бæлвырд аргъ кæнын. Ома у культурон, политикон, æхсæнадон-экономикон ахастыты стиль. Йæ сæйраг нысан – адæмæн æхсæнадон информаци фехъусын кæнын æмæ сæ цавæрдæр идейæтыл, хъуыдытыл фæцалх кæнын, бæлвырд архайдмæ сæ сразæнгард кæнын.

Иу ныхасæй, публицистикæ æххæссы, алы адæймаг дæр цы фæрстытимæ сæмбæлы, æппæт уыдоныл – æхсæнады цард, экономикæ, экологи, культурæ æ. а. д. Уыимæ публицистикæ æрмæст хъусын нæ кæны цавæрдæр цауты, хабæртты, уавæрты тыххæй, – хъусæгмæ (кæнæ кæсæгмæ) сæвзæрын кæны æрмæст хъуыдытæ æмæ тыхджын æнкъарæнтæ.

Публицистикон ныхас у логикон, фæлгонцджын, æнкъарæнджын, аргъгæнæг, истæмæ сидæг. Пайда кæны æхсæнадон-политикон лексикæйæ, æгъдауы, этикæйы, медицинæйы, экономикæйы, культурæйы, психологийы æмбарынæдтæ æвдисæг дзырдтæй.

Публицистикон жанртæ:

1) очерк, уац, фельетон, репортаж (газетон жанртæ);

2) аналитикон программæ, информацион хъусынгæнинаг, диалог комкоммæ эфиры (телеуынынады);

3) æмбырды раныхас, быцæу (дебаттæ), куывд, тæрхоны раныхас (ораторы жанртæ);

4) очерк, хъусынгæнинаг, плакат, лозунг (рекламон).

Публицистикон æрмæг æххæст кæны дыууæ функцийы – информацион æмæ экспрессивон. Зæгъæм, телеравдыстытæ, газеты æмæ журналы уацтæ алывæрсыгæй æрдзурынц нæ царды хабæрттыл: парламенты хабæрттыл, хицауады экономикон программæтыл, алыхуызон цаутыл, фыдракæндтыл, æрвылбоны царды фæрстытыл æ. а. д. Цы хуызы нын æвдыст цæуынц уыцы цаутæ? Публицистикæ æрмæст сæ кой нæ кæны, фæлæ ма æргомæй æвдисы авторы (журналисты) хъуыды уыцы цауты тыххæй, йæ цæстæнгас, йæ мидуавæр, йе 'нкъарæнтæ. Ацы миниуæг хицæн кæны публицистикæ, зæгъæм, официалон-хъуыддагон информацийæ. Иннæ хицæндзинад та баст у уыимæ, æмæ публицист фыссы, фыццаджыдæр, йæ аудиторийæн цымыдисаг цы у, бæлвырд æхсæнадон къордтæн актуалон цы фæрстытæ сты, уыдоныл.

Публицистикон стилы æвзагон хицæндзинæдтæ.

***Лексикæйы***:

– клишетæ (экологион æдасдзинад, барадон паддзахад, фарст сæвæрын, уынаффæ рахæссын);

– эпитеттæ, метафорæтæ, абарстытæ (дуджы улæфт, рæстæджы домæнтæ);

– бæрзонд лексикæ æмæ хуымæтæг дзырдтæ (сфæлдисын, сфæлындзын, хъылма, нынтъухын);

– æрбайсгæ дзырдтæ (мониторинг, спикер, маркетинг, имидж).

***Морфологийы***:

– фыццаг цæсгомы мивдисджытæ (ныхас арæх фæцæуы авторы номæй, ома фыццаг цæсгомæй);

– ивгъуыд цаутæ æвдисгæйæ, нырыккон афоны мивдисджытæй пайда кæнын;

– уæлахизон бæрцы æмæ тыхджындæргонд (интенсивон) формæйы миногонтæ (æппæты хуыздæр, иттæг ахсджиаг, цъæх-цъæхид).

***Синтаксисы***:

– фылдæр æмбæлынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ;

– номхуындон хъуыдыйæдтæ, уæлдайдæр сæргæндты (фæззыгон сагъæстæ; рагон хабæрттæ, фыдæлты таурæгътæ);

– æнæххæст хъуыдыйæдтæ (зымæгмæ – цæттæ, ногæй та – æнæлыггонд фæрстытæ);

– бавæргæ арæзтытæ (…куыд фехъусын кодтой, афтæмæй; …куыд зæгъы, афтæмæй; …хъуыдымæ гæсгæ).

***Наукон стилæй*** фыст цæуынц наукон журналты æмæ æмбырдгæндты уацтæ, монографитæ, диссертацитæ, энциклопедитæ, дзырдуæттæ, ахуырадон литературæ, наукон докладтæ, лекцитæ, конференциты ранызхæстæ æ. æнд.

Ацы стилы сæйраг миниуæг у *логикондзинад*, хатдзæгтæ комкоммæ баст сты, тексты цы фактты кой ис, уыдонимæ. Хъуыдыйы райрæзт, йæ цыд æвдисынц фæрсдзырдтæ (*фыццаг, стæй, дарддæр),* бавæргæ дзырдтæ *(фыццаджыдæр, дыккаджы, æппынфæстаг, афтæмæй),* бæттæгтæ *(уымæн æмæ, цæмæй)* æ. æнд.

Æппæт наукон текстæ дæр арæзт цæуынц иу схемæмæ гæсгæ: йæ бындуры ис тезис – ома бамбарын кæнын, аргументты руаджы ныффидар кæнын кæй хъæуы, ахæм хъуыды. Наукон текст кæддæриддæр фæвæййы хатдзæгæй.

Иннæ миниуæг – *бæлвырддзинад*. Наукон тексты мидис цæмæй бæлвырд уа, уый тыххæй автор дзырдтæй пайда кæны сæ комкоммæ нысаниуæджы. Тексты арæх æмбæлынц терминтæ æмæ æндæр сæрмагонд дзырдтæ, дзырдбæстытæ. Фæлæ ацы стилæй æцæгæлон сты æнкъарæнджын дзырдтæ, нывæфтыд-аивгæнæн мадзæлттæ (метафорæ, метоними, персонификаци æ.æнд.), алыхуызон стилистикон фигурæтæ, диалектизмтæ æ.а.д.

Алы наукон текстæн дæр характерон у *абстрактондзинад*. Уымæ гæсгæ дзы арæх æмбæлынц абстрактон æмбарынæдтæ æвдисæг дзырдтæ (ирон æвзаджы ахæм дзырдтæ фылдæр хатт арæзт цæуынц фæсæфтуантæ *–ад* æмæ *–дзинад*-ы фæрцы: *æмбарынад, бæлвырддзинад, æнкъарынад* æ. æнд.); алыхуызон схемæтæ, графиктæ, таблицæтæ, формулæтæ.

Наукон стилæн ис грамматикон хицæндзинæдтæ дæр:

***морфологийы***:

– иууон нымæцæй бирæон нымæцы нысаниуæджы пайда кæнын (*Ирон радзырд æнгом баст у адæмон сфæлдыстадимæ*)

– арæхдæр æмбæлынц æнæххæст хуызы, нырыккон афоны мивдисджытæ (*Мивдисæг æвдисы архайд, дзуапп дæтты фæрстытæн цы ми кæнын? цы кæнын?);*

– миногмитæ, фæрссагмитæ, фæрссагмион здæхтытæй пайда кæнын (*Уæлдæр æвзæрст æрмæгыл æнцой кæнгæйæ, скæнæн ис ахæм хатдзæгтæ*…);

***синтаксисы***:

– хъуыдыйады мидæг дзырдтæн вæййы комкоммæ рæнхъæвæрд;

– тексты арæхдæр æмбæлынц вазыгджын хъуыдыйæдтæ;

– автортæ арæх пайда кæнынц бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæй (*махмæ гæсгæ, æнæмæнг, растдæр зæгъгæйæ, иуæй, иннæмæй, …хъуыдымæ гæсгæ*).

***Аивадон стиль*** у аив литературӕйы стиль. Ацы стилӕй фыст тексттӕ ӕвдисынц авторы хъуыдытӕ ӕмӕ ӕнкъарӕнтӕ, чиныгкӕсӕгмӕ ӕвзӕрын кӕнынц алыхуызон ӕнкъарӕнтӕ, йӕ цӕстытыл ын уайын кӕнынц цавӕрдӕр нывтӕ.

Аивадон уацмысты автортӕ пайда кӕнынц ӕвзаджы ӕппӕт лексикӕйы хъӕздыгдзинӕдтӕй, алыхуызон стильты фӕрӕзтӕй, се 'взаг у ӕнкъарӕнджын, фӕлгонцджын. Иннӕ стильты (публицистикон, наукон, дзургӕ ныхасы, официалон-хъуыддагон) аивадон уацмысты ӕххӕст кӕнынц алыхуызон хӕстӕ: иуӕй, ӕмбӕлынц цитатӕты хуызы тексты мидӕг, иннӕмӕй, бӕлвырддӕр кӕнынц уацмысы архайджыты фӕлгонцтӕ, дӕттынц сын бӕлвырд характеристикӕтӕ, аннӕмӕй та вӕййынц дуджы ӕвдисӕнтӕ.

Аивадон уацмыс, публицистикӕйӕ уӕлдай, комкоммӕ нӕ дзуры адӕймаджы, дунейы ахсджиаг фӕрстытыл. Уый йе 'ргом аздахы, фыццаг бакастӕй хӕрз чысыл ӕмӕ хуымӕтӕг чи зыны, царды ахӕм фӕзилӕнтӕм. Фӕлӕ уыцы «чысыл фӕзилӕнты» фӕстӕ фӕлӕууынц ӕхсӕнады, дунейы, адӕймаджы риссагдӕр, арфдӕр проблемӕтӕ.

Аив литературӕйы тынг бирӕ ис ӕрхъуыдыгонд уавӕртӕ, персонажтӕ, архӕйдтытӕ ӕ.а.д. Ацы миниуӕгимӕ баст у аив литературон уацмысы сӕйраг миниуджытӕй иу – тыхджын ӕнкъарӕнтӕ, нывӕфтыддзинад, фӕлгонцджын ныхас.

Куыд иннӕ функционалон стильтӕн, афтӕ аивадон стилӕн дӕр ис йӕхи ӕвзагон миниуджытӕ. Фысджытӕ, поэттӕ, драматургтӕ ирон ӕвзаджы хъӕздыгдзинӕдтӕй уӕрӕх пайда кӕнынц. Уыдон агурынц, сӕ хъуыды сын ирддӕр, аивдӕр, тыхджындӕрӕй чи равдисдзӕнис, ахӕм дзырдтӕ. Уымӕ гӕсгӕ ацы стилы арӕх ӕмбӕлынц синонимтӕ, антонимтӕ, бирӕнысаниуӕгон дзырдтӕ, ӕнкъарӕнджын дзырдтӕ ӕ. ӕнд. Терминтӕ ӕмӕ ӕндӕр сӕрмагонд дзырдтӕ ацы стилы ӕмбӕлынц царды иуӕй-иу сферӕты бӕлвырд уавӕртӕ ӕмӕ фӕзындтӕ равдисыны тыххӕй (зӕгъӕм, персонажы дӕсныйад равдисынӕн). Зӕгъын хъӕуы уый, ӕмӕ, иннӕ чиныгон стильтӕй уӕлдай, аив литературӕйы ӕмбӕлынц ӕрмӕст литературон ӕвзаджы мадзӕлттӕ нӕ, фӕлӕ ма хуымӕтӕг ныхасы ӕмӕ дзургӕ ныхасы элементтӕ дӕр. Уыдон нывӕфтыддӕр, ирддӕр кӕнынц аивадон ныхас.

***Дзургӕ ныхасы стилӕн*** дӕр йӕ бындуры кӕд литературон ӕвзаг ис, уӕддӕр иу-цасдӕр иппӕрд у иннӕ функционалон стильтӕй.

Кӕд чиныгон стильтӕ (наукон, официалон-хъуыддагон, публицистикон, аивадон) ӕмбӕлынц, фыццаджыдӕр, официалон уавӕрты ӕмӕ фысгӕ хуызы, уӕд дзургӕ ныхасы стилӕй та пайда кӕнӕм ӕнӕофициалон уавӕрты: бинонты ӕхсӕн, ӕмгӕрттимӕ, ӕрвылбоны цардыуагон ситуацити, ӕнӕофициалон профессионалон ахастыты ӕ.а.д.

Дзургӕ ныхасы стилӕн йӕ ном йӕ уӕлӕ ис – чиныгон стильтӕй уӕлдай, ӕвзаджы ацы хуызӕй пайда кӕнӕм дзургӕйӕ. Фӕлӕ уый афтӕ ӕмбарын нӕ хъӕуы, ӕмӕ йын фысгӕ формӕ ӕппындӕр нӕй – спайда кӕнӕн дзы ис, зӕгъӕм, фыстӕджы, адӕймаг йӕхицӕн кӕй фыссы, уыцы боныджы ӕ.а.д.

Иннӕ стильтӕй фыст тексттимӕ абаргӕйӕ, дзургӕ стилы тексты уӕлдай ирддӕр зыны ӕвзаджы коммуникативон функци, ома адӕмы ӕхсӕн ӕмбастдзинад саразыны функци.

Дзургӕ ныхас хонӕм литературон ӕвзаджы дзургӕ ӕдзӕттӕ формӕ. Фӕлӕ уыцы ӕдзӕттӕдзинад алкӕд ӕмхуызон нӕ вӕййы. Зӕгъӕм, дыууӕ адӕймаджы ӕнӕнхъӕлӕджы куы фембӕлой, уӕд сӕ ныхас уыдзӕнис бынтон ӕдзӕттӕ (ома рагацау нӕ бацӕттӕ кодтой сӕ дзуринӕгтӕ). Фӕлӕ ӕмбалмӕ, хионмӕ фыстӕг куы фыссӕм, уӕд фыстӕджы текстыл иу-цасдӕр ахъуыды кӕндзыстӕм. Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, уыцы фыстӕг ӕмӕ аивадон текст сӕ цӕттӕдзинадмӕ гӕсгӕ кӕрӕдзийӕ тынг дард лӕууынц.

Дзургӕ ныхасы стилы тексты сӕйраг миниуджытыл нымад сты ахӕмтӕ:

– ӕнӕофициалондзинад;
– ныхасы ӕдзӕттӕдзинад;

– æнæвербалон мадзæлтæй пайда кæнын: къухæвдыстытæй, мимикæйæ;

– ситуациимæ æнгом бастдзинад;

– æвзагон мадзæлтты хуымæтæгдзинад.

Дзургæ ныхасы сæйрагдæр у, «куыд дзурын», уый нæ, фæлæ, «цы дзурын», уый. Уымæ гæсгæ ацы стиль иннæтæй хицæн кæны йæхи сæрмагонд æвзагон миниуджытæй дæр.

***Фонетикæйы***: ацы стилы текстты ахсджиаг бынат ахсынц хъæлæсы уаг (интонаци), æрлæудтытæ (паузæтæ), ныхасы темп æмæ йæ ритм, логикон цавд. Аздахут-ма уе 'ргом уæхи ныхасмæ алыхуызон ситуацитыл, зæгъæм, урок дæттгæйæ, доклад кæсгæйæ, стæй ахуырты фæстæ æмбæлттимæ ныхас кæнгæйæ. Фыццаг уавæры уæ ныхасы хъæд уыдзæнис бынтон æндæр: алы мыр дæр дзурут æххæстæй, раст; уæ фразæтæ сты æххæст, æмбæлгæ уагыл арæзт; ныхасы темп та у рæстæмбис, цæмæй уæ хъуыды бамбарой ахуыргæнæг дæр æмæ иннæ студенттæ дæр, уый тыххæй. Бынтон æндæр вæййы уæ ныхас æнæофициалон уавæры: хатгай дзырдтæ кæронмæ загъд не 'рцæуынц, кæнæ та цавæрдæр дзырд цалдæр хатты фæлхатгонд вæййы, ныхасы темп тагъддæр, цырддæр кæй у, уый тыххæй иуæй-иу мыртæ æрбайсæфынц, «аныхъуырут» сæ.

***Морфологийы***:

– цæсгомон номивæджытæ *æз, ды, мах, сымах* тынг арæх цухгонд æрцæуынц, уымæн æмæ æмдзурджытæ хорз фæзонынц, ныхас кæуыл цæуы, уый;

– мивдисджытæ иннæ ныхасы хæйттæй арæхдæр æмбæлынц, уыимæ ивгъуыд æмæ суинаг афонты фылдæр æнæ цæсгомон кæрæттæй: æрбацыд, æрбацæудзæн, сбадт, ракаст, бахондзæн;

– сæрмагонд сидæн формæтæ: чызгай, усай, уæртæ лæппу, мæнæ лæг;

– арæх сты хайыгтæ (о, уæдæ, йæд, гъе), бавæргæ арæзтытæ (хæдæгай, æццæйнæ, æгонгæй);

– мивдисæджы фæдзæхстон здæхæны бæсты – бадзырдон здæхæн: бирæ кус – бирæ кусай, хорз цæр – хорз цæрай.

***Синтаксисы*** иттæг арæх сты:

– æнæххæст хъуыдыйæдтæ (Кæдæм? – Нæхимæ.);

– фарстон хъуыдыйæдтæ (Куыд у? Нæма цæуыс?);

– разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ (Цомма! Тагъддæр!);

– бабæтгæвазыгджын æмæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ (стæмдæр хатт пайда кæнынц домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй: Кæм уыди, уым æй нывæр. – Уым уыди, æмæ йæ нывæр. – Уым уыди, нывæр æй.)

Æркæсæм дзургæ ныхасы стилы текстмæ.

*– Ægac цæуай, Бибо. Цы хур, цы къæвда дæ… Ауылты куы никуы цыдтæ.*

*– Фæзынд, мæ хур. Ауылты мæ чи ракодта, ахæм хъуыддаг фæзынд.*

*– Æвæццæгæн та дæ мады хойæн истытæ æххуыс кæнынмæ…*

*– Уæдæ йын цы бакæнон?*

*– Йæ фырттæ, мæ хур, хъæу сæ сæрмæ нал хæссынц… Цы арæзтай Екъоимæ?*

*– Деддæ йæ уæрдоны цалх рахауд, æмæ йын æй бакодтон. (Къæбысты Зауыр)*

Диалогæй бæрæг у, дыууæ хорз зонгæйы кæй ныхас кæнынц, уый, ома ныхасы ситуаци официалон нæу, йæ темæ дæр – адæймаджы æрвылбоны цардæй ист. Диалоджы лексикæ иумæйагæй у нейтралон, фæлæ дзы ис хуымæтæг ныхасы дзырдтæ дæр (*арæзтай*, *деддæ*). Текст æнкъарæнджын кæнынц сидæн *мæ хур,* фразеологизм *цы хур, цы къæвда,* фарстон хъуыдыйад – риторикон фарст (*Уæдæ йын цы бакæнон?),* дзурæджы ахаст, аргъгæнæг фразæ (*хъæу сæ сæрмæ нал хæссынц*). Ныхасы уавæры хуымæтæгдзинад ирддæр кæны салам дæттыны хуыз *æгас цæуай* (*æгас цу*-йы бæсты), фарсты формæ (*цы хур, цы къæвда*). Хъуыдыйæдтæн сæ фылдæр сты хуымæтæг, се 'хсæн ис æнæххæст хъуыдыйæдтæ (Цы хур, цы къæвда дæ; фæзынд, мæ хур), æртæ вазыгджын хъуыдыйадæй дыууæ сты бабæтгæвазыгджын, иу – домгæвазыгджын.

**Уалыты Татьянæ,**
**ЦИПУ-йы доцент, филологон наукæты кандидат**

# КОЦОЙТЫ АРСЕНЫ АХУЫРАДОН-ХЪОМЫЛАДОН КУЫСТ

Коцойты Арсен бирæ хъарутæ бахардз кодта ахуырад æмæ рухсады фарстатыл. Арсены тынгдæр цы ´ндæвта, уый бæрæгæй зыны йæ уац «Ирон интеллигенцийы хæстæ»-йы (газ. «Закавказье», 1909, №220, 224, 226). Йæ адæмы фидæныл арф хъуыдыгæнæг уæвгæйæ, культурæйы рæзты ахсджиагдæрыл нымадта: ирон дамгъæуат æмæ фыссынад, ахуырад æмæ скъола, мадæлон æвзаг, чиныг уадзыны хъуыддаг, литературæ, театр æмæ а. д. Фыссæгмæ гæсгæ æппæт ацы хъуыддæгтæм хъус дарын у ирон интеллигенцийы хæс, кæцы «… хъуамæ хъомыл кæна адæмы, цæттæ йæ кæна культурæ æмбарынмæ. Ахæм куыстæн йе ´нтысты сæйраг уавæр ис уый мидæг, æмæ интеллигенци хъуамæ дард ма лæууа дзыллæтæй» (4, 224).

Адæмы хъомыл кæнынæн та сæйрагдæр сты скъола æмæ ахуырад. Ацы хъуыддагмæ Арсен æппæтвæрсыгæй кæй каст, уый бæрæг у йæ уацты сæргæндтæй дæр: «Школы в горных трущобах», «Всеобщее обучение», «По поводу начальной школы будущего», «Когда же, наконец?», «Общество народных чтений в деревнях» æмæ а.д.

Ирон сывæллæттæн фыццаг скъолатæ байгомыл тынг æхсызгонæй сæмбæлд Арсен. Фæлæ алы ран кæй нæ уыдысты, уый тыххæй арæх фыста. Газет «Хурзæрин»-ы 1924 азы, цыппæрæм номыры ис фыссæджы сæрмагонд уацхъуыд, Леуахийы комы æмæ Монастеры район скъолатæ кæй нæй, уый тыххæй. Уыцы аз газеты æхсæзæм номыры та фыста: «Леуахи у, 1071 хæдзары кæм ис, ахæм комбæстæ, æмæ уымæй талынгдæр бынат нæй æгас Хуссар Ирыстоны. Хорз хабар нæу, уым скъола кæй нæма ис, уый».

Хохы зындзæуæн рæтты цы сывæллæттæ цард, уыдонæн ахуыры фадат кæй нæ уыд, уый тыххæй мæнæ куыд зæгъы йæ уац «Школы в горных трущобах»-ы (газ. «Тифлисский листок», №77, 1909): «Горные трущобы на Кавказе могут быть неизвестны петербургским канцеляриям, но местное учебное начальство должно бы знать об их существовании и выработать для них особый тип начальных школ». Арсены хъуыдымæ гæсгæ, ахæм бынæтты байгом кæнын хъæуы скъола-пансионаттæ. Йе ´мдугонты мысинæгтæм гæсгæ, бирæтæ сæ сывæллæтты ахуырмæ нæ уагътой. Арсен хорз арæхстис ахæм ныййарджытимæ ныхас кæнынмæ, комкоммæ сæм-иу хæдзармæ бацыд, сæ цуры-иу æрбадт æмæ сын-иу бамбарын кодта сæ рæдыд.

Скъолайы ахуырады цы ахсджиаг проблемæтæ уыд, уыдоны фæрсты Арсен никуы ахызт. Бирæ азты дæргъы ирон сывæллоны йæ мадæлон æвзагыл кæй нæ ахуыр кодтой, уый стыр къуылымпыдзинæдтæм æркодта. Мæнæ куыд фыста Гасситы Афанаси дæр: «Начальные школы среди горцев явились лет 35 тому назад, но к ним относились равнодушно, потому что детей горских, не понимавших или плохо понимавших русский язык, обучали на этом языке, а не на родном» (2, 32).

Уый уыл нæ дзуры, æмæ ирон интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæ уырыссаг æвзаджы ныхмæ уыдысты. Дæнцæгæн æрхæссæм Байаты Гаппойы хъуыды, зæгъгæ, æнæ уырыссаг чиныг æмæ уырыссаг æвзаг мах хуыздæр цард не ссардзыстæм, уыдон нæ хъæуынц кæмдæриддæр, фæлæ «уырыссаг чиныгмæ ирон чиныг у гом дуар!»

Мадæлон æвзагыл ахуыр кæнын сабиты,

уый ахадындзинад ахуырады процессы Арсен æвæрдта бæрзонд, нымадта йæ «зонды мæсыг» самайынæн хъæугæдæр фæрæзыл. Райдайæн ахуырад мадæлон æвзагыл рацаразын уыд, нæ фыссæгмæ гæсгæ, сывæллоны рæзты сæйрагдæр мадзал. Фæлæ уыимæ фæзынд ног цæлхдуртæ дæр. Райдайæн кълæсты ахуыргæнæг сывæллонмæ йæ мадæлон æвзагыл хъуамæ дзура. Кавказы æппæт адæмыхæттытæн дæр нæ фаг кодтой кадртæ. Арсен йæ уац «Всеобщее обучение»-йы (газ. «Тифлисский листок», №91, 1909) фæндон хæссы, цæмæй Стъараполы семинарæй дарддæр ахуыргæнджытæ цæттæ кæной Цæгат Кавказы духовон семинарты дæр æмæ ма сын ноджыдæр Кавказы горæттæй иуы байгом кæной афæдзон курсытæ дæр. Кæд цыфæнды зын уыди, уæддæр ахуыргæнджытæ цæттæ кæнынил зæрдиагæй архайын кодта фыссæг. Уымæн æмæ «известно, что просвещение в народ лучше и легче проникает через людей из его же среды» (2, 32). Йæ развæдгæнæг Гасситы Афанасийау Арсен дæр раст афтæ хъуыды кодта.

Хъыгагæн, скъоладзауты зонындзинæдты фæндагыл чи хуыдта, уыцы ахуыргæнæг тынг зын уавæры уыд. Уымæн райдыдта Арсен йæ уац «Когда же, наконец?» (газ. «Тифлисский листок», 1999, №113) фæндырты цæгъдинаг цауæй: ахуыргæнæг Гаврилова зын царды уавæртæн нал бафæрæзта æмæ йæхи амардта. «И она права: учительство при настоящей постановке дела – ужасное чудовище, которое в короткое время живьем, без остатка, съедает человека», – зæгъы гуманист фыссæг йæ уацы. Райдайæн кълæсты ахуыргæнæгыл стыр хæс æвæрд уыди, домгæ дзы бирæ кодта æхсæнад, фæлæ йыл аудæг та нæ уыд. Цы чысыл мызд иста, уымæй йын цæрæн æмæ кусæн нæ уыд. «Учительство окружено такими условиями, что человеку, мало-мальски способному, не лишенному чувства самолюбия, невозможно долго оставаться на этой службе». Афтæ æркæсын кодта Арсен ахуырады кусджыты, абон махæн дæр æцæгæлон чи нæу, ахуыргæнæджы уыцы уавæрмæ.

Коцойты Арсен кæд культурæйы рæзтыл ахъаззаг тохгæнæг уыд, уæддæр иуæй-иу фæзындтæн, чи зоны æмæ, раст аргъ нæ кодта.

Скъолаты иронау ахуыр кæнынæн хъуыди дамгъæуат æмæ чингуытæ. Нæ фыссæгæн йæ зæрдæмæ нæ цыд Шегрены уырыссаг графикæйы бындурыл арæзт алфавит. «Исчи барæй куы сфæнд кæнид, кæсын æмæ фыссынæн æппæты зындæр æмæ æнарæхстдæр чи уа, ахæм абетæ саразын, уæддæр ын, гъада-гъа, бантысид ирон дамгъæтæй фыддæртæ æрымысын... Стыр оригинал уыд ирон дамгъæуат скæнæг», – фыста йæ уац «Ирон интеллигенцийы хæстæ»-йы (4, 222). Арсен аххосджынил нымайы Байаты Гаппойы, зæгъгæ, уый къуылымпы кодта «æнцондæр архайд» чи уыдаид, ахæм дамгъæтæ саразыны хъуыддаг.

Ирон адæмы царды æууæлтæ арф æмбаргæйæ, Гаппо, дамгъæуат аивынил чи дзырдта, уыдонæн мæнæ цавæр дзуапп дæтты: «Таким образом, у осетин имеется установившаяся, приобретшая в продолжение десятков лет право гражданства, азбука, в основание которой положен русский алфавит. Выгоды этой азбуки налицо: насущная потребность для всякого осетина знать русскую грамоту и язык. При существовании одной азбуки умение читать и писать одновременно на обоих языках значительно облегчается. Вопрос об азбуке поднимать уже не следует, стремиться заменить существующую азбуку другой не рационально, даже вредно в интересах самого дела» (1, 179).

Куыд уынæм, афтæмæй Арсенæй дæрддзæстдæр разынд Гаппо ацы хъуыддаджы.

Фæстæдæр ирон алфавиты тыххæй цы уац ныффыста («Ирон ног дамгъæты тыххæй», газ. «Рæстдзинад», 1923, №12), уым та йæ ныхас у латинаг алфавиты фарсхæцджыты ныхмæ. Уæлдай хъæугъа расайдтой Арсенæн йæ фельетонтæ: «Амарди Дубль Ве» (газ. «Хурзæрин», 1924, №12), «Дубль Ве æмæ æртæ филолоджы» (газ. «Рæстдзинад», 1923, №14). Цымыдисаг у Арсены дзуапп йæ ныхмæлæуджытæн: «Æлборы-фыртимæ нæ фыды фос иумæ

уаринаг нæу, хи хæрамдзинадæй æз уымæ ницы дарын. Æз дыууæ хатты æрлæууыдтæн Ælборы-фырты ныхмæ æрмæст Ирыстоны хъуыддæгты тыххæй. Фыццаг хатт уæд, хицау уæвгæйæ, Иры ахуыргонд адæмы ныхмæ куы ´рлæууыди æмæ бирæ афонты латинаг дамгъæтæ исын куы нæ уагъта. Дыккаг хатт ныр, Дубль Ве протоколы фыст фæци, зæгъгæ, фидар ныллæууыди: аивæн, дам, ын нæй. Уыцы дамгъæ та ирон æвзагæн бæзгæ нæ кæны. Адæмы хъуыдытæ та сæмхæццæ сты, æмæ чи чердæм æмæ куыд фысса, уый нал зоны» (4, 539-540).

Уæдæ-иу Арсен кæд хаттæй-хатт рæдыд, уæддæр йæ сæйрагдæр тох уыди æнцонархайд ирон алфавитыл. Уымæн æвдисæн у 1938-æм азы уырыссаг алфавитмæ йæ ног цæстæнгас.

Сывæллонæн йæ дарддæры рæзт аразгæ у, райдайæн къæсты цы зонындзинæдтæ райса, уыдонæй. Арсены рæстæджы цы иукъласон райдайæн скъолатæ уыд, уыдонæн сæ бон нæ уыд ахуырдзаутæн, куыд æмбæлы, ахæм зонындзинæдтæ дæттын. Ахуыр чи фæци, уыдон-иу цыбыр рæстæгмæ ферох кодтой сæ уæлæнгай зонындзинæдтæ. Царды алыхуызон хъуыддæгты, ахуыр чи нæ кодта, уыдонæй ницы хуыздæр арæхстысты. «Происходит это от того, что школа по неудачной постановке в ней дела и по краткости времени обучения, не приучает малышей к самостоятельности, не внушает им стремления к дальнейшему развитию, не дает им достаточно сильного толчка вперед», – фыста йæ уац «По поводу «Начальной школы будущего»-йы (газ. «Тифлисский листок», №99, 1909).

Арсенмæ гæсгæ, цæмæй скъола суа адæмы культурон рæзты сæйраг фæрæз, уый тыххæй хъæуы: «увеличить период обучения настолько, чтобы дети имели возможность достаточно полно и прочно усваивать преподаваемые им знания и, во-вторых, ввести в круг предметов начального обучения элементарные сведения из области права, элементарные сведения по гигиене и более обстоятельные сведения по новейшим приемам ведения сельского хозяйства». Фыссæджы ацы рæнхъыты рæстдзинад царды бæлвырдгонд раджы æрцыд, уымæ гæсгæ, зонындзинæдтæ райсынæн хуыздæр ахъаз цы дыууæкъласон скъолатæ уыдаид, уыдоны фæзындил æхсызгонæй сæмбæлд.

Арсен ахуырады раз цы домæнтæ æвæрдта, уыдонæй бирæтæ актуалон сты абон дæр, фаг æххæст нæма æрцыдысты нæ ахуырады ахсджиаг хъуыддæгтæ. Сæ бындурондæртæ сты мадæлон æвзаджы уавæр æмæ национ скъолайы хъысмæт. Абон дæр сыл тынг бирæ ныхас кæнынц, фæлæ хъуыддаг размæ нæ цæуы. Ам зæрдыл æрлæууынц Цæголты Георгийы рагон, фæлæ ахсджиаг хъуыдытæ: «Итак, повторяем, родного языка в некоторых школах нашей области совсем не существует в числе школьных предметов. Что же? Неужели жизнь не мстит за то, что осмеливаются нарушать ее требования, осмеливаются открыто совершать один из семи смертных грехов педагогики?» (7, 195).

Национ скъолайæн йæ бындур мадæлон æвзаг у. Коцойты Арсен стыр патриот уыди. Хорз æмбæрста, ирон адæмы фидæны мадæлон æвзагæн аккаг бынат куы нæ уа, уæд уый æххæст наци нæ уыдзæн. Уымæн карзæй тох кодта ирон æвзаджы уавæр фæхуыздæр кæнынил æмæ йæ сыгъдæгдзинадыл. Цымыдисаг у ацы хъуыддаджы Арсены чысыл фельетон «Ирыстоны нæуæг паддзах» (газ. «Хурзæрин», 1927, № 21).

Фыссæг худы, мадæлон æвзаг алыхуызон хæддзу дзырдтæй æнæхъуаджы арвистон чи кæны, уыдоныл. Джыккайты Шамилмæ гæсгæ, Арсен йæхæдæг дæр арæх пайда кодта уырыссаг дзырдтæй, фæлæ сын зыдта бынат, нысан æмæ бæрц.

Советон хицауад къаннæг адæмтæн дæр радта хи æвзагыл скъолатæ аразыны бар. Цæлхдурæвæрæг нæ, фæлæ ма сын фадатмæ гæсгæ æххуыс дæр кодта. Арсены тынг фæндыд, цæмæй ирæттæ хи æвзаджы руаджы адæмты культурæйæ хайджын уыдаиккой.

Фыссæг тынг зæрдæрисгæйæ дзуры, ирæттæ хи культурæ, хи хъуыддæгтæ ирон æвзагыл саразынмæ кæй нæ сарæхстысты, уый фæдыл. Мадæлон æвзагæн царды бы-

нат нæй, кусæндæтты хъуыддæгтæ арæзт цæуынц уырыссагау, адæмы се ´взаг цыма нæ хъæуы, сæхи уый хуызæн скодтой. Хъуыддаг размæ кæй нæ цыд, уымæн фыссæг рахатыд йæ сæйрагдæр аххосаг: «Лыстæг куы ´ркæсæм хъуыддагмæ, уæд æй бамбардзыстæм афтæ: нæ кусæндæтты бады дзæвгар уæрæседзаутæ æмæ къуыдиппытæ. Уыдонæн сæ фылдæр уырыссагау дыууæ дзырды дзæбæх кæрæдзийыл бабæттын нæ зонынц, афтæмæй ныззилынц: Какому чорта нацилизат! Моя нада на рускам! Плеват хочу!» (4, 465).

Арсенæн йæ зæрдæ цæуыл фæриссы, ахæм хъуыддагыл куы фæфыссы, уæд дзы мæлгъæвзагæн йæ кой дæр нал вæййы, уæндон æмæ тызмæг вæййы йæ ныхас кæсæджы раз: «Æз уый зæгъын, æмæ нæ кæд зæрдиагæй фæнды нæ бæсты хъуыддæгтæ нæхи æвзагыл аразын, уæд фыццаджыдæр хъуамæ рамæрзæм кусæндæттæй уæрæседзауты æмæ къуыдиппыты… кæцытæ кæнынц ирон æвзагыл «плевать» 4, 465 – 466).

Фыссæг-рухстауæг ирон интеллигенцийы дысвæлдæхтæй цы ахсджиаг хъуыддагмæ æвналын кодта, уый абон дæр нæма бантыст сæххæст кæнын. Æмæ нæм уæд, иуæрдыгæй арфдæр бахъарынц йæ зындгонд карикатурæйы рæнхъытæ:

– Габо, Уæрæсейæ куы ссыдтæ, уæдæй фæстæмæ дæ сыгъдæг иронау дзургæ никуы федтон... Цæй тагъд дæ ферох ирон æвзаг, дыууæ азы йеддæмæ Уæрæсейы куынæ фæдæ?

– Не понимайт... Моя чалавик ученай… Моя твоя шалтай-балтай осатинцкай не лубит!..

Иннæрдыгæй та зæрдыл æрлæууы стыр фыссæджы зæрдæсаст хатдзæг: «Хъаруджын адæм уæвгæйæ... Ирон адæм... никуы зыдтой сæ зонд, сæ тых баиу кæнын».

Фыссæг ирон æвзаджы сыгъдæгдзинадыл куыд тох кодта, афтæ æнæрынцойæ хæцыд иу литературон æвзаджы фарс дæр. Уый охыл фыст сты сæрмагонд уацтæ: «Нæ сæфты хъаугъа» (газ. «Хурзæрин», №27, 1927), «Ноджы ма нæ сæфты хъаугъайы тыххæй» («Хурзæрин», №30, 1927).

Паддзахы рæстæджы чысыл адæмтæн канд хи æвзагыл литературæ аразын нæ, фæлæ хатт дзурыны бар дæр нæ уыди. Советон хицауад сын цы уавæртæ æмæ бартæ радта хи æвзагыл культурæ саразынæн, уыдонæй, Арсенмæ гæсгæ, ирон адæм дæр хъуамæ спайда кæной.

20-æм азты ирон литературон æвзаджы тыххæй цыди быцæутæ. Тыбылты Алыксандр фыста, цæмæй национ литературæ арæзт цæуа иу диалектыл. Къосирати Сæрмæт домдта дыгурон диалектыл дæр литературæ уадзын. Арсен хæцыд Тыбылты Алыксандры хъуыдыйыл, ома фæйнæрдæм хæцгæйæ нæ, фæлæ æмдыхæй аразын хъæуы иу литературæ иу диалекты бындурыл.

Литературон æвзаджы тыххæй цы быцæутæ цыди, уыдоны ныхмæ фыст у Арсены чысыл фельетон «99 æви 100?» (газ. «Рæстдзинад», №8, 1928). Фыссæг худы, иу литературон æвзаджы ныхмæ чи уыд, хицæн диалекттыл иу литературæ аразынвæнд чи кодта, уыдоныл. «Æз дæр, раст зæгъгæйæ, разы нæ дæн 99 æвзагыл. Æз хæссын æмбырдмæ ног ныхас: мах хъæуы 100 æвзаджы. Æнæ 100 æвзаджы махæн цæрæн нал ис. 100... 100!... Уымæн йæ уæз бирæ у!» – ахæм худæг уайдзæфы хуызы фæвæййы йæ фельетон (4, 268).

Йæ уац «Ноджы ма нæ сæфты хъаугъайы тыххæй»– йы фæдзæхсты хуызы зæгъы, зæгъгæ, ирон адæм «иууылдæр иумæ армыдзаг уæвгæйæ, иу æвзагыл дзургæйæ, сæ культурæйы фæндæгтæ фæхицæн кæныны фæнд куы скæной, уæд уый уыдзæн стыр рæдыды фæнд, уыдзæн сæфты фæнд æгас Ирыстонæн, ахæм фæнд, – ирон чиныгæн, ирон æвзагæн æппындæр сæ кой куыд нæ уал уа» (4, 538). Арсены ацы рæнхъытæ абон махæн дæр стыр зонд – зонæн хъуамæ уой.

Арфæйаг куыст кодта Коцойы-фырт цæрæнбонты. Зæрдиагæй архайдта ирон æвзагыл газеттæ, журналтæ æмæ чингуытæ мыхуыры уадзыны хъуыддагыл. Адæмы культурон рæзты сын стыр нысаниуæг лæвæрдта. Æвæццæгæн, Байаты Гаппо дæр Арсены хуызæтты тыххæй фыста: «Немногочисленная горская интеллигенция приходит уже к тому несомненному убеждению,

что никакого просветительского воздействия на земляков она оказывать не в состоянии без родного печатного слова» (4,178).

Мыхуыры куыстмæ аккаг фæллой бахаста Арсен йæхæдæг дæр. Журнал «Æфсир»-ы фыццаг номыры кæсæм: «Чиныг цы адæммæ нæ уа, уый талынджы цæуæджы хуызæн у. Талынджы цæуæг куы йæ къах истæуыл скъуыры, куы та йæ ных истæуыл сцæвы, афтæмæй фыдæбон кæны. Алы чиныг, алы мыхуыргонд ныхас у адæмæн цырагъ æмæ, нæ дард талынг фæндагыл цæттæдæр цæмæй уа, ахæм рухс». Æхсызгонæй æмбæлд алы ног чиныг, журнал æмæ газеты фæзындыл дæр. Стыр уыд, фыссæджы хъуыдымæ гæсгæ, сæ нысаниуæг æхсæнады рæзты. Уымæн нымайы чиныгуадзæны куыст – «ирон адæмы культурон царды сæйраг фæрæзыл». Фæлæ Ирыстоны ацы арфæйаг хъуыддаг нырма тынг лæмæгъ уыди. Арсенмæ гæсгæ, æрмæст интеллигенцийы бон у хъуыддагмæ ныфсджынæй, мулк рамбулынмæ æнхъæлмæ нæ кæсгæйæ, бавналын. «Æмæ тох кæны Иры интеллигенци, фæлæ, хъыгагæн, йæ куысты зыны фæйнæрдæм хæцыны фыдбылыз» (4, 225).

Мыхуыры куыстæн йæ хæрзæбоны нысантæй дарддæр фыссæг уыдта йæ къуылымпыдзинæдтæ дæр. Йæ зæрдæмæ нæ цыд, Ирыстоны цалдæр рауагъдадон æхсæнады кæй уыд, уый. «Раст зондыл хæст чи у, уыдонæй алчи дæр хъуамæ уына: Ирыстон æгæр чысыл у æртæ рауагъдадон æхсæнады дарынæн, фæлæ фаг стыр у иуæн, суанг егъау рауагъдадæн дæр. Æртæ æхсæнады куы баиу уаиккой, уæд, æнæмæнг, хъуыддаг фæрæстмæ уаид» (4, 222-223), – зæгъы дарддæр йæ уацы. Уый нæ нысан кæны, æмæ газеттæ æмæ журналтæн сæ нымæц фылдæр кæныны ныхмæ уыд. Сæ уадзынæн нырма уавæртæ кæй нæ уыд, ууыл уыд йæ ныхас: «Нæ нымæц куы ˊххæссид, нæ культурон тыхтæ фаг куы уаиккой, нæ фадат æмæ нæ къух куы амониккой, уæд зæдтæ æмæ дауджыты бафæндæд, сæдæ нæм газеттæ куыд уа, сæдæ нæм журналтæ куыд уа!» (4, 469).

Арсены рæстæджы мыхуыры цы журналтæ æмæ газеттæ цыди, уыдонæй иуæн дæр бирæ цæрæнбон нæ уыд. Раст зæгъгæйæ сæ æлхæнæг æмæ кæсæг дæр фаг нæ уыди. Байхъусæм-ма фыссæгæн йæхимæ дæр: «Культурон адæймаг чиныг æмæ газетыл хардз кæны, уæлдай йын чи нæу, уыцы æхца дæр, культурон чи нæ у, уый та йæ уæлдай суари дæр ратдзæн цæуыл-фæнды, æрмæст дзы нæ балхæндзæн газет, уымæн æмæ йæ æппындæр ницæмæн хъæуы» (4, 224).

Уæлдæр ранымад цæлхдуртæ аиуварс кæныны хъуыддаджы, Арсенмæ гæсгæ, активон архайæг хъуамæ уа ирон интеллигенци. Уый хъуамæ цæттæ кæна адæмы «культурæ æмбарынмæ», мыхуыры куыстæн та сæвæра «фидар бындур», æрмæст «иумæ, æмдыхæй, æмзондæй».

Фæлæ, хъыгагæн, нудæс азы фæстæ фыст уац «Иугæйттæй... Хицæнтæй...»-йы дæр йæ катай ацы ахсджиаг фарстайы фæдыл нæ фæкъаддæр. Хуссар æмæ Цæгатæн цы «культурон иудзинадмæ» бæллыд фыссæг, уый размæ нæ цыд, хицæн газеттæ æмæ журналтæ уагътой Ирыстоны дыууæ хайы дæр. «Рагæй бæллыдыстæм хи æвзагыл чиныгмæ. Æрцыдис уый фадат. Хицауад ма æххуыс дæр дæтты мыхуыры хъуыддагæн. Махæн, ирон адæмæн, уыцы æххуысы дæр ницы бæркад ис, уый тыххæй, æмæ та нæ фæнд, нæ дзырд баиу кæнынæн ницы фæразæм» (4, 468). Дардмæуынаг фыссæг зыдта экономикæйы ægъдау, «къазна мыггагмæ нæ мыхуыры хъуыддагæн æхца нæ дæтдзæн, æмæ ныры хуызæн галиу фæндагыл куы лæууæм, уæд тынг тас у уæгъд ихыл аззайынæй, тас у, нæ газеттæ æмæ журналтæ иу фыд бон дзыхълæуд куы ныккæной» (4, 470). Абон мах нæхи цæстæй уынæм ирон чиныг, журнал æмæ газеты уавæр.

Мадæлон æвзаг, литературон æвзаг, ирон мыхуыр æмæ чиныг... кæрæдзийы не ˊмбарын уыдысты раздæр дæр æмæ абон дæр нæ царды сагъæссагдæр фарстатæ.

Цымыдисаг у æппæт ацы хъуыддæгтæн Арсены аллегорион хуызы дзуапп йæ таурæгъ «Сæгъ æмæ чиныджы». Хорз рахатыд ацы аивадон «хиндзинад» Мамиаты Изетæ. Уый фыссы, зæгъгæ, «Арсены уацмысы чиныг канд литературон æвзаджы

хъысмæты символ нæу. Ирдæй дзы хатæм æмткæй рухсмæ, ахуырдзинадмæ æмæ уый бындурыл сырæзгæ национ иудзинадмæ сидыны аллегори» (6).

Фыссæг сатирикон фæрæзтæй ныв кæны, æртæ æфсымæрмæ царды хæзнатæй цы стыр хæрзиуæг æрхауд – чиныг, уый бахъахъхъæнын куыд нæ базыдтой, уый. Фыццаг хатт нозты азарæй фæхауæггаг чиныг сæ къухтæй, дыккаг хатт та кæрæдзи нæ бамбæрстой. «Нæ уыдзæн сымахæн иу чиныг дæр! – загъта Буддæ æмæ сызгъæрин асиныл уæларвмæ сфардæг ис». Ахæм кæронæй цыма Арсен йæ фæстагæтты фæдзæхсы æртыккаг хатт рæдыд æруадзынæй. Рæдыдæн та алы хатт сраст кæнæн нæ вæййы. Афтæ фыссæг йæ уацмысы аллегори æмæ символон фæлгонцты æххуыссæй ирон адæмы раз æвæры национ сæрибар æмæ иудзинады, национ химбарынады ахсджиаг фарстатæ; чиныг æмæ ахуырдзинады егъау нысаниуæджы аккаг уæвынмæ сæм сиды.

*Литературæ:*


1. Баев Г.В. Осетинская письменность// Антология педагогической мысли Северной Осетии. – Владикавказ: Ир, 1993.

2. Гассиев А.А. Школьное дело среди горцев//Антология педагогической мысли Северной Осетии. – Владикавказ: Ир, 1993

4. Коцойты А.Б. Уацмыстæ. 2 том. Орджоникидзе: Ир, 1972.

5. Коцойты А. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1991.

6. Мамиаты И.В. Арсены сæрмагонд аивадон мадзæлтты тыххæй // Мах дуг, 1997. №7.

7. Цаголов Г.М. Родной язык является одним из самых главных условий//Антология педагогической мысли Северной Осетии.– Владикавказ, 1993.

8. Цæгæраты М.Н. Æнустæм баззади йæ ном//Рæстдзинад. – 1972. – 12 январь.

***Куыдзойты А.Ф.,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг***

***Къæззаты З.М.,***
***ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы магистрант***

# ДЗЫРДТЫ РÆНХЪÆВÆРДЫ ЭКСПРЕССИОН ФУНКЦИЙЫ ТЫХХÆЙ

Цавæрфæнды ныхасæн дæр йæ сæйраг миниуæг у йæ индивидуалон характер. В. фон Гумбольдт куыд загъта, афтæмæй «каждый индивид употребляет язык для выражения именно своей неповторимой самобытности», уыимæ ам зындгонд ахуыргонд æвзаг æмбары куыд «средство преобразования субъективного в объективное» [1, 90].

Ныхасы субъективондзинад сбæлвырд вæййы ахæм хуызы: ныхасæн ис автор; йæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ равдисыны тыххæй автор равзары бæлвырд дзырдтæ æмæ хъуыдыйады структурæтæ, æвзаджы иуæгтæн дæтты ныхасы нысаниуæг æмæ сæ бæтты æцæгдзинады бæлвырд объекттимæ. Дзурæг кæнæ фыссæг ацы хæстæ æххæстгæнгæйæ равзары коммуникацийы æмæ бастдзинады цавæрдæр хуыз: фамильярон, официалон, комкоммæ, фæрссаг, æнæрвæссон æмæ æндæртæ. Афтæмæй вербалон хидарынад, ома ныхасы мидæг йæхи куыд дары, уый у адæймагæн йæ сæйрагдæр, бындурондæр æууæлтæй, характеристикæтæй иу.

Ныхасы алыхуызон типтæн ис фæйнæ æмæ фæйнæ хуызы субъективондзинад. Ныхас æххæст кæны алыхуызон функцитæ, пайдагонд цæуы алы социалон сферæты. Йæ бон бирæ варианттæ аразын кæй у, уымæ гæсгæ арæхсы йæ хæстæм æмæ йæ уæвынады, йæ архайды уавæртæм. Ныхасы фæзындтæ аразынц бæлвырд, типизацигонд системæтæ – функционалон æмæ индивидуалон стильтæ, кæцытæ хицæн кæнынц сæ лексикæ æмæ, хатгай, сæ грамматикæйæ дæр; стæй ма ахæм миниуджытæй дæр, куыд хъуыдыйады дæргъ, коммуникативон хæстæ, мидисон æххæстдзинад, ныхасы информативон æххæстдзинад, йæ оригиналондзинад кæнæ цæттæ конструкцитæй – клишетæй пайдакæнынад æмæ афтæ дарддæр.

Дзурæг йæ размæ цы хæстæ æвæры, уымæ гæсгæ рахицæнгæнæн ис ныхасы мидæг цалдæр аспекты: информативон (исты ног хабар фехъусын кæнын), экспрессивон (цавæрдæр æнкъарæнтæ, эмоцитæ æвдисын), «миддунеон» (дзурджыты 'хсæн ахастытæ сбæлвырд кæнын), хъазтон (хъусæджы æрхъуыдымæ, фантазимæ, эстетикон æнкъарынадмæ арæзт) æмæ æнд. Хатгай ацы аспекттæ фæхицæн вæййынц æмæ саразынц хицæн ныхасы жанртæ. Кæрæдзийæ хицæн кæнынц æрмæст сæ нысантæй нæ, фæлæ ма дзурджыты коммуникативон хæстæй æмæ рольтæй дæр, стæй ныхасы арæзтæй, синтаксисон структурæтæй, репликæты бастдзинады хуызтæй æмæ æнд.

Ныхасы хуызтæй æппæты æнкъарæнджындæр у дзургæ ныхас. Уыцы «æнкъарæнджын ахуырст», экспрессивондзинад сæвзæрын кæныны мадзæлттæн та сæ сæйрагдæртæй иу – дзырдты рæнхъæвæрд. Æркæсæм уыцы процессы (æнкъарæнджын кæныны) иуæй-иу

фæзындтæм. Дзургæ ныхасы сæйрагдæр миниу-джытæй иу у йæ æдзæттæдзинад. Ома дзургæ-дзурын адæймаг раздæр бацæттæгонд конструкцитæй нæ пайда кæны, фæлæ уыцы иу рæстæг кæны дыууæ куысты – аразы хъуыдыйæдтæ æмæ сæ дзуры. Уымæ гæсгæ, ахæм уавæры цы хъуыдыйæдтæ арæзт цæуынц, уыдонæн ис сæхи хицæндзинæдтæ.

«В области порядка слов разговорное начало проявляется прежде всего в обилии таких построений, в которых линейные отношения между компонентами высказывания отражают не иерархию существующих между ними синтаксических связей, как, например, при отсутствии актуального в письменной речи, а последовательность появления представлений в сознании говорящего» [3, 221].

Уымæ гæсгæ фразæйы райдайæны фæлæууынц, дзурæгмæ сæйрагдæр чи фæкæсы (æмæ йæ хъуыдыйы раздæр чи сæвзæры), уыцы æмбарынæдтæ æвдисæг дзырдтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм хъуыдыйæдтæн вæййы эмоционалон, æнкъарæнджын фæлгонц. Кæд чиныгон-литературон ныхасы стилистикон æгъдауæй нейтралон варианттæн ис хæрдмæдзу интонаци (ома хъæлæсы уаг фразæйы райдайæнæй астæумæ уæлдæргæнгæ цæуы), уæд дзургæ ныхасы фразæты та экспрессивон варианттæн сæ акцентты тых райдайæнæй кæронмæ лæмæгъдæргæнгæ цæуы, кæнæ та йын вæййы фæлгæтон структурæ (ома хъæлæсы уаг бæрзонддæр вæййы фразæйы райдайæны æмæ кæроны, йæ астæу та – ныллæгдæр).

*<u>Æмбарын</u> дæ æз... хорз дæ æмбарын (Хæмыцаты Ц.).*

*Нæ, <u>нæ</u> <u>балхæндзынæн</u> уыцы аргъæй, зынаргъ у (Аргъау).*

*<u>Нал ис</u> æгасæй фæстæмæ æмбыд цъымарамæ ныххизæн, – сдзырдта та фидарæй... (Мамсыраты Д.)*

Ахæм хъуыдыйæдты хицæнгонд цæуы сæйраг хай – ремæ (ног информаци хæссæг хъуыдыйады хай). Уый æвæрд вæййы фразæйы райдайæны. Растдæр зæгъгæйæ, дзургæ ныхасы дзырдты рæнхъæвæрдæн йæ сæйраг хæс хъуыдыйады актуалон дихдзинад (йæ дих темæ (зындгонд хай) æмæ ремæйыл (ног хай) æвдисын нæу, фæлæ у хъуыдыйады цы æмбарынæдтæ ис, уыдон кæрæдзи фæдыл куыд фæзынынц, уый равдисын. Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй дзургæ ныхасæн типикон у ахæм дзырдты рæнхъæвæрд: ремæйæ темæмæ, ома субъективон, инверсигонд рæнхъæвæрд.

*Сидзæрæй баззадтæ дæ чысыл рæстæгыл,*

*Сидзæрæй баззадтæ дæ мæгуыр мады 'вджид!... (Къубалты А.)*

Абарæм комкоммæ рæнхъæвæрд:

*Дæ чысыл рæстæгыл сидзæрæй баззадтæ,*

*Дæ мæгуыр мады 'вджид сидзæрæй баззадтæ.*

Ремæ темæйы разæй æвæрд æрцæуы диалогон ныхасы дæр. Ам раныхас арæзт цæуы фарст æмæ дзуаппы хуызы, уыимæ фарст феххæст кæны темæйы функци (ома дыууæ дзурæгæн дæр зындгонд чи у, ахæм цæуылдæр дзы ныхас фæцæуы), дзуапп та – ремæйы функци, æмæ сæйраг цавд фæхауы фарстон дзырдыл:

*– <u>Цы</u> базыдтай? <u>Цы</u> радзырдтай?*

*– <u>Цы</u> сын загътат, уымæй уæлдай ницы (Брытъиаты Е.).*

Дзургæ ныхасы хуыз цы конструкцитæн ис, уыдон æмбæлынц диалоджы æмæ радзырды – таурæгъы, æнæкомкоммæ ныхасы, – иудзырдæй, литературон хъайтары ныхас æвдисæг дзурыны формæты. Ахæм хъуыдыйæдтæ æххæст кæнынц вазыгджын функцитæ: æмбæлынц мидмонолог аразгæйæ, хъайтары мидхъуыдытæ æвдисгæйæ. Мидныхас дзургæ ныхасæй дæр дарддæр у литературон-чиныгон ныхасмæ, уымæ гæсгæ ам ноджы ахадгæдæр сты дзургæ ныхасы конструкцитæ – стилистикон нысантæ:

*«Адæймаг... Цы у адæймаг? – хъуыды кодта Баде. – Цы тых æм ис? Цы бакæнын йæ бон у? Гъы, цы дæн æз? Фæлæ адæймæгтæ дæр æмхуызон не сты. Ис ахæмтæ, æмæ ... мæхуызæттæ чи нæу...» (Тугъанты Б.)*

Актуализацигонд (ома фразæйы размæ, сæйраг хайы хуызы хаст) æрмæст ремæ нæ цæуы, фæлæ ма, темæ æмæ ремæйыл чи нæ

дих кæны, ахæм хъуыдыйæдты сæйраг хай дæр. Сæйрагыл ам нымайæм, дзурæгмæ информативон æгъдауæй вазыгджындæр чи кæсы, уыцы дзырд.

*Мæлыны къахыл ныллæууыд Челе (И.Æрнигон). Æмæ йæ фыны уыны Данел... (Хъаныхъуаты И.). Арагуыйы доны сæр Ганисы хъæу хуыссы... (Гæдиаты С.).*

Ахæм хъуыдыйæдты размæ (препозицимæ) хаст æрцæуы, тыхджындæр акцент кæуыл ис, уыцы дзырд. Куыд уынæм, афтæмæй ахæм дзырды ролы вæййынц æххæстгæнæнтæ, зæгъинæгтæ, амад зæгъинаджы номон хæйттæ, сæйраттæ, фадатон дзырдтæ, ома хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ дæр.

Куыд зонæм, афтæмæй хъуыдыйады структурон хай у дзырдбаст дæр. Уымæ гæсгæ актуализацигонд (сæрмагонд цавд хæссæг) вæййынц дзырдбасты уæнгтæ дæр. Ацы фæзынд баст у дзырдты рæнхъæвæрды иу функциимæ – «когда порядок слов является сопроводительным элементом синтаксических отношений, т.е. синтаксические конструкции, организованные по определенному типу связи слов, отличаются привычным и более или менее устойчивым расположением своих компонентов (например, в словосочетаниях). Такой устойчивый порядок слов является нормой лишь в тех случаях, когда словосочетание функционирует в предложении как цельная единица, т.е. входит полностью в один из компонентов актуального членения»[2, 73].

Фæлæ дзырдбаст аразæг дзырдæй иу темæмæ куы фæхауы, иннæ та – ремæмæ, уæд сæ бæлвырд рæнхъæвæрд фехæлы, æмæ сæ равгон (ома арæхдæр кæм фæлæууынц, ахæм) бынæттæй фæцух вæййынц, сæ иу актуализацигонд æрцæуы (фæхауы йыл сæрмагонд цавд, фразæйы сæйрагдæр дзырд свæййы). *Рацу дын зæгъын дзæбæхæй. Цалынмæ се 'ппæты мæстытæ дæуæй нæ систон... (Кочысаты М.)*

Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй ирон æвзаджы дзырдбаст аразæг дзырдтæ (компоненттæ) актуалон дихдзинады алы хæйттæм арæх хаст нæ цæуынц. Уый хыгъд арæх у æндæр фæзынд – синтаксисон æгъдауæй баст компонентты дистантон æвæрд (уыимæ æвæрд вæййынц актуалон дихдзинады иу хайы – темæйы кæнæ ремæйы, кæнæ та вæййынц æнæдихгонд хъуыдыйады уæнгтæ). Дзургæ ныхасы ацы фæзынд æмбæлы тынг арæх, фæлæ литературон-чиныгон ныхасы вæййынц æрмæст йæ тæккæ хуымæтæгдæр хуызтæ, уымæн æмæ ацы фæзынд актуализацийы хæстæ куынæ æххæст кæна (ома размæ, «æнахуыр» бынатмæ, йæ мидис дзурæгмæ гæсгæ æппæты сæйрагдæр кæмæн у, уыцы дзырд куынæ хæсса), уæд литературон ныхасы нормæтæ халы æмæ йын аив литературон уацмысы бынат нæй.

*... не ссардтай æрмæст дæхицæн, дæ фæстаджы бонтæн иу æмгар, иу хицон (И.Æрнигон).* Абар нейтралон вариант комкоммæ дзырдты рæнхъæвæрдимæ: *Æрмæст не ссардтай дæхицæн...*

Ацы хъуыдыйады синтаксисон бастдзинад ис мивдисæгон дзырдбасты уæнгтæн: номивæг æмæ мивдисæг æппæрццæг хайыгимæ. Радзырды ацы дзырдтæ кæрæдзийæ хицæнгонд æрцыдысты, се 'хсæн æвæрд ис фæрсдзырд «æрмæст».

Дзургæ ныхас литературон ныхасæй чи хицæн кæны, уыцы мадзæлттæй иу у *эллипсис* – синтаксисон конструкциты структурон æнæххæстдзинад. Хъуыдыйады мидæг æмбæлынц ацы фæзынды дыууæ хуызы: уагъд æрцæуы хъуыдыйады цавæрдæр уæнг, уыимæ уыцы уæнгæн æнцонæй баххæсгæнæн, бамбарæн кæнæ ногæй бавæрæн вæййы контекстæй, хъуыдыйад та арæхдæр арæзт вæййы синтаксисон параллелизмы принципмæ гæсгæ (æмæ уæд ацы хуыз хуыйны контекстуалон эллипсис): Сæтти, дам, Бæттийыл худти, Бæтти та – Сæттийыл (Æмб.)

уагъд цы хъуыдыйады уæнг æрцæуы, уый æнцонæй баххæстгæнæн вæййы конкретон ситуацийæ (ситуативон эллипсис). Æнæ ситуаци зонгæйæ ахæм хъуыдыйæдты мидисæн бамбарæн вæййы алы хуызты:

*– Уæдæ дæ лæвар кæм сахуыр кодтой?*

*– Ахæстоны... æндæр кæм (Тугъанты Б.)*

Ацы дæнцæджы фыццаг хъуыдыйады ныхас цæуыл цæуы, уый æнæзонгæйæ дыккаг хъуыдыйадæн алыхуызы бамбарæн ис (чи æмæ цы ми кæны кæнæ кодта ахæстоны,

цæмæ гæсгæ рацыд ахæстоны кой æ.а.д.).

Эллиптикон хъуыдыйæдты фехæлынц хъуыдыйады уæнгты æхсæн грамматикон бастдзинæдтæ. Фразæ вæййы æнæххæст, бастдзинады цавæрдæр элемент дзы нæ фæфаг кæны. Характерон у дзургæ ныхасæн, уымæн æмæ уагъд дзырдтæ (дзырдты къордтæ) дзурæгæн дæр æмæ хъусæгæн дæр æмбæрстгонд (зындгонд) вæййынц ситуацийæ.

Эллиптикон хъуыдыйæдтæн сæ *стилистикон* ахадындзинад уый мидæг ис, æмæ ныхасæн йæ хуыз ивынц, кæнынц æй хуызджындæр, цыбырдæр, тыхджындæр; ома къаддæр формæйы фылдæр мидис æвæрынц. Уый тынг ахсджиаг хъуыддаг у дзургæ ныхасы, уымæн æмæ ныхасмæ хъусгæйæ адæймагæн бирæ информаци бахъуыды кæнын йæ бон нæу, бирæ логикон бастдзинæдтæ нæ раиртасы – фаг рæстæг ын нæ вæййы.

Эллиптикон хъуыдыйæдтæ дæр фылдæр æмбæлынц драмон уацмысты, ома диалогон ныхасы, дзургæ ныхасы сигналты хуызы; уыимæ ахæм конструкциты дæр фразæйы райдайæны вæййы, сæйрагдæр, ахсджиагдæр информаци кæй мидæг ис, (дзурæгмæ гæсгæ) æмæ уымæ гæсгæ логикон цавд кæуыл хауы, ахæм дзырд кæнæ дзырдты къорд.

*Уазæг (худы).* А хæдзары хицау ам ис æви нæй?

*Чындз (лæппуйы 'рдæм азылд, уайсадæгау, фæсусæй).* Ам не сты, зæгъгæ, йын зæгъ (И.Æрнигон).

Ацы стилы хъуыдыйæдты актуалон дихдзинадæн характерон у ахæм миниуæг: дзурæгмæ информативон æгъдауæй ахадгæ цы элементтæ нæ кæсынц, уыдон кæнæ бынтондæр фæуадзы, кæнæ сæ «равдисы» интонацийы фæрцы, ома сæ дихдзинад у субъективон-эмоционалон. Уымæ гæсгæ ам арæх æмбæлынц æнæххæст структурæтæ. Зæгъын хъæуы уый, æмæ, цас дзурæг æмæ хъусæг (уæлдайдæр хъусæг) хуыздæр зонынц, ныхас цæуыл кæнæ кæуыл цæуы, уый, уыйас æнæххæстдæр уыдзысты сæ хъуыдыйæдтæ.

Кæд фысгæ ныхасы хъуыдыйады актуалон дихдзинад æвдисыны сæйраг мадзал у дзырдты рæнхъæвæрд, уæд дзургæ ныхасæн та йæ хъуыддаг æндæр у: ам актуалон дихдзинад æвдисыны функци йæхимæ райста интонаци, дзырдты рæнхъæвæрды сæйраг хæс та у, æмбарынæдтæ кæрæдзи фæдыл куыд сæвзæрынц, уый равдисын.

*Литературæ:*

1. Гумбольдт, В. Избранные труды по языкознанию. М.: Прогресс, 1984.

2. Ковтунова И.И. О понятии инверсии: Проблемы современной филологии. М., 1965.

3. Кожина М.Н. Стилистика русского языка. – М.: Просвещение, 1977.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Челдыты Мæдинæ,***
***Црауы скъолайы ахуыргæнæг***

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** **«Цæрæм, æмæ цæй номыл?»**

(Мамсыраты Дæбейы радзырд «Хъæндил»-мæ гæсгæ)

***Урочы нысантæ:***

1. Райхалын уацмысы мидис, йæ сæйраг идейæ. Æрдзурын адæймаджы æппæрццæг æмæ æвæрццæг миниуджытыл.

2. Æрдзурын лæджы ном хъахъхъæныны, цыт æмæ намысы фарстатыл; сывæллætты зæрдæты æвзæрын кæнын фæллой кæнынмæ тырнындзинад.

3. Бакусын ныхасы рæзтыл.

***Урочы фæлгонц:*** чингуытæ, къухмæдæтгæ æрмæг, компьютерыл тест (генератор).

***Эпигрæф:***

Адæймаг хъуамæ йæ фæстæ ныууадза арф æмæ рæсугъд фæд. (Æмбисонд)

***Урочы цыд:***

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1. Скъоладзауты сразæнгард кæнын урочы архайынмæ.

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, бакæсутма фæйнæгмæ (1-аг слайд). Нывгонд дзы сты Ирыстоны къæдзæхтæ. Урочы кæрон уæ алчи йæхицæн æвæрдзæн бæрæггæнæн. Къæдзæхтæ сты æртæ: ныллæгдæр цы къæдзæх у, ууыл сæвæрдзыстут бæрæггæнæн «3», астæуккагыл – «4», æппæты уæллагыл – «5».

*(Скъоладзаутæ ныхасдзысты нывгонд къæдзæхтыл гыццыл тырысатæ, æмæ афтæмæй Ирыстоны хæхтæ "сфидаудзысты се 'нтыстытæй").*

2. Нæ урочы райдайæны бакæсдзыстæм цыбыр сценкæмæ… («Хъæндил»-æй ист 1 хай).

–Ацы скъуыддзагмæ бакæсгæйæ, зæгъут, цавæр миниуджытæй хайджын у сæйраг архайæг? Уæ зæрдæмæ фæцыд? Цы фæцыд, цы нæ фæцыд? Цæуылнæ?

*(Дзурынц сæ хъуыдытæ).* (2-аг слайд)

***II. Урочы темæйыл куыст.***

1. *Ахуыргæнæг:* Литературæ у царды айдæн, фысджытæ сæ уацмысты равдисынц царды ирддæр фæзындтæ, аив æмæ æнаив фæлгонцæ. Аив фæлгонцы мах цавæр миниуджытыл фембæлæм? *(Фæзминаг миниуджытыл)* Æнаив фæлгонцты та? *(Фауинаг)*

– Акæсæм-ма нæ алыварс дунемæ. (3-аг слайд) Мах цæрæм Ирыстоны хæхты хъæбысы. Нæ алыварс – рæсугъд хъæдтæ, урссæр хæхтæ, фынккалгæ цæугæдæттæ, алыхуызон зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæ. Зайæгойты дуне дæр æмæ цæрæгойты дуне дæр хæрынц æмæ рæзынц. Адæймаг дæр вæййы чысыл саби, уый фæстæ йыл азтæ

куыд цæуынц, афтæ рæзы. Йæ рæзынæн цы хъæуы?.... Хæрын йеддæмæ цымæ ницы?.... Уæдæ уый зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæ рæзынц æнæ мæт, æнæ сагъæсæй, фæлæ махæн, адæмæн, афтæ цæрæн нæй. Уæдæ куыд ис схонæн нæ абоны урочы темæ? Цавæр нысантæ сæвæрæм нæ размæ абоны урокæн? *(4-5 слайдтæ)*

2. Эпигрæфмæ раздæхын: Адæймаг хъуамæ йæ фæстæ ныуадза арф æмæ рæсугъд фæд.

3. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын. Ныффыссын нывæцæн «Хъæндилимæ ныхас» кæнæ скæнын иллюстрацитæ радзырдмæ. *(Сывæллæттæ цалдæрай кæсынц сæ чысыл нывæцæнтæ, сæ нывтæ æмбарын кæнынц)*

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ мах абон нæ ныхас дарддæр кæндзыстæм Мамсыраты Дæбейы радзырд «Хъæндил»–ыл. Хуыздæр бацархайдзыстæм сæйраг архайæджы миддуне бамбарыныл. *(6-æм слайд)*

4. Беседæ:

*Ахуыргæнæг:* Зæгъут-ма, Дæбейы сфæлдыстадимæ раздæр зонгæ уыдыстут? Цавæр уацмыстæ йын зонут? («Хърихъупп Бипп-Бипп»…)

– «Хъæндил»… «Хъæндил» *(7-æм слайд)*… Цавæр диссаджы ном у уый?*(Сывæллæттæ дзурынц сæ хъуыдытæ)*

– Куыд уæм кæсы, Дæбе йæ радзырд афтæ цæмæн схуыдта?

– Ном Хъæндил уæ зæрдæмæ цæуы? Цæуылнæ?

– Йе ’цæг ном та куыд хуынди? (Чермен) *(Скъоладзауты нæмттыл æрдзурын цыбырæй)*

*Ахуыргæнæг:* Сослан дыл чи сæвæрдта? (Номæвæрыны æгъдауыл цыбырæй æрдзурын)

– Ирон хъæбатыртæй та Чермен-ном чи хаста?

– Цы зонут Тлаттаты Чермены тыххæй?

– Чермены тыххæй цавæр таурæгътæ зонут?

– Уæдæ цавæр хъуамæ уа, ахæм ном кæуыл сæвæрынц, уый?

– Уæ дзуапп уын баххæст кæндзæн ацы æрмæг. (*Æвдисы Чермены зарæгмæ гæсгæ цæттæгонд видео).*

– Зæгъут-ма, Чермены ном хæссыны аккаг у сæйраг архайæг æви нæ?

– Хъæндилы ном та йыл цæмæн ныффидар?

– Ахæм æгуыдзæг кæй уыд, уый йæхи аххос у, æви æндæр искæй? Ссарæм уыцы бынат тексты æмæ йæ бакæсæм.

5. Фæлладуадзæн рæстæг. *Ахуыргæнæг:* Цавæр куыстытæм кодта зивæг Хъæндил? (Скъоладзаутæ æвдисынц, хос куыд кæрдынц, суг куыд сæттынц, мæкъуыл куыд амайынц).

6. Æмбисæндтыл куыст.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр æмбисæндтæ æрлæууыд уæ зæрдыл урочы темæмæ гæсгæ? *(8-æм слайд)*

Зивæггæнаджы гуыл хомæй баззад.
Куыст цардæн – фæрæз.
Магуса – æввонгхор.
Куыстæн йæ сæр – сындз, йæ бын – сой.
Нæ зивæджы нæ мæлæт.

7. Ахуыргæнæг дзуры таурæгъ «Æртæ æфсымæры». Хатдзæг кæнынц.

8. Къордты куыст. Алы къордæн дæр ис хæслæвæрдтæ. *(9-æм слайд)*

1-аг къорды хæс: Дзырдтæн сæ бакомкоммæ ныффыссын сæ антонимтæ:

Магуса – кусаг
Æгад – кадджын
Тæппуд – хъæбатыр
Æвзæрдзинад – хорздзинад

– Дзырдтæй иуимæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйад.

2-аг къорды хæс: Уырыссаг кæнæ фæсарæйнаг литературæйы ацы радзырдмæ хæстæг цы уацмыс ис, уый æрхъуыды кæнын æмæ йæ цыбырæй радзурын.

9. Синквейн æрхъуыды кæнын. *(10-æм слайд).*

Хъæндил
Тæппуд, зивæггæнаг
Зивæг кæны, тæрсы, хæры
Тæппуддзинад æгад у.
Саск (уырынгон)

10. Æрдзурын радзырд «Хъæндил»-ы темæ æмæ идейæйыл.

***III. Урочы кæронбæттæн.***

Рефлекси *(11-æм слайд).*

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы нысан цавæр уыди?

–Сæххæст æй кодтам?

–Урок уæ зæрдæмæ фæцыд? Цæмæй?

–Цавæр хатдзæгтæ скодтат уæхицæн ацы урочы?

–Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, Хъæндил куыд амард, уый. Куыд уæм кæсы, автор ахæм тæрхон цæмæн рахаста радзырды сæйраг архайæгæн?

Урочы кæрон сывæллæттæ сæхицæн фæйнæгыл æвæрынц бæрæггæнæнтæ ( æртæ «хохыл» ныхасынц гыццыл тырысатæ)

**IV. Хæдзармæ куыст.** *(12-æм слайд)*

Хæслæвæрдтæй иу равзарын:

1) Радзырд «Хъæндил»-æн æндæр кæрон æрхъуыды кæнын.

2) Пластилинæй саразын хъæндилы.

***Урочы кæрон.***

*Ахуыргæнæг:* Скъоладзаутæ, абоны урокмæ уын æрбахастон Гогаты Мараты конд ныв. Нывгонд дзы ис нæ фыдæлты мæсыг. Йæ ном у «Кады мæсыг». Фæндаг æм ис ссарæн æгъдау, æфсарм, кад æмæ зонды руаджы.

Мæсыджы алы дур дæр хæссы нæ Ирыстоны номдзыддæр хъæбултæй иуы ном. Бындурмæ цы дуртæ сты хæстæгдæр, уыдон сты нæ фыдæлты разагъды лæгтæ. Куыд уæлдæр, афтæ кæнынц æрыгондæр. Кæцыдæр дуртæ сты афтид. Цымæ цæмæн? *(Кæстæртæй зонд, хъару æмæ æгъдауæй чи фесгуыха, уый ном дзы ныффысдзысты).*

*Ахуыргæнæг:* Ацы мæсыг рæздзæн æнустæм, ирон адæм куыд цæрой, афтæ. Мæн уырны, сымахæй дæр кæй разындзæн, йæ ном ацы мæсыджы дуртыл сыгъзæрин дамгъæтæй кæмæн ныффысдзысты, ахæм. Кусут уæхиуыл, æмæ уæ хъару фылдæрæй-фылдæр кæндзæн, уæ зондыл та зонд æфтдзæн. *(13-æм слайд)*



***Соттиты Дзерассæ,***
***Михайловскы скъолайы ахуыргæнæг***

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 8-ÆМ КЪЛАСЫ
## (ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куыст)

***Урочы темæ:*** **«Кавказ – нæ иумæйаг хæдзар».**

(*грамматикон темæ:* Фæсæвæрд; рацыд æрмæг бафидар кæнын)

***Урочы хуыз:*** урок-балц.

***Урочы нысантæ:***

Рацыд æрмæг бафидар кæнын.

Рæзын кæнын цымыдисдзинад сыхаг Дагестаны адæмы культурæ æмæ аивадмæ.

Дзургæ ныхасы рæзтыл бакусын.

***Урочы цыд:***

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1.* Байхъусын цыбыр æмдзæвгæмæ, базонын цавæр æххуысгæнæг ныхасы хайыл дзы цæуы ныхас.

Дзырдтæн æз лæууын сæ фæстæ,
’Вдисын уыдон ахаст æз.
Банымадтой мын мæ хæстæ:
Хорз кæстæрæн, дам, нын бæзз.
(Фæсæвæрд)

*2.* Цы нын радзурид йæхи тыххæй фæсæвæрд? Баххæст кæнын хъуыдыйæдтæ. Дзырдтæ спайда кæнынæн: *фарст, фæстæ, æххуысгæнæг, баст дæн, номдар, фæрсдзырдтæй.*

– Æз дæн ..... ныхасы хай.

– Мæнмæ .... раттæн нæй.

– Лæууын сæрмагонд дзырдты .... , æвдисын сын сæ ахаст æндæр дзырдтæм.

– Æз арæзт вæййын æндæр сæрмагонд ныхасы хæйттæй, .... æмæ .... .

– Хъуыдыйæды уæнг вæййын æрмæстдæр, цы дзырдимæ .... , уыимæ иумæ.

***II. Урочы темæйыл куыст.***

*Ахуыргæнæг:* Нæ урокмæ фæзындысты уазджытæ. Цымæ, кæцæй сты?

Сæ иу дзуры аргъау «Æвзæгты хох».

*(Скъоладзаутæ базыдтой, уазджытæ кæй сты Дагестанæй)*

*Ахуыргæнæг:* Нæ уазджытæ нæм ссыдысты Дагестанæй. Кæй зонут Дагестайнаг фысджытæй? (Расул Гамзатовы).

*Ахуыргæнæг:* Куыд баст у Расул Гамзатовы ном Ирыстонимæ?

(дзуæппытæм байхъусын)



Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын. (Ирон æвзаджы чиныджы 59-æм фарсыл). Хæслæвæрдтæ: фæлтæрæны ссар фæсæвæрдтæ; цыбыр текстæн сæргонд

раттын; тексты ссарын мивдисджытæ; аифтындзæг кæнын æртæ мивдисæджы нырыккон афоны. *(къордты куыст)*

Байхъусын, Расул Гамзатовы æмдзæвгæ «Журавли» авайраг æвзагыл уазджытæй иу куыд дзуры, уымæ.

Сывæллæттæ иронау зарынц Расул Гамзатовы æмдзæвгæйыл фыст зарæг.

*Ахуыргæнæг:* Нæ урочы темæ «Кавказ – нæ иумæйаг хæдзар», зæгъгæ, цæмæн хуыйны?

*Ахуыргæнæг:* Абалц кæнæм, Хуыцау æвзæгты голлаг кæм æрцагъта, уырдæм. Уе 'мбæлттæй чидæртæ бацæттæ кодтой æрмæг Дагестаны тыххæй.

Къордты куыст.

1 къорд цæттæ кæнынц раныхас Дагестаны *фидар Нарын-калайы* тыххæй.

2 къорд дзурынц Дагестаны адæмты национ уæлæдарæс æмæ зæрингуырдты тыххæй.

3 къорд – Дагестаны адæмты æгъдæутты, се 'мбисæндты тыххæй. Ахуырдзау дзуры æцæг хабар мады тыххæй. Хатдзæг: йæ мадæлон æвзаг чи ферох кæны, уый æндæр адæмы зæрдæ райсы.

Беседæ чиныджы 80-йæм фарсы тексты бындурыл.

Урочы эпигрæфыл куыст: «Дунейы æвзæгтыл куы дзурай, уæддæр фыццаг – мадæлон æвзагыл». (ирон æмбисонд)

Текстыл æнцой кæнгæйæ, саразын хъуыдыйæдтæ фæсæвæрдтæ *бын, цур, раз, сæр, рæзты, фале, фарсмæ*-имæ.

***III. Урочы хатдзæгтæ (Рефлекси)***

– Цы базыдтат ногæй?

– Цы уæм фæкаст цымыдисаг урочы?

– Кæй куыст уæ зæрдæмæ фæцыд?

***IV. Хæдзармæ куыст:***

Расул Гамзатовы æмдзæвгæтæй иу сахуыр кæнын.

2. Мадæлон æвзаджы тыххæй алы адæмыхæттыты æмбисæндтæ бацагурын, урокмæ сæ æрбахæссын.

***Нæкуысаты Иринæ,***
***Дзæуджыхъæуы 18-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** **«Лексикæ. Рацыд æрмæг фæлхат кæнын».**

***Урочы нысантæ:***

1) лексикæйæ рацыд æрмæг сфæлхат кæнын;

2) фæхъæздыгдæр кæнын скъоладзауты дзырдуат;

3) мадæлон æвзагмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Урочы хуыз:*** урок-балц.

***Урочы эпиграф:***

«Ирон æвзаг,
Æз дæ ныфсæй дæн хъаруджын,
Ды – мæ хотыхты цыргъдæр.
Ахъардтай дзырдгай мæ туджы,
Мады ’хсырау дæ сыгъдæг!»

Пухаты Алыкси

***Урочы фæлгонц:*** компьютер (презентаци), интерактивон фæйнæг, дзырдбыд, видеоæрмæг.

***Урочы цыд:***

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæджы ныхас:* Æвæдза, дуне дзаг у алы диссæгтæй. Уыцы диссæгты ’хсæн æппæты цымыдисагдæр – æвзаг. Нæ фыдæлтæ нын ныууагътой хъæздыг æмæ рæсугъд æвзаг. Мах дзы абон стæм сæрыстыр æмæ буц .

– Цæмæй хъæздыг у не ’взаг? (дзырдтæй)

*Ахуыргæнæг:* Абон скъоламæ куы æрбацæйцыдтæн, уæд мæ размæ фæцис постхæссæг. Уый мæм радта фыстæг. Фыстæг æрвыст у сымах къласмæ. Фæнды уæ базонын, кæмæй у æмæ дзы цы фыст ис, уый? (сывæллæттæй иу рацæуы æмæ байгом кæны фыстæг, кæсы йæ хъæрæй)

*Уæ бон хорз, мæ зынаргъ хæлæрттæ!*
*Зæрдиагæй уæ хонын нæ абоны хъазт «Зондабитæм».*
*Тынг æхсызгон мын уыдзæн уæ фенд.*
*Нæ хъазты кæрон та уæм æнхъæлмæ кæсдзæн лæвар.*

*Зондаби*

– Фæнды уæ балцы ацæуын?

– Кæдæм ацæудзыстæм, уый та базондзыстæм, дзырдбыды цы æмбæхст дзырд ис, уый куы базонæм, уæд.

Фæрстытæ дзырдбыдæн:

1. Ныхасы хæйттæ цы æвзаджы хай ахуыр кæны, уый хуыйны…

2. Иумæйаг темæ æмæ грамматикон æгъдауæй баст хъуыдыйæдты къорд…

3. Мыртæн сæ равзæрд, сæ классификаци æмæ сæ ивддзинæдтæ цы æвзаджы хай ахуыр кæны, уый хуыйны…

4. Сæ нысаниуджытæ æмхуызон кæнæ æнгæс кæмæн вæййынц, уыцы дзырдтæ хуыйнынц…

5. Сæ нысаниуджытæ ныхмæвæрд цы дзырдтæн сты, уыдон хуыйнынц …

6. Дзырдтæн вæййы ахæсгæ нысаниуæг æмæ …. нысаниуæг.

7. Æмхуызон чи фæхъуысы, фæлæ алыхуызон нысаниуджытæ кæмæн вæййы, ахæм дзырдтæ хуыйнынц…

– Цавæр дзырд æмбæхст уыдис нæ дзырдбыды? (Лексикæ)

– Цы хонæм лексикæ?

– Уæдæ цавæр бæстæмæ араст уыдзыстæм мах нæ абоны урочы?

– Раст зæгъут, лексикæйы бæстæмæ. Уæдæ нæм автобус æнхъæлмæ кæсы. Кæй фæнды, уый бахизæд, æмæ райдайæм нæ балц. Цæмæй нæ ма ферох уа, кæд ацыдыстæм балцы, уый тыххæй та рæвдз байгом кæнут уæ тетрæдтæ æмæ абоны нымæц ныффыссут

– Райдыдта нæ балц.

*Фыццаг æрлæууæн – «Синонимты быдыр»*

*Хæс: Лæвæрд дзырдтæн сæ синонимтæ ссарын.*

Рæсугъд – аив, зæрдæмæдзæугæ.
мæллæг – къæсхуыр
гыццыл – чысыл
стыр – егъау, дынджыр, бæрзонд
хъæздыг – бонджын, исджын
тыхджын-хъаруджын, фидар
худын – кæл-кæл кæнын, пыррыччытæ кæнын
скъоладзау – ахуырдзау

*Хæс: Фразеологион дзырдбæстытæ баивын синонимтæй.*

Куыдз æмæ гæдыйы цард кæнынц.
Йæ цæстытæ ныуурс сты.
Мæ зæрдæйы ныххаудта.
Йæ къухтæ хъилæй дары.
Хуртæ æмæ дзы мæйтæ кæсы.
Мæ зæрдыл æй дарын.

*Хатдзæг: Цы сты синонимтæ? Цæмæн хъæуынц?*

Дыккаг æрлæууæн – «Омонимты цад»

*Хæс: Стъæлфыты бæсты омонимтæ бафыссын.*

1) Тоны мад йæ пакъуы хъазæн,
Райста саби дæр йæ ….
2) Кæд къæрмæг тъыст ис йæ хъусы,
Гъе уæддæр йæ ныхас …
3) Уыгæрдæны федтон ахстон,
Уым уæрццы лæппынтæ …
4) Сæрвæты дын хæрæг хизы,
Зонд йæ сæрмæ ’ппын нæ …

*Хатдзæг: Цы сты омонимтæ? Цæмæн сæ хъæуы зонын?*

*Улæфты минут.*
Галиу къух – рахиз къух,
Галиу къах – рахиз къах,
Ӕз уæлæмæ – мах дæлæмæ,
Ӕз фæстæмæ – мах та размæ,
Рахизырдæм – галиуырдæм,
Цæй æрбадæм – ныр та сыстæм,
Цæст æрæхгæн – байгом æй кæн,
Цæсгом амбæхс – равдис-ма йæ.
Ӕз мæсты дæн – мах та хъæлдзæг!

*«Базон-базон, уый та циу?»*
Базон-базон, уый та циу?
Нæу цæргæс, бæлон, йе цъиу.
Фæлæ уый тæхы бæрзæндты,
Хæхтæн, быдыртæн сæ сæрты.



Ленк кæны бæрзонд цъæх арвыл,
Ирд цæстæй фæлгæсы дардыл:
Мидбыл худы уый æрмæст,
У йæ цинæй дуне ’фсæст,
Фæлæ йæм нæ лæууы цæст.



Тулы-тулы, фæлæ никæдæм хæццæ кæны.



Уырызмæгыл фондзыссæдз хæдоны.



*Æртыккаг æрлæууæн – «Антонимты хъæд»*

*Хæс:* Нывтæм гæсгæ ныффыссын антонимтæ. Кæрæдзимæ раттын тетрæдтæ æмæ сбæлвырд кæнын куыстытæ.

*Хæс:* Æмбисæндтæ кæронмæ ахæццæ кæнын. Бамбарын кæнын сæ хъуыды. Ссарын антонимтæ. (*къæйттæй куыст)*

Хорз ма ракæн æмæ…
Хорзæн бын ма скæн, …
Уæззау хъуыддаг…
Абон бакæнæн кæй ис, уый…
Куыстæн йæ сæр – сындз, йæ…
Размæ куы лидзай, уæд…

*Хæс.* Тексты ставддæрæй фыст дзырдтæ баивын антонимтæй, тетрæдты йæ ныффыссын. Кæрæдзиуыл абарын тексттæ. Сæргæндтæ сын æрхъуыды кæнын, кæрæдзиуыл сæ абарын.

***Ралæууыд** уалдзæг. Бонтæ **фæхъармдæр** сты. Хур кæсы æмæ **тавы.** Мæргътæ **æртахтысты** хъарм бæстæйæ. Кæрдæг **фæцъæх.** Бæлæстæ **цъæх адардтой.** Адæм сæ **уалдзыгон** куыстытæ кæнынмæ бавнæлдтой.*

*Хатдзæг: Цы сты антонимтæ? Цæмæн сæ хъæуы зонын?*

*Ахуыргæнæг:* Æрбахæццæ стæм нæ балцы кæронмæ. Зондаби нын куыд загъта, афтæмæй нæм æцæгæй дæр æнхъæлмæ кæсы цавæрдæр æхсызгондзинад. Байгом-ма кæнæм рæвдздæр къопп æмæ йæ фенæм.

*Криптограммæ*

Хæс: Нымæцтæ баивын дамгъæтæй æмæ базонын, цы фыст ис фыстæджы.

*Дзуапп:* «Æрхъуыдыдзинад стыр хъуыддаг у».

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 2 | 24 | 31 | 28 | 39 | 7 | 39 | 9 | 14 | 20 | 1 | 7 |
| | 25 | 26 | 39 | 24 | | | | | | | |
| 31 | 28 | 39 | 7 | 7 | 1 | 5 | | | 28 | | |

– Сывæллæттæ, нæ абоны урочы сымах æрхъуыдыдзинад, сæрæндзинад æмæ хорз зонындзинæдтæ кæй равдыстат, уый тыххæй уын Зондаби бацæттæ кодта лæвæрттæ *(уары сын сæ)*

*Ахуыргæнæг:* Лексикæйæ пайда кæнын хъуамæ алы адæймаг дæр зона… Уымæн æмæ дзырд тыхджын у. Алы дзырдæй дæр хъæуы пайда кæнын тынг арæхстджынæй. Дзырдæн йæ бон бирæ у: бафхæрын, зæрдæ фæриссын кæнын, ныфс бауадзын, зæрдæ бахъæлдзæг кæнын. Æмæ уæздан, фендджын адæймаджы ныхасы кæддæриддæр хъуамæ разына ахæм дзырдтæ.

Иу рагон мысираг паддзах йæ фырты афтæ ахуыр кодта: «Дæ ныхасмæ хъус дар, дзырд хæцæнгарзæй уæлдай нæу».

9. Хæс. Саразын синквейн дзырд «Лексикæ»-имæ.
лексикæ
хъæздыг, рæсугъд
æргом кæны, æвдисы, хъæздыг кæны
Лексикæ ахуыр кæны æвзаджы дзырдтæ.
дзырдуат

***III. Рефлекси.*** Скъоладзаутæ дзурынц сæ хъуыдытæ урочы тыххæй.

***IV.Хæдзармæ куыст.*** Лексикæйы бæстæй балцæй æрбацæугæйæ сæ зæрдыл цы бадардтой, уый сочинени-миниатюрæйы хуызы ныффыссын, темæ: «Мæ балц лексикæйы бæстæмæ».

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
***АКЗУИы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ: «Цæрæгойтæ – нæ хуыздæр хæлæрттæ. Æххæстгæнæн».**

***Урочы эпигрæф:***

«Æнувыд дыл чи у, уыдонæн сæ бæрны бацыдтæ».

(Антуан де Сент Экзюпери)

***Урочы нысантæ:***

1) бацамонын æххæстгæнæны æмбарынад;

2) бакусын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл;

3) гуырын кæнын уарзондзинад цæрæгойтæм.

***Урочы хуыз:*** ног æрмæг амоныны урок.

***Урочы фæлгонц:*** слайдтæ.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1) Скъоладзауты урочы архайынмæ сразæнгард кæнын.*

(Скъоладзауты партæтыл – карточкæтæ арфæйы ныхæстимæ)

*Ахуыргæнæг:* Уæ партæтыл уын равæрдтон карточкæтæ арфæйы ныхæстимæ. Цæмæй нæ урок зæрдæрухсæй райдайæм, уый тыххæй сæ кæрæдзийæн бакæсут.

*(Зæгъæм: Зæлинæ, хорз бонтæ дыл кæнæд; Казик, æнæниз у; Сабинæ, абон фондз райс æмæ а.д.)*

*Ахуыргæнæг:* Уæ арфæтæм гæсгæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты Абайты Васойы ныхæстæ. Сæдæ азæй фылдæр фæцард, æмæ-иу æй исчи куы афарста, куыд дын бантыст уый бæрц фæцæрын, зæгъгæ, уæд-иу дзуапп радта: «Гыццылæй хистæрты коммæ кастæн. Искæмæн-иу исты хорзы куы бацыдтæн, уæд-иу мын, бирæ фæцæр, зæгъгæ, загъта. Æвæццæгæн мыл сæ арфæтæ æрцыдысты».

Сымахыл дæр уæ кæрæдзийы арфæтæ æрцæуæд.

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.***

1. Тестытæ баххæст кæнын *(къордты куыст).*

***1-аг къордæн:***

*Хъуыдыйад æнцой кæны:*

1) сæйраг уæнгтыл

2) фæрссаг уæнгтыл

*Сæйрат æмæ зæгъинаг сты:*

1) хъуыдыйады райдайæн

2) хъуыдыйады бындур

*Хъуыдыйады мидæг ныхас кæуыл кæнæ цæуыл фæцæуы, уыцы сæйраг уæнг у:*

сæйрат

зæгъинаг

Фæрстытæ чи? цы?-йæн цы сæйраг уæнг дзуапп фæдæтты, уый хуыйны:

сæйрат

зæгъинаг

*Хъуыдыйæдты ссарут сæйрæттæ. Цæмæй загъд æрцыдысты?*

Авд лæппуйы бадынц Фсатийы алыварс. (Къ.)

Æхсар æмæ Æхсæртæг хъахъхъæдтой нарты фæткъуы бæлас.

Бæласыл абадти рæсугъд цъиу.

***Дзуапп дæтгæйæ, къорды уæнгтæ хъуамæ скæной хатдзæг:***

1) Цы сты хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ?

2) Цы нысан кæны сæйрат? Цавæр фæрстытæн дзуапп дæтты?

3) Цæмæй загъд æрцæуы сæйрат?

***2-аг къордæн:***

*Зæгъинаг нысан кæны:*

1) предмет

2) предметы архайд

3) предметы миниуæг

*Зæгъинаг дзуапп дæтты ахæм фæрстытæн:*

1) цавæр? цы хуызæн?

2) цал? цалæм?

3) цы ми кæны? цы кæны?

*Зæгъинаг мивдисæг кæм у, уыцы хъуыдыйад фæбæрæг кæнут.*

1) Къæвда изæрырдæм фæсабыр.

2) Дидинджытæ сты сырх.

3) Цъиутæ – нæ базырджын хæлæрттæ.

*Зæгъинаг миногон кæм у, уыцы хъуыдыйад фæбæрæг кæн.*

1) Гæды пецы сæр хуыссы.

2) Хъæд ныссабыр, цæмæдæр ныхъхъуыста.

3) Ресы хох – хæхтæй бæрзонддæр. (П.Х.)

*Зæгъинаг номдар кæм у, уыцы хъуыдыйад фæбæрæг кæн.*

1) Æрцыд, ныллæууыд уалдзæг.

2) Хуры рухсмæ хæхты цъуппытæ цæхæртæ калынц.

3) Къоста – ирон адæмон поэт.

*Дзуапп дæтгæйæ, къорды уæнгтæ хъуамæ скæной хатдзæг:*

1) Цы нысан кæны зæгъинаг? Цавæр фæрстытæн дзуапп дæтты?

2) Цæмæй загъд æрцæуы зæгъинаг?

***III. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Бакæсын текст.*

Нæ фыдæлтæ стыр аргъ кодтой хорз **бæхæн.** Алантæ цæугæцард кæй кодтой, уымæ гæсгæ **бæхæй** пайда кодтой алыхуызон. **Бæхыл** бадгæйæ, тох кодтой знæгтимæ. **Бæхтыл** ластой уæзæгтæ, ивтыгътой сæ галтимæ иумæ.

Нæ сыхаг лæг дæр балхæдта **бæх.** Æрмæст **бæхимæ** архайын нæма зоны.

1) Бæрæггонд дзырдтæм фæрстытæ раттын.

2) Кæцы дзырдæй дæттут фарст? Цавæр хъуыдыйады уæнгтæ сты? (зæгъинæгтæ)

3) Цы нысан кæнынц бæрæггонд дзырдтæ, уый сбæрæг кæнын.

4) Цæмæй загъд сты?

5) Цæмæн хъæуынц ацы дзырдтæ хъуыдыйады? *(æххæст кæнынц сæйраг уæнгты)*

*2. Ахуыргæнæг:* Ацы дзырдтæ æххæст кæнынц хъуыдыйæдтæ. Грамматикæйы дæр сæ афтæ хонынц – *æххæстгæнæнтæ.* (Фæйнæгыл – дзырд *æххæстгæнæн).*

– Цавæр орфограммæтæ дзы ис?

– Цавæр синонимтæ йæм ссариккат? *(фæфылдæр кæнын, бафтауын)*

*3. Урочы темæ сбæрæг кæнын.*

*Ахуыргæнæг:*

– Нæ урочы грамматикон темæ цавæр у? (Æххæстгæнæн)

– Дзургæ та цæуыл кæндзыстæм? (Цæрæгойтыл, бæхыл)

*4. Урочы нысантæ сбæрæг кæнын (скъоладзаутимæ иумæ).*

Абон мах хъæуы базонын:

1) цы нысан кæны æххæстгæнæн?

2) цавæр фæрстытæн дзуапп дæттынц æххæстгæнæнтæ?

3) сæйраг уæнгтæй кæцыимæ баст сты?

4) цæмæн хъæуынц æххæстгæнæнтæ?

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн хъæуынц мах уыцы зонындзинæдтæ?

*Цæмæй арæхсæм:*

1) хъуыдыйады æххæстгæнæн ссарынмæ;

2) æххæстгæнæнмæ раст фарст раттынмæ;

3) хъуыдыйад раст æвзарынмæ;

3) æххæстгæнæнтæй ныхасы мидæг раст пайда кæнынмæ.

*5. Эпигрæф равзарын:*

Æнувыд дыл чи у, уыдонæн сæ бæрны бацыдтæ» (Антуан де Сент Экзюпери)

*6. Чиныгимæ куыст (5-æм къласы ирон æвзаджы чиныг, йæ аразджытæ – Дзодзыккаты З.Б., Пухаты Л.; темæ «Æххæстгæнæн», 4-æм фæлтæрæн)*

*Текст бакæсыны размæ:*

*1) Дзырдуатон куыст:*

ахæм адæймаг стæм разындзæн, номдзыд, фæдонтæ, фæдзæхстытæ, зæрдæхудты нæ цæуын, джихæй кæсгæйæ баззайын.

*2) Ахуыргæнæг:* Текстмæ байхъусыны фæстæ зæгъдзыстут, цæуыл нæ ахуыр кæны.

*7. Текст бакæсыны фæстæ:*

1) Байхъусын скъоладзауты дзуæппытæм (Бæхы зæрдæхудты цæуын нæ хъæуы. Бæх у тынг зонджын цæрæгой)

2) Бæрæггонд дзырдтæй æххæстгæнæнтæ кæцытæ сты?

3) Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын:

*Абон номдзыд бæхбадæджы* ***фарн*** *дарддæр хæссынц йæ фæдонтæ.*

4) Тексты абзацтæн сæргæндтæ æрхъуыды кæнын. Зæгъæм:

а) Хъантемыраты Алыбег – номдзыд бæхылбадæг.

æ) Алыбеджы бæхæн йæ бæхдоны рудзынг асаст.

б) Бæх рудзынджы зыхъхъыр йæхæдæг сæхгæдта.

*8. 1-аг текстмæ раздæхын.*

*Ахуыргæнæг:* Тексты фæстаг хъуыдыйад бакæсæм ногæй. Куыд зилын хъæуы бæхмæ? Нæ сыхаг лæгæн æз цы хъуамæ радзурон, бæхмæ куыд зилын хъæуы, уый тыххæй? Баххуыс-ма мын кæнут.

(Афойнадыл ын хæринаг дæттын, хъахъхъæнын æй хъæуы фыдгуыстæй, йæ буар ын хъæуы сыгъдæг дарын. Сыгъдæг æмæ хъарм хъуамæ уа йæ бæхдон дæр)

*9. Ахуыргæнæг цыбырæй дзуры Хъантемыраты Алыбеджы къорды тыххæй. Æвдисы слайдтæ: «Бæх – цирчы архайæг».*

*10.Фæлладуадзæн минут (Бæхимæ акафæм). Видеоролик «Тугъанты Дзерассæ бæхимæ кафы».*

*Ахуыргæнæг:* Цавæр бæхæй зæгъæн ис афтæ? Цæмæн?

Науы хуызæн бæх.

Уадсур бæх.

Саулохаг бæх.

Уайаг бæх.

Дугъон бæх.

Саргъы бæх.

(дзуапп дæтгæйæ, пайда кæнынц слайдтæй; бæхты нывтæй æвзарынц, кæцы æмбæлы, уый)

*11. Æмбисæндтæ равзарын.* Алы къордæн дæр – иу æмбисонд, бацамонын ын йæ хъуыды. Рафыссын дзы æххæстгæнæнтæ, бацамонын, цæмæй загъд сты, кæцы хауæны æвæрд сты.

*1-аг къордæн:*

Бæхæй уæздандæр фосæй нæй: лæгимæ топпы дзыхмæ уый йеддæмæ ничи цæуы.

*2-аг къордæн:*

Фæллад бæхыл дардмæ ма ацу.

*12. Текстыл куыст.*

Интерактивон фæйнæгыл – хъуыдыйæдтæ.

*Ахуыргæнæг:* Бакæсут хъуыдыйæдтæ. Текст схонæн сæ ис?

Ирон адæммæ хъуыстгонд у нарты хистæр Уырызмæджы æмбисонды бæхы ном – «Æрфæн». Историйы баззад Мачъидон Алыксандры бæх Буцефалы кой. «Æрфæны фæд» хонынц æхсæвы арвыл цы стъалыты урсбын фæд фæзыны, уый. Уырыссагау – «Млечный путь». Райдианты бæх йæхимæ хæстæг никæй уагъта. Дзырд «æрфæн» нысан кæны «æрвон». Æрмæст Мачъидон Алыксандры бон баци бæхыл сбадын. Буцефал бирæ хатт фервæзын кодта мæлæтæй йæ хицауы. Æрфæны хонынц зæххон бæхты фыдæл, уымæй, дам, равзæрдысты.

*Ахуыргæнæг:* Тексты рæдыд сраст кæнут.

(Скъоладзаутæ кусынц дыууæ къордæй. 1-аг къорд рафыссынц, Æрфæны кой кæм цæуы, уыцы хъуыдыйæдтæ, 2-аг та – Буцефалы кой кæм цæуы, уыдон. Хъуыдыйæдтæ фæхицæнгæнæн ис хуызджын маркертæй дæр)

*Растгонд тексттæ:*

«Æрфæн»

Ирон адæммæ хъуыстгонд у нарты хистæр Уырызмæджы æмбисонды бæхы ном «Æрфæн». Дзырд «æрфæн» нысан кæны «æрвон». «Æрфæны фæд» хонынц, æхсæвы арвыл цы стъалыты урсбын фæд фæзыны, уый. Уырыссагау – «Млечный путь». Æрфæны хонынц зæххон бæхты фыдæл, уымæй, дам, равзæрдысты.

«Буцефал»

Историйы баззад Мачъидон Алыксандры бæх Буцефалы кой. Райдианты бæх йæхимæ хæстæг никæй уагъта. Æрмæст Мачъидон Алыксандры бон баци бæхыл сбадын. Буцефал бирæ хатт фервæзын кодта мæлæтæй йæ хицауы.

*Хъуыдыйæдтæй дыууæ тексты саразыны фæстæ къордты уæнгтæ æххæст кæнынц хæслæвæрдтæ:*

1) Тексттæн сæргæндтæ æрхъуыды кæнын.

2) Зæгъын, цы у текст.

3) Рафыссын æххæстгæнæнтæ семæ баст дзырдтимæ. Фæрстытæ сæм раттын.

4) Æххæстгæнæнтæ цæмæй загъд æрцыдысты, уый зæгъын.

***IV. Æрмæг бафидар кæнынæн куыст.***

*1) Æххæстгæнæны тыххæй синквейн (фондзрæнхъон) саразын*

Синквейны арæзт:

1-аг рæнхъ – ныхас цæуыл цæуы, уыцы предметы ном (номдар);

2-аг рæнхъ – предметы æууæлтæ æргомгæнæг дыууæ миногоны;

3-аг рæнхъ – предметы функцитæ æргомгæнæг æртæ мивдисæджы;

4-æм рæнхъ – ныхас цæуыл цæуы, уыцы предметы тыххæй иу хъуыдыйад саразын;

5-æм рæнхъ – предметы ном баивын синонимæй.

*Зæгъæм:*

æххæстгæнæн

цымыдисаг, фæрссаг

æххæст кæны, нысан кæны, дзуапп дæтты

Æххæстгæнæнмæ фарст дæттæм зæгъинагæй.

предмет

2) Эпигрæфмæ раздæхын.

– Цавæр зонд нын амонынц Экзюперийы ныхæстæ?

(скъоладзауты дзуæппытæм байхъусын)

3) Рæнхъытæ кæронмæ ахæццæ кæнын:

– Абон урочы базыдтон …

– Урочы мæ зæрдæмæ фæцыдысты ахæм куысты хуызтæ: …

– Зын мæм фæкастысты ахæм хæслæвæрдтæ:…

– Урочы мæм сæвзæрд ахæм хъуыды: ….

– Мæ зонындзинæдтæ мæ бахъæуздзысты ….

– Хæдзары нæхимæ радзурдзынæн ….

***V. Хæдзармæ куыст:***

Сæргæндтæй иумæ гæсгæ ныффыссын сочинени:

1) Бæхмæ куыд зилын хъæуы? (таурæгъон сочинени);

2) Мæ цæстытыл уайы нарты Уырызмæджы бæх (сочинени-æрфыст);

3) Бæхæй уæздандæр фосæй нæй (сочинени-тæрхон).

***Адеты Фатимæ,***
***Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ
## (ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куыст)

***Урочы темæ:*** **«Де 'рвыл боны цард. Зæлинæйы гуырæнбон».**

*Грамматикон темæ:* «Мивдисæг».

***Урочы нысантæ:***

1. Скъоладзауты дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнын. Диалогон ныхасы рæзтыл бакусын.
2. Бацамонын мивдисджыты ифтындзæг.
3. Скъоладзауты ахуыр кæнын кæрæдзийæн æмæ хистæртæн æгъдау дæттыныл.

*Урочы фæлгонц:* компьютер, дидактикон æрмæг, иллюстрацитæ, нывтæ.

***Урочы цыд:***
***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, мæ хæлæрттæ. Абоны урок уын бирæ зонындзинæдтæ æрхæссæд. Фæйнæгыл ис дзырдбыд, æмæ йæ куы баххæст кæнæм, уæд сбæрæг уыдзæн, абон цæуыл бадзурдзыстæм, уый. Æркæсут нывтæм æмæ сын сæ нæмттæ иронау ныффыссут. Ссарут дзырдбыды сæйраг дзырд. *(Бæрæгбон).*

*Ахуыргæнæг:* Уырыссаг æвзагмæ йæ ратæлмац кæнут.

Ранымайут-ма, цы бæрæгбонтæ фæбæрæг кæнут, уыдон.

(Ногбон, куадзæн, 8-æм мартъи, 1-æм Май æмæ а. д.)

*Ахуыргæнæг:* Куыд уæм кæсы, адæймаджы гуырæнбон бæрæгбоныл банымайæн ис? (дзуапп: чысыл бæрæгбон у алкæмæн дæр)

*Фæйнæгыл презентаци сывæллæтты хуызистытæ æмæ зарæгимæ)*

(Презентацийы æвдыст цæуы гуырæнбон, хуызистытæ нæ гуырæнбонты нымæцтимæ. Абон дзурдзыстæм гуырæнбоны тыххæй).

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Ахуыргæнæг:* Уæдæ нæ абоны урочы темæ у: «Де 'рвылбоны цард». Кусæм текст «Зæлинæйы гуырæнбон»-мæ гæсгæ. Мах нæхи цæттæ кодтам Зæлинæйы гуырæнбонмæ. Байхъусæм-ма лæмбынæг Зæлинæ æмæ Ацæмæзы ныхасмæ.

*Зæлинæ.* Ацæмæз, тагъд уазджытæ æрбацæуыдзысты, æмæ фынг арæвдз кæнæм.

*Ацæмæз.* Арæвдз кæнæм. Фæлæ, уазджытæ цал уыдзысты, уый зоныс?

*Зæлинæ.* Зонын. Хуынды гæххæттытæ радтон Янæйæн, Муратæн, Тимурæн, Батрадзæн, Аминæтæн.

*Ацæмæз.* Алинæйы ферох кодтай.

*Зæлинæ.* Хуынды гæххæтт къулыл бакодтон æмæ йæ иннæтæ дæр фендзысты. Мæнæ ахæм:

Мæ зынаргъ æмкъласонтæ!

Дыццæджы уыдзæнис мæ гуырæн бон æмæ уæ нæхимæ хонын!

Æнхъæлмæ уæм кæсдзынæн цыппæрдæс сахатыл.

Мæ адрис: Коцойты Арсены уынг, 56-æм хæдзар, 17-æм фатер.

Зæлинæ

*Ахуыргæнæг:* Сывæллæттæ, иууылдæр райстат хуынды гæххæттытæ æмæ цæуын хъæуы гуырæнбонмæ. Фæнды уæ? *(О)*

– Бахатыр кæнут, фæлæ Зæлинæтæм иронау дзурын хъæудзæн. Цы дзырдтæ нæ бахъæудзæн, уыдон мæнæ сты (амоны фæйнæгмæ). Нæ зæрдыл сæ æрлæууын кæнæм.

*2. Дзырдуатон куыст:* Бæрæгбон арæзт, райдзаст, аив, фынджы уæлхъус, байдзаг кодта, бафу кодтой, ацаходын.

*3. Ахуыргæнæг:* Ныр цæуæм уæдæ гуырæнбонмæ. Цавæр лæвæрттимæ цæут Зæлинæмæ? Афтидæй цæуæн нæй.

(*Ахуырдзаутæ дзуапп дæттынц)*

Мах Зæлинæйæн æрбахастам арфæйы гæххæттытæ. *(Цалдæр ахуырдзауы кæсынц, хæдзары цы арфæйы гæххæттытæ бацæттæ кодтой, уыдон).*

Дæ райгуырæн боны тыххæй дын арфæ кæнын.

Æнæниз, амондджын у.

*Ахуыргæнæг: Чи ма уæ цы лæвар æрбахаста.*

*(Скъоладзаутæ дзурынц сæ лæвæртты тыххæй)*

*Ахуыргæнæг:* Хорз бацæттæ кодтат уæхи, фæцæуæм бæрæгбонмæ.

*4. Чиныгимæ куыст. Бакæсын текст. Фæрстытæн дзуæппытæ раттын.*

(Ахуырдзаутæ, презентацийы æрмæгыл æнцой кæнгæйæ, кæсынц текст «Зæлинæйы гуырæнбон», тæлмац æй кæнынц).

Фæрстытæ текстмæ:

– Кæд æрбацыдысты Зæлинæ æмæ Ацæмæзы æмбæлттæ?

– Цы æрбахастой Зæлинæйæн?

– Кæдæм бахуыдта Зæлинæ йе 'мбæлтты?

– Кæм æрбадын кодтой лæппуты æмæ чызджыты?

– Чи æрбацыдис уазджытæм? Цы æрбахастой семæ?

– Цал азы сæххæст ис Зæлинæйыл?

– Цы ми бакодтой Зæлинæ æмæ Таймураз, Аминæт тъорты цырæгътæ куы ссыгъта, уæд?

*Ахуыргæнæг:* Уæ зæрдыл ма æрлæууын кæнут, хистæр куы æрбацыдис, уæд сабитæ цы ми бакодтой? Тексты ссарут уыцы бынат.

(Куы æрбацыдис, уæд сыстадысты).

*Ахуыргæнæг:* Куыд дардта йæхи Ацæмæз хистæры раз?

(Йæ къухæй йын сыкъа райста æмæ йæ байдзаг кодта бæгæныйæ, стæй йæ радта зæронд лæгмæ).

*Ахуыргæнæг:* Цавæр хатдзæг скæндзыстæм нæхицæн ацы текстæй? (Сабитæ хистæрæн лæггад кæнын хъуамæ зоной, аргъ кæнын зоной?)

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ-ма бакæсæм хъуыдыйæдтæ, хистæр æмæ кæстæры æхсæн цы ахастытæ вæййы, уый тыххæй æмæ сын сæ тæлмацтæ ссарæм.

*Хистæрæн фæндаг дæттын хъæуы.*
*Кæстæр хистæрæн лæггад кæны.*
*Хистæры коммæ кæсын хъæуы.*
*Хистæр дзуры, кæстæр хъусы.*

(Ахуырдзаутæ дзурынц, куыд æмбарынц хъуыдыйæдтæ, уый).

*Ахуыргæнæг:* Сымах дæр хъуамæ афтæ кæнат.

*5. Улæфты рæстæг.* (Ахуырдзаутæ зарынц зарæг).

*6. Ахуыргæнæг:* Хъуыдыйæдты ис дзырдтæ: *дæттын, лæггад кæнын, коммæ кæсын, дзуры, хъусы.* Цавæр ныхасы хæйттæ сты ацы дзырдтæ? *(Мивдисджытæ).*

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ нæ урочы абон нæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм мивдисæг.

а) Цы зонæм мивдисæджы тыххæй?

(Мивдисæг æвдисы предметы архайд æмæ дзуапп дæтты фæрстытæн Цы ми кæны? Цы кæны?)

æ) Цал цæсгомы ис мивдисæгæн? (*Æртæ цæсгомы: фыццаг, дыккаг, æртыккаг)*

б) Цал афоны*? (Æртæ афоны: нырыккон, суинаг, ивгъуыд).*

*7. Ахуыргæнæг:* Фæстаг хъуыдыйады ис дыууæ мивдисæджы *дзуры* æмæ *кæсы.* Кæцы афоны, нымæцы æмæ цæсгомы мивдисджытæ сты? Аифтындзæг сæ кæнут.

*8. Хæс:* Хъуыдыйæдтæ цухгонд мивдисджытæй баххæст кæнын.

Хистæртæ уатмæ куы 'рбацыдысты, уæд сывæллæттæ… .

Тембол сын йæ къухæй ацамыдта, æрбадут, зæгъгæ. Уыдон… . Ацæмæз зæронд лæджы къухæй… дурын, сыкъа бæгæныйæ байдзаг кодта æмæ йæ фыды фыдмæ … . Йæхæдæг та дурынимæ йæ уæлхъус… .

(Сбадтысты, райста, æрлæууыдис, сыстадысты).

*9. Хæс: Равзар раст вариант.*

Зæлинæ æмæ Ацæмæзы æмбæлттæ → ацыдысты / æрбацыдысты

Лæппутæ æмæ чызджыты фынджы уæлхъус → сыстын кодтой. / æрбадын кодтой

Зæлинæ æрбадтис → хистæры бынаты / ноггуырды бынаты

Лæппу дурын сыкъа байдзаг кодта → донæй / бæгæныйæ

*10. Ахуыргæнæг:* Ныр та ма байхъусæм Зæлинæйы дадайы куывдмæ.

Чи зоны йæ нæ бамбардзыстут, фæлæ уæм куыд кæсы, цавæр арфæтæ хъуамæ ракодтаид дада йæ гыццыл чызгæн æмæ сабитæн?

(Сабитæ хъусынц куывдмæ. Ахуырдзаутæ дзуапп дæттынц).

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ æцæгæй афтæ у, æви нæ, уый та базондзыстæм иннæ урочы. Уæхимæ сахуыр кæндзыстут, тексты бынмæ цы дзырдтæ лæвæрд ис, уыдон æмæ лæмбынæгдæр адзурдзыстæм дадайы куывдыл.

***III. Урочы хатдзæгтæ.***

– Кæмæ уыдыстæм абон уазæгуаты?

– Цы фæцыд уæ зæрдæмæ ацы урочы?

– Кæй куыст фæцыд уæ зæрдæмæ?

***IV. Хæдзармæ куыст:***

Сахуыр кæнын дзырдтæ – 20-æм фæлтæрæны 2-аг хай.

*Ахуыргæнæг:* Ныр та уæ алчи йæ дзуаппæн раст аргъ скæнæд æмæ йæхицæн райсæд мæнæ ацы рæсугъд бæрæггæнæнтæй, æз та йын æй журналы сæвæрдзынæн.

***Гæззаты Татьянæ,***
***Архонкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг***

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 6-ÆМ КЪЛАСЫ
## (Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ куыст)

***Ныхасы темæ:* «Афæдзы афонтæ. Зымæг».**

***Грамматикон темæ:*** «Номдарты тасындзæг бирæон нымæцы».

***Урочы нысантæ:***

1. Æрдзурын афæдзы афонтыл, бафидар кæнын номдарты тасындзæг.
2. Ныхасы рæзтыл бакусын.
3. Æрдзмæ уарзон цæстæй кæсын, йæ рæсугъддзинад ын æнкъарыныл ахуыр кæнын.

***Урочы хуыз:*** урок-хъазт.

Урочы пайдагонд цæуы компьютерæй, музыкæйæ.

**Урочы цыд:**

***1. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæджы разныхас* абоны урочы тыххæй, хъазт куыд цæудзæн, уый тыххæй.

Сывæллæттæ музыкæ æмæ нывтæм гæсгæ хъуамæ базоной, ныхас цæуыл цæудзæн, уый. (*Афæдзы афонтыл)*

2. Дзырдуатон куыст.

Сывæллæттæй иутæ дзурынц, нывты цы предметтæ ис, уыдоны нæмттæ, иннæтæ сæ иумæ фæзмынц: бæлас, бæлæстæ; цъиу, цъиутæ; дидинæг, дидинджытæ; сыфтæр, сыфтæртæ; хæхтæ, хъæдтæ, цæугæдон, мит, миты гæлæбутæ.

***II. Урочы темæйыл куыст.***

*Дуар æрбахостæуыд. Æрбахызтысты 5 скъоладзауы: Мад йæ 4 чызгимæ (Сæрд, Уалдзæг, Фæззæг, Зымæг).*

Сценкæ «Афæдзы афонтæ».

*Мад:* Уæ бон хорз! Мæнæ адон мæ чызджытæ сты. Сæ иуæй – иннæ рæсугъддæр, сæ иуæй – иннæ хуыздæр! Мæ къонатæ, алкæй дæр уæ тынг уарзын, алкæмæ дæр уæ бирæ хорздзинæдтæ ис, фæлæ ма мæнæ ацы адæмы раз зæгъут, чи уæ цæмæй хъал у?!

*(Райхъуысы музыкæ, Зымæг æрзылд йæ бынаты)*

*Зымæг:* Мæн сывæллæттæ бирæ уарзынц. Æз æрхæссын бирæ мит, æмæ сывæллæттæ фæбырынц дзоныгътыл, къахдзоныгътыл, аразынц митын дадатæ. Ноджы ма æз мемæ æрхæссын адæмы уарзон бæрæгбон – Ног аз.

(Райхъуыст æндæр музыкæ. Уалдзæг æрзылд йæ бынаты).

*Уалдзæг:* Дæхицæй цы ‘ппæлыс мæ разы? Уый æмæ дын æз! Мæнимæ райхъал вæййы æрдз. Кæрдæг, бæлæсты сыфтæ фæцъæх вæййынц, мæргътæ хъæлдзæгæй фæзарынц.

*(Музыкæ. Сæрд æрзылдис).*

*Сæрд:* Худинаг уæм нæ кæсы, мæ разы уæхицæй куы ‘ппæлут, уæд?! Æз адæмæн хæссын хуры хъарм, бæстæ дидинæг фестын кæнын. Сывæллæттæ ме ’рцыдмæ тынг фенхъæлмæ кæсынц, уымæн æмæ уæд скъоламæ нал фæцæуынц, фæулæфынц денджызы был, кæнæ æндæр рæтты.

(Райхъуысы æндæр музыкæ. Фæззæг æрзылдис).

*Фæззæг:* Цæуыл дзурут ныр? Æз дæн уе ‘ппæтæй хуыздæр, рæсугъддæр. Бæлæстыл скæнын алыхуызон сызгъæрин дарæс, æрхæссын стыр бæркад: дыргътæ, халсартæ, нартхор, мæнæу æмæ ма æндæр цыдæртæ. Адæм сæ хъæздыг бæркадæй саразынц бæрæгбон – Джеоргуыба.

Мад: Ма быцæу кæнут, мæ хуртæ! Уе

’ппæт дæр хъæут адæмы, уе ’ппæты дæр уарзынц. Æз дæр уæ бирæ уарзын!

(Ацыдысты)

*Ахуыргæнæг:* Чи уыдысты нæ уазджытæ? Цæуыл дзырдтой? *(сывæллæтты дзуæппытæ).*

*2. Дзырдбыд (уыци-уыцитæ базонын, дзуæппытæ иронау дзурынц).*




Утром мы во двор идём –
Листья сыплются дождём,
Под ногами шелестят
И летят, летят, летят... *(Фæззæг)*

Летит, а не птица,
Воет, а не зверь. *(Дымгæ)*

Всю зиму лежал,
Весной в реку побежал. *(Мит)*

Можно купаться и рыбу ловить,
Можно по лесу с корзиной бродить,
Бегать по лужам под дождиком тёплым
И не бояться до нитки промокнуть.
*(Сæрд)*

Она приходит с лаской
И со своею сказкою.
Волшебной палочкой взмахнёт -
В лесу подснежник расцветёт. *(Уалдзæг)*

Запорошила дорожки,
Разукрасила окошки,
Радость детям подарила
И на санках прокатила. *(Зымæг)*

*3. Командæты самопрезентацитæ (капитантæ дзурынц цыбыр æмдзæвгæтæ).*

Зымæг
Зымæг нын æрхæссы
Уазал æмæ мит,
Уыимæ ма Ног аз, –
Хъæлдзæгдзинад, цин!

Уалдзæг
Уалдзæгæн йе ’рцыдæй
Райхъал ис цард.
Мæргътæн та хъæлдзæгæй
Хъуысы сæ зард.

Сæрд
Афæдзæн йæ афонтæй
Хъæлдзæгдæр у сæрд,
Сывæллæттæн уарзондæр, –
Улæфты рæстæг.

Фæззæг
Фæззæг у бæркадджын,
Фæззæг у рæсугъд,
Халсартæ’ мæ дыргътæй
Фæззæг у хъæздыг.

*4. Капитантæ дзурынц цыбыртæй сæхи тыххæй (чи у, цал азы йыл цæуы, кæцы къласы ахуыр кæны).*

*5. «Тестытимæ куыст».*

*(алы командæйæн дæр фæйнæ 2 тесты. Раст дзуаппæн – стъалы.)*

Кæд æртæхынц мæргътæ хъарм бæстæй?
1) зымæджы 3) сæрды
2) уалдзæджы 4) фæззæджы

Фæззæджы бæрæгбон у
1) Ног аз;
2) Цыппурс;
3) Джеоргуыба;
4) Хетæджы бон.

Фыццаг уалдзыгон дидинæг у
1) уарди;
2) малусæг;
3) джыджына;
4) урсдидинæг.

Æппæты зарагдæр маргъ у
1) зæрватыкк;
2) цæргæс;
3) сырддонцъиу;

4) булæмæргъ.

Уалдзæджы кæрдæг вæййы…

1) бур;

2) цъæх;

3) морæ;

4) æрвхуыз.

Афæдзы ис

1) 5 афоны;

2) 3 афоны;

3) 12 афоны;

4) 4 афоны.

Ирон æвзаджы ис

1) 9 хауæны;

2) 8 хауæны;

3) 6 хауæны;

4) 7 хауæны.

Хъуыдыйад баххæст кæнын. Фæззæджы

1) сывæллæттæ бырынц дзоныгътыл;

2) адæм æмбырд кæнынц дыргътæ, халсартæ;

3) арæх уары къæвда;

4) адæм улæфынц денджызы был.

*6. Дзырдуатон диктант.* Ахуыргæнæг дзырдтæ дзуры уырыссагау, сывæллæттæ сæ фыссынц иронау. Алы командæйæ дæр дыууæ скъоладзауы фыссынц фæйнæгыл. Иннæтæ фыссынц сæ тетрæдты. Иттæг раст фыстæн лæвæрд цæуы "стъалы".

Дождь, облака, санки, погода, Осетия, родители, природа.

*7. Хæслæвæрдтæ баххæст кæнын.*

*Дамгъæтæй дзырдтæ саразын:*

1) в, æ, къ, а, д – къæвда

2) г, ы, з, м, æ – зымæг

3) р, æ, дз – æрдз

4) м, æ, г,ы, д – дымгæ

*Рæдыдтытæ сраст кæнын:*

1) Сымах уыдысты хъæды.

2) Ды уарзын зымæг.

3) Æз дæ зондджын ахуырдзау.

4) Знон мах уыдыстут дуканийы.

Дзырдтæй саразын хъуыдыйæдтæ:

Уазал, бырынц, фæлæ, абон, сывæллæттæ, у, дзоныгътыл, гыццыл.

*(Абон у уазал, фæлæ гыццыл сывæллæттæ бырынц дзоныгътыл)*

Цæрынц, хъæдты, цæрæгойтæ, Ирыстоны, алыхуызон.

*(Ирыстоны хъæдты цæрынц алыхуызон цæрæгойтæ)*

Дзырдбæстытæ саразын:

| | |
|---|---|
| фæззæг | адджын |
| сывæллон | уалдзыгон |
| райсом | зонджын |
| дыргътæ | сызгъæрин |
| сæрд | уарзон |
| Ирыстон | тæвд |

Рæдыдтытæ сраст кæнын:

1) И. х. кæмæ? цæмæ? кæцæй?

2) Х. х. кæуыл? цæуыл? куыд?

3) Г. х. кæй? цæй? кæм? цæм?

4) Ц. х. кæимæ? цæимæ? кæдæм?

Рæдыдтытæ ссарын:

1) Д. х. кæмæн? хотæн

2) Æ.-б. х. кæуыл? хотыл

3) Г. х. кæй? хотæй

4) А. х. кæмæ? хотмæ

*8. Текстыл (æмдзæвгæйыл) куыст (чиныджы 69-æм фарсыл)*

– Текст аив бакæсын, ратæлмац æй кæнын.

– Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын.

– Хъуыдыйад ссарын. Ахуыргæнæг уырыссагау дзуры текстæй иу хъуыдыйад, сывæллæттæ йæ тексты ссарынц æмæ йæ иронау кæсынц.

– Тексты ссарын бирæон нымæцы номдартæ, зæгъын, кæцы хауæны æмæ нымæцы сты.

***III. Урокæн хатдзæгтæ скæнын*** *(ахуыргæнæджы кæронбæттæн ныхас).*

# АХУЫРГÆНÆДЖЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ



***Дзгойты Аллæ,***
***Дзæуджыхъæуы скъола-интернаты ахуыргæнæг***

## Кæсгон кафт

Мæ царды цин дæуæн зæгъин,
Кæсгон кафт та куы акæнин.
Дæу рæвдауын уæд бавзарин,
Нæ цардæн та ысаргъ кæнин.

Кæсгон кафт у æппæт дуне,
Мæ удæн та – йæ миддуне.
Нывæндын дзы мæ рухс фæндтæ,
Мæ цардæн ды, уæд йе 'мбис дæ.

Хатыр мæнæн, мæ хæлæрттæ,
Кæд ивгъуыд бон кæсгон уыдтæн.
Мæ царды 'мбис уæд ацы кафт,
Хæссын æдзух æз ацы уаргъ.

## Фыды уæзæг

Райгуырæн бæстæ, зынаргъ дæ мæнæн,
Демæ нывæндын мæ фæндтæ æз дæр.
Алчи йæ къонайы фарнæй цæрæд,
Амондджын фидæнмæ райгæ цæуæд!

Уарзут уæ хистæрты, кад сын кæнут,
Мадæлтæн, фыдæлтæн ма скæнут зын.
Райгуырæн уæзæгæн баивæн нæй,
Байрæзут кадджынæй. Амондджын ут!

## Фатимæйæн

Мæ мады хо, адджын, зынаргъ дæ мæнæн,
Æрвылбон мæ хоимæ кувæм дæуæн.
Ыснывонд нын кодтай дæ царды фæндаг,
Дæ кæстæр та махæн – нæ ныййарæг мад.

Ды буцæй фæрæвдыдтай махæн нæ рæз,
Æнæзивæг абон мах фидæм нæ хæс.
Йæ мады фæндиаг нæ вæййы кæстæр,
«Мæ хуыздæртæ адон», – фæзæгъыс уæддæр.

Фæдзурыс нын арæх: «Куы уарзат уæ цард,
Уæ къонаты хъарм уæд уыдзæни уæ фаг».
Нæ уарзон Фатимæ, фæцæр нын фæрнæй,
Нæ хæдзæртты артдзæст ныфсджын у дæуæй.

**Сызгъæрин рæстæг**

Фæззægæй та зæрдæ райы –
Уалдзæджы куыд ради, майы.

Бæласы сыфтæ – сыгъзæрин,
Нартхоры æфсир – æрмæрин.

Быдыр байдзаг и бæркадæй,
Кæсаг сцъыввытт кæны цадæй.

Мæргътæн хуссармæ – сæ тахт,
Уый тыххæй сæм ма кæн загъд.

’Ртæхдзысты та ног фæстæмæ
Уарзон райгуырæн бæстæмæ.

Фæззæг ралæууыд йæ афон,-
’Нкъард, æрхуым рæстæг æй ма хон.

Байдзаг та кæндзæн нæ хордон,
Амондджын уыдзæн нæ сомбон.

***Быценты Светланæ*,**
**Беслæны 7-æм скъолайы**
**ахуыргæнæг**

## «ÆЗ ДÆ ХЪАХЪХЪÆНÆГ, ИРОН ДЗЫРД!»

### ЭССЕ

*Цæй, уæдæ, бæрзонд Кавказæй*
*Нарты ’взагæй дзурæм ныр.*
Барахъты Гино

Æрдз нæ бавгъау кодта рæсугъддзинад мæ Иры зæххæн: бæрзонд урссæр хæхтæ, тызмæг цæугæдæттæ, цъититæ, æнæвнæлд хъæдтæ, цъæх быдыртæ, сыгъдæг, зæлланггæнаг, хъуытазхъæлæс суадæттæ... Номдзыд, уазæгуарзон адæм... Фæлæ æппæт уыцы рæсугъддзинад аивдæр кæны, не сфæлдисæг нын зынаргъдæрæн цы балæвар кодта, нæ фыдæлтæ æнусы дæргъы цæсты гагуыйау кæй фæхъахъхъæдтой, уыцы Ирон Дзырдæй.

**Ирон** æвзаг!.. Мæ цинты цин, мæ хъыджы сæр... Кæцæй райстай дæ **минмырон** хъæлæс, кæм ис дæ ратæдзæн?

Нæ фыдæлтæ уыдысты дунейы рагондæр адæмтæй иу. Библи нын куыд зæгъы, афтæмæй дунеон донивылды рæстæг Хуыцау аирвæзын кодта æрмæстдæр Нойы йæ бинонтимæ. Нойы æртæ фыртæй равзæрд Магог, Магогæй та – скифтæ. Скифтæ – разагъды фыдæлтæ, мах æвзагыл кæй дзырдтой, уымæн та ис бирæ археологион

ævдисæнтæ. Скифты рагон хъæууатты цы фыстытæ ссардтой, уыдон хæстæг лæууынц ирон æвзагмæ.

Зынаргъ та куыд нæ уыд, уæдæ, се 'взаг нæ нæрæмон фыдæлтæн!.. Кæд сæ царды тымыгъты фæхастой Астæуккаг Азийæ Ныгуылæн Европæмæ, суанг ма Африкæмæ дæр, уæддæр нæ байсыст йæ зæллангæнаг хъæлæс. Æвæццæгæн, Хуыцауы цæст дæр нæ бауарзта йæ фесафын, æмæ йæ æрхæццæ кодта æнусты сæрты махмæ дæр!

Цалынмæ адæмыхатт йе 'взаг нæ фесафа, уæдмæ цæры. Уарзиаты Вилены хъуыдымæ гæсгæ, нæ мадæлон æвзаг у фæстаг цардæгас индоирайнаг æвзаг. Уый нæ иу кæны европæйаг скифтæ æмæ сæрмæттимæ, азиаг сактæ æмæ массæгеттимæ æмæ, æппынфæстаг, нæ фыдæлтæ – алантимæ.

Мадæлон æвзаг – æвзæгты сæр. Æвзаг у адæмы хъуыдыйы хотых, мадзал, культурæйы хæзнаты цыртдзæвæн. Мæнæ куыд зæгъы Тыбылты Алыксандр: «Нæ зонды фæрæзтæ, нæ зонды ахастытæ баст сты, сывæллонæй цы взагыл байдыдтам дзурын, нæ мадæлтæ нын авдæны зарджытæ кæуыл кодтой, уыцы æвзагимæ. Æцæгæлон æвзагыл зонды мæсыг нæ самайдзынæ».

Уæдæ, алы адæймагыл дæр йæ фыдыбæстæйы раз хæс æвæрд куыд ис, афтæ йыл ис хæс æвæрд йæ мадæлон æвзаджы раз дæр. Хъуамæ йыл дзура йæхæдæг дæр æмæ йыл дзурын кæна йæ кæстæрты дæр. Куыд раст, куыд зæрдæмæхъаргæ дзырдтæ ссардта Астемыраты Изетæ:

*Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы 'взæгтæ,*
*Нæ дзы взарын хæстæг æмæ дæрддаг.*
*Фæлæ ныххойыс зæрдæйы къæсæртæ*
*Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг!*

Ирон æвзаг... Æз мады гуыбынмæ фехъуыстон дæ рæсугъд зæлтæ, мæ тугдадзинты ацыдысты «А-ло-лай»-йы зарæгимæ. Поэт Хъодзаты Æхсар афтæ фыссы:

*Ирон Дзырд дæр Хуыцаумæ уыд фыццаг,*
*Фæлæ йæ радта уарзонæй йæ фыртæн:*
*Ирон дзырдæн йæ Хуыцау ныр –Къоста.*

Куыд нæ уон кадджын уыцы æвзагæй, йæ «Хуыцау» ныр Къоста кæмæн у! Куыд нæ уон сæрыстыр уыцы æвзагæй, нæ хæстонты-иу Къостайы «Ирон фæндыр»-ы зæлтæм уæлахизмæ чи кодта!

Мадæлон æвзаг! Мæ фыдæлтæ дæ стыр хæзнайау лæвæрдтой сæ фæстагæттæн. Хæссын дæ мæ риуы æз дæр, мады æхсырау мын адджын дæ.

Зæрдыл æрлæууынц Абайты Васойы ныхæстæ, зæгъгæ, æвзæгты Сырх чиныг арæзт куы æрцæуид, уæд уырдæм фыццаг ирон æвзаг бахъæуид бахæссын. Æмæ мæнæ диссаг! ЮНЕСКО сæфæг æвзæгты номхыгъдмæ ирон æвзаг дæр бахаста.

Фæлæ мæн уырны, нæ мадæлон æвзагæн йæ рæсугъддзинад чи бамбара, уый зæрдæйæ кæй нал сцух уыдзан æнустæм. Мæн уырны, кæй та нæм фæзындзæн нæрæмон Къостайы хъуызæн лæг, йæ «арфæйы дзырдæй» ирон адæмы чи рамбырд кæндзæн, ахæм гуырд. Мæн уырны, нæ Иры сомбон æрмæстдæр мадæлон æвзагæй кæнгæ кæй у, æмæ æмхуызонæй кæй дзурдзыстæм нæ рæсугъд æвзагыл.

Ацы æмдзæвгæйæ равдыстон, мæ зæрдæ мæ Иры зæххæн цы зæгъы, уый.

*Хуыцау, лæууын мæ зонгуытыл дæ разы.*
*О, айс мæ куывд, æз дын лæгъстæ кæнын.*
*Мæ Иры зæхх зындзинæдтæн фæразы,*
*Фæлæ йæ ма уадз макæд бын кæнын.*

*Хуыцау, мæ Ирæн ратт цæрæнбон, амонд.*
*Уадз хъуыса дард йæ фæндыры хъæлæс.*
*Йæ хуымæй-иу цы бæркад райса фарон,*
*Фæуæд-иу ацы аз ноджыдæр дæс-дæс.*

*Мæ Иры 'дзух сæрæнгуырдтæ куыд гуыра,*
*Хъуытазхъæлæс чызджытæй ма уа цух;*
*О, ма бауадз, цæмæй нæм знаг лæбура,*
*Нæ рæсугъд хæхтыл хур кæсæд æдзух.*

*Хуыцау, сæуæхсид райсомæй куы скæсы,*
*Фæуæд нын уый рухс удрæвдыдæн фаг !*
*Мæ Иры зæрдæ ирд бæллиц куы схæссы,*
*Æвдисæд-иу æй рагуалдзæджы цард.*



## ИРОН ÆВЗАГ – ЙÆ УДЫ РУХС

Ирыстон йæ уды бæрц чи уарзы, ирон аивады рæзтмæ стыр æвæрæн чи бахаста, уыдонæй иу у ***Хуырымты Аллæ.***

Аллæ у фæлтæрдджын ахуыргæнæг, дæсны фæндырдзæгъдæг. Бирæ азты фæкуыста рæзгæ фæлтæримæ, бацæттæ кодта сабиты ирон фæндырыл цæгъдын ахуыр кæныны методикæ. Нæ литературæйы классиктæй бирæты æмдзæвгæтыл сарæзта зарджытæ, абон дæр сæ зарынц ирон сабитæ.

Стыр курдиаты хицау уæвгæйæ, Аллæ йе 'вæрæн бахаста ирон поэзимæ дæр. Ацы номыры йын цы æмдзæвгæтæ мыхуыр кæнæм, уыдонæй бæрæг у йæ миддунейы хъæздыгдзинад.

Хуырымты Аллæйæн нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ бирæ æнтыстытæ.

*«Ирон фæндыр» кæсгæйæ*

Дыууæ фæндыры райсын æз мæ къухмæ,
Сæ иу мæ цæст у, иннæ та – мæ уд.
Нылвасын сæ мæ хъæбулау мæ риумæ,
Сæ зæлтæй у нæ Ирыстон рæсугъд.
Ам – уарзты тых, уым – маст æмæ
лæгдзинад,
Цынæ æвдисынц а зæххыл, цынæ!
Сымах ыстут нæ Иры зæххы уидаг,
Уæларвон тыхтæ бауадзут лæгмæ.

Дыууæ фæндыры райсын æз мæ къухмæ,
Кæрæдзийæн лæггад кæнынц, бæгуы.
Уæ фæрцы рухс куы ныккæсы мæ удмæ,
Уæ фæрцы мæ зæххыл цæрын фæнды.

Нылвасын æз дыууæ фæндыры риумæ,
Уæ уацары, сымах мын тых дæттут.
Дзырды хæзна, цæсты гагуы – сæ иннæ.
Ирыстонæн ыстыр лæггад кæнут.

Кæсдзысты дæу, уæд иннæмæй
цæгъддзысты,
Æнус-æнусты бамынæг уын нæй.
Нæ дзыллæтæ сымах зæлтæм хъырндзысты,
Сымах ыстут нæ хур æмæ нæ мæй.

Нылвасын æз дыууæ фæндыры риумæ,
Сæ номмæ ма сын бафтауын нæмттæ.
Ысдзурын дзы æз «арвæрдын» сæ иумæ,
У иннæ та «Ырыстоны зæрдæ».

Мæ ис æмæ мæ бон зæгъын сымахæй,
Ирон фæндыр у дард бæстæм бæлццон.
Ыскодтат ном  Ирыстонæн уæ зæлтæй,
Уæ зарæг у æнæмæлгæ – нæртон.

*Ирон æвзаг – нæ уды рухс*

Кæй зæрдæйы ирондзинад нæ гуыры,
Кæмæн ысси æцæгæлон нæ дзырд,
Куыд æй зæгъон,   Ирыстоны уый уарзы?!
Куыд æй схонон Ирыстонæн йæ фырт?!

Æвзæгтæ зонын амонды фæндаг у,
Фыдæлты фарн йæ фæрцы мах хæссæм.
Тæхуды, уымæн бирæ хæрзты бацу!
Ирон æвзаг –  мæ удлæууæн мæнæн.

Ирон æвзаг – мæ уды цин, цырагъ у,
Ирон æвзаг – Цыкурайы фæрдыг.
Æвзæгтæ зонын зæрдæтæм фæндаг у,
Æнустæм у дæ ’нæцудгæ мæсыг.

Ирон æвзаг сæууон хуры ыскаст у,
Мæ авдænмæ йæ зæлтæ хъуыстон æз.
Мæнæн, мæнæн ныййарæгау зынаргъ у,
Фыдæлты фарн æнусты сæрты хæсс.

Ирон æвзаг, мæ зæрдæйæн – йæ зæрдæ,
Хуыцауы зынгæй равзæргæ – Нæртон.
Нæ рыст зæххыл хæстонимæ хæстон дæ,
Дæ рæсугъд зæлтæн макуы уæд кæрон!

Ирон æвзагыл хæхты зæлтæ зæлынц,
Ирон фæндыр Хуыцауæй у лæвæрд.
Дæуæн лæггад цы хъæбултæ фæкæнынц,-
Æрфæны фæдау баззайы сæ фæд.

Ирон æвзаг – мæ зæрдæйы, мæ туджы,
Ирон æвзаг мæ базырджын кæны.
Куы фæцуда нæ Иры фарн нæ дуджы,
Цæсты гагуыйау – хъахъхъæнинаг ды.

*Ирыстоны кад*
(Абайты Васойы 95-æм азы кадæн)

Зæгъ-ма мын, Ирыстон, сæрыстыр кæмæй дæ,
Дæрдтыл хъуыст кæмæй у дæ ном?
Дзуапп мын куы радтой нæ урссæр
къæдзæхтæ, -
Сæрыстырæй загътой дæ ном.

Ирыстоны фарнæн фæцæр ма нын бирæ,
Ирыстоны номдзыд хъæбул.
Нæ бæстæйы фидæнæй рухс уæд дæ зæрдæ,
Æрттивæд дæ сæрмæ зынг хур.

Ирыстоны кадæн ды хъуыстгонд дæ алкæм,
Нæ адæм дæуæй хæрынц ард.
Ирыстоны зæххыл дæуæн уыд дæ авдæн,
Дзæнæты фæбадæд дæ мад.

Фæцæр-ма нын бирæ, Васо, ды уæнгрогæй.
Дунескæнæг, уыцы тых ратт!
Нæ фыдæлты фарнæй ды хайджын дæ рагæй,
У хæхтæй бæрзонддæр дæ кад.

Уыдтæ, дам, æвзонгæй ды, уарийау, хъазты,
Дæ кафтыл нæ хæцыди цæст.
Нæ цæугæ мæсыг дæ, Ирыстон дыл зары,
Куырыхон, æппæтæй æххæст.

*Куы мын дзырдтой…*

Куы мын дзырдтой æрхæндæгæй
Куы тулдз бæласы сыфтæртæ,
Нæ быны, дам, уæззау цæфтæй,
Сæ уд истой, охх, хæстонтæ.

Мæ бон цы уыд, мæ сыфтæртæй
Æмбæхстон сын сæ хъæдгæмттæ.
Сæ дойны та  –  мæ цæссыгæй.
Æллæх мæ бон, сæ удхæрдтæ…

Ныддæлгом дæн æз сау зæххыл,
Ныхъхъæбыс кодтон уидæгтæн –
Æллæх мæ бон, кæд ам, зæгъын,
Фæдис кодтой сæ мадæлтæм.

Сæ фæхъхъау фæуон хæстонтæн,
Нæ сæрвæлтау – уæ æппæт цард!
Сæ фæхъхъау фæуон сыфтæртæн,
Сымах цы лæггад бакодтат!

Тызмæг бонты уæззау цæфтæй
Бæласæн йе  ’рдæг бахус и.
Æз рацыдтæн зæрдæрыстæй,
Мæ сау дзыкку уæд  аурс  и.

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

*Дзытиаты Эммæ,*
*АКЗУИ-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг*

## ФЫЦЦАГ КЪЛАСЫ АХУЫРДЗАУТЫ НЫХАСЫ ХÆРЗХЪÆДДЗИНАД БÆРÆГ КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

Райдайæн скъоламæ цы сывæллæттæ ’рбацæуы, уыдоны ныхасы хъæд аразгæ у, бинонты ’хсæн мадæлон æвзагæн цы бынат ис, æмæ йыл хистæртæ куыд дзурынц, уымæй. Стыр нысаниуæг ис рæвдауæндоны ахуыртæн дæр. Уым цы зонындзинæдтæ райсынц сабитæ, уыдон хорз æххуыс фæвæййынц сæ дарддæры рæстæн дæр.

Фыццаг къласмæ цы сывæллæттæ æрбацæуы, уыдонмæ вæййы хуымæтæг зонындзинæдтæ сæ алыварсы дунейы тыххæй. Семæ фыццаг хатт аныхас кæнгæйæ дæр рабæрæг вæййынц уыцы зонындзинæдтæ.

Сывæллæтты сæ зонындзинæдтæм гæсгæ къордтыл адих кæнынæн хорз æххуыс сты дæлдæр амынд мадзæлттæ.

I. Сывæллоны иумæйаг зонындзинæдтæ ирон æвзагæй раиртасынæн.

1) Раздæр уал сабимæ дæттæм, æнцонæй дзуапп кæмæн ратдзæн, ахæм фæрстытæ: Кæимæ цæрыс? Чи сты дæ мад æмæ дæ фыд? Цал хойы æмæ дын æфсымæры ис? Дæ мыггаг кæмæй у? Кæй хæрæфырт дæ?

Уый фæстæ нывтæм гæсгæ сбæрæг кæнæм, йæ алыварсы дуне куыд æмбары (куыд зоны), уый. Зæгъæм, афæдзы афонтæ бæлвырдæй раиртасæн кæм ис, ахæм нывтæм гæсгæ хъуамæ зæгъа, цавæр афæдзы афонтæ уыны нывты, ныр та кæцы афæдзы афон у, фылдæр кæцы афæдзы афон уарзы æмæ цæмæн, сæрдыгон кæм фæулæфынц сæ бинонтæ æмæ а.д.

2) Уæлдай ныв ссарын æмæ йæ рахицæн кæнын:
а) тæбæгъ, уидыг, къус, хæдон
б) сынтæг, бандон, стъол, фæткъуы.

II. Нымайын куыд зоны, уый сбæрæг кæнынæн сывæллоны бафæрсын: Цал азы дыл цæуы? Дæ къухы æнгуылдзтæ цал сты? Иннæ къухы æнгуылдзтæ сæм куы бафтауæм, уæд та цал уыдзысты? Цал цæсты дын ис? Мæнæн та? Каркæн цал къахы ис? Куыдзæн та? Дæсы онг ма банымай. Уымæй фылдæр ма зоныс нымайын?

III. Ныхасы хъæд, йæ аивдзинад сбæрæг кæнынæн.

Ныхасы хъæд раиртасынæн иумæйаг беседæ дæр фаг у, фæлæ ма сывæллонæн радзурын кæнæн ис æмдзæвгæ, аргъау, кæнæ исты радзырд. Хорз æххуыс у нывмæ гæсгæ радзырд аразынил æфтауын. Ам хъус æрдарын хъæуы ныхасы интонацимæ, «кавказаг» мыртæ куыд дзуры, уымæ.

IV. Цас хъæздыг у сывæллоны дзырдуат, уый базонынæн.

Ранымад фæрстытæм гæсгæ беседæ аразгæйæ дæр бæрæг вæййы сывæллоны дзырдуат, фæлæ ма спайдагæнæн ис æндæр мадзæлттæй дæр. Зæгъæм, бафæрсын буары хæйтты нæмттæй: цæст, фындз, хъус, сæр, къах, къух; бинонты нæмттæ (нана, дада, фыд, мад, хо, æфсымæр æмæ а.д.); куыдзы, карчы, хъуджы, бæхы лæппынтæ куыд хуыйнынц; дзырдтæм антонимтæ ссар (уазал, рæсугъд, сыгъдæг, фæлмæн, хус, стыр, зæронд); бафæрсын, адæмы чи дзæбæх кæны, уыцы адæймаг чи у, сывæллæтты чи ахуыр кæны, уый та.

V. Дзырдарæзт æмæ дзырдты ивынад куыд зоны, уый сбæрæг кæнынæн.

Раттын фæрстытæ: Куыд хонæм хъæдæй арæзт дзаумæттæ? (хъæдын)

Куыд хуыйны цæхæрайы сыфтæй конд чъири? Цыхтæй конд чъири та? Афтæ дарддæр – къабускаимæ, картофимæ, дзидзаимæ.

Предметон нывтæй пайда кæнгæйæ, хъуыдыйæдтæ аразын. Ахуыргæнæг фæрстытæ афтæ æвæры, цæмæй, дзуаппдæтгæйæ, сывæллоны бахъæуа дзырды формæ аивын. Зæгъæм: Цæмæ кæсыс, уый цы у? (бæлас) Цæй ныв амбæхстон мæ къухæй? (бандоны) Хæринаг цæмæн дæттын? (каркæн) Дæ къахыл æй скæн, фæзæгъынц цæмæй? (дзабырæй) Схæцыдтæн цæуыл? (дурыл) Кæимæ дæ фæнды бадын? (лæппуимæ) Цæйау фæлмæн у дæ бандон? (базау) æмæ а.д.

***Батырты З.А,***
***Дзæуджыхъæуы 42-æм скъолайы ахуыргæнæг***

*«Сывæллон у œнæфыст гœххœтт – цы йыл ныффыссай, уый йыл баззайдзœн».*
**Ян Амос Каменский**

# ДИДАКТИКОН ХЪÆЗТЫТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТЫ

Сусæггаг нæу, горæтаг скъолаты цы сывæллæттæ ахуыр кæны, уыдон сæ мадæлон æвзаг, хъæуккаг сабитæй æвзæрдæр кæй зонынц, уый. Скъоладзаутæ нæ зонынц бирæ дзырдты нысаниуæг, хæрз мæгуыр у сæ дзырдуат, сæ бон нæу дзырдтæ кæрæдзиуыл бæттын. Уымæ гæсгæ, горæты скъолаты ахуыргæнджыты размæ ис бæрнон хæс: æхсæз-авдаздзыд сывæллæтты фæцалх кæнын фыссыныл, бауарзын сын кæнын ирон чиныг, ирон æвзаджы хъæздыг æмæ аивдзинад сын раргом кæнын, сæ хъуыдытæ сын раст дзурын бацамонын. Уый тыххæй та пайда кæнын хъæуы алыхуызон цæстуынгæ æрмæгæй, кусын хъæуы дзырдты растдзурынадыл, ныхасы рæзтыл.

Уæдæ сывæллæтты ныхас хъæздыг кæнынæн ис бирæ мадзæлттæ, уыдонæй иу у дидактикон хъазт. Дидактикон хъæзтытæй ис пайда кæнæн урочы хæйттæй кæцыфæндыйы дæр. Равзарæм цалдæр хъазты хуызы.

1) Хæдзармæ куыст сбæлвырд кæнынæн саразæм хъазт *«Чи тагъддœр œмœ растдœр у?»*

Сывæллæттæн раттын хæс: фæйнæгыл радыгай фыссын фæлтæрæнæй дзырдтæ (йæ хæслæвæрд ын хæдзары скодтой). Ацы хъазты бæлвырд кæнæм дзырдты растфыссынад, сбæрæг вæййынц рæдыдтытæ, банымайынц балтæ, рабæрæг вæййынц раззагдæртæ, æвæрд сын æрцæуы бæрæггæнæнтæ.

2) Ног æрмæг бацамонынæн æмæ рацыд æрмæг бафидар кæнынæн ахадгæ у хъазт *«Æрœмбырд кœн дзырдтœ»*.

Райуарын лыггонд уæнгтæ æмæ дамгъæтæ, фæйнæгыл дæр иу уæнг фыст. Ахуырдзаутæ радыгай цæуынц фæйнæгмæ æмæ уыцы уæнгимæ аразынц ног дзырдтæ. Кусæн ис интерактивон фæйнæгыл дæр. Хъазты кæрон скъоладзаутæ, цы дзырдтæ бахъуыды кодтой, уыдон сæ тетрæдты фыссынц. Чи фылдæр бахъуыды кæна, уый амбылдта.

3) Сараз ног дзырдтæ:
Д-р х-р с-р м-р т-г с-г д-г хъ-г

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **с** | **с** | **с** | **с** | **с** | **с** | **с** | **с** |
| **ы** | **æ** | **æ** | **ы** | **æ** | **ы** | **æ** | **æ** |
| **ф** | **н** | **к** | **л** | **р** | **х** | **н** | **г** |
| **т** | **ы** | **æ** | **ы** | **Д** | **а** | **д** | **У** |
| **æ** | **к** | **р** | | | **г** | **æ** | **ы** |
| **Р** | **к** | | | | | **г** | **т** |
| **ы** | | | | | | | **ы** |

4) Дзырдтæ дыууæрдæм бакæс:
сæг – гæс
мæн – нæм
хид – дих
сыф – фыс
сир – рис
сау – уас
сис – сис
рус – сур
рох – хор
раз – зар
хох – хох

сæр – рæс
уæн – нæу

5) «Чи куыд кæны?» (Мыртæ раст дзурыныл фæцалх кæнынæн)
Хърихъупп – хъупп-хъупп.
Хъæдхой – къупп-къупп.
Дудахъ – дахъ-дахъ.
Халон – хъуахъхъ-хъуахъхъ.
Хъиуа – хъиу-хъиу.
Цъиутæ – цъиу-цъиу.
Сидын – «Дзиу-дзиу!
Скæнæм – зиу-зиу!»

6) Дамгъæтæй дзырдтæ саразын (халсарты нæмттæ).
хъ д р æ у – хъæдур
б л къ у – булкъ
дж тъ и р и – джитъри
хъ **д дз ы æ** н – хъæдындз
пъ м д р æ и о – пъæмидор
ц æ х р æ а – цæхæра
н р у ы – нуры
н с а – нас
ц в з ы ы – цывзы
к р о а т ф – картоф æ.æнд.

7) Скъоладзауты дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнынæн æххуыс сты хъæзтытæ хъæугæ орфограммæйыл: скъоладзауты адих кæнын цалдæр къордыл, фæйнæ сыфы сын раттын (алы къордæн дæр – иу сыф). Фæстаг партæйыл чи бады, уый райдайы фыссын иу дзырдæй, стæй йæ дæтты, йæ разæй чи бады, уымæ, æмæ афтæ дарддæр. Æнæрæдыдæй чи ныффысса йæ куыст, æмæ йæ раздæр ахуыргæнæгмæ чи ратта, уыцы къорд амбылдта.

8) Æмбисæндтæ дарддæр ахæццæ кæнын:
Чи нæ кусы, уый … .
Афтид голлаг … .
Денджызы фæд… .
Хорздзинадæн … .
Иу уалдзыгон бон … .
Арсимæ кæрдо … .

9) Дзырдтæй хъазт:
Чи у царддæттæг нæ зæххæн?
– Хур.
Чи у адæмæн сæ дарæг?
– Зæхх
Фурды кæсæгтæн сæ марæг?
– Сур.
Бæх фæтæхы æви барæг?
– Бæх.
Уæдæ циу йæ хос æдзæххæн?
– Цæхх.
Цавæр хуыз ис сæрды зæххæн?
– Цъæх.
Райсом изæрыл цы бæтты?
– Бон.
Зæгъ, дæ дойны дын цы сæтты?
– Дон.
Хорз лæгимæ ’мдзу цы кæны?
– Кад.
У рæхысы хай – æмцæгой?
– Цæг.
Зад кæрдæгыл сæрд фæхизынц?
– Фос.
Халамæрæзæнæй цы ссивынц?
– Хос.
Хорз лæгæн цытæн цы 'вæрынц?
– Цырт.
Сонт æмæ фыдуаджы 'фхæрынц?
– Сырд.
Хорз лæппу иу хатт дæр нæ сайы?
– Дзырд.
Уарзон бæстæйæн дзы уайы?
– Фырт.

Зæгæл æмæ зест – Фæкæл æмæ фест.
Зыгуым æмæ цъацъа – Зыгъуыммæ дæ цаца.
Зымæг æмæ уазал – Зынгæй у сæ адзал.
Зивæг æмæ зыдыка – Ыскъуыра сæ мæ фыркъа.

*Нымæцтæй хъазт:*
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар,
Чермены дзыхы бал ныппар!
Фондз, æхсæз, уæд авд, уæд аст,
Гъеуæд уаис фатау раст!
Мæнæ фараст, мæнæ дæс,
Алтъами дæр уарзын æз...

Ранымад куысты хуызтæн ис стыр нысаниуæг: сæ фæрцы скъоладзаутæ кæнынц разæнгарддæр мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ, рæзы сæ хъуыдыкæнынад, фæаивдæр вæййы сæ ныхасы хъæд.

***Хадаты Фузæ,***
***Дзæуджыхъæуы 50-æм скъолайы ахуыргæнæг***

## ХÆСЛÆВÆРДТÆ ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ

*Куыд зоныс дамгъуат?*
2, 13 1, 3, 21, 20, 2, 15 29, 2, 25, 26, 2
19, 2 30, 21, 24, 13 1, 30, 28, 39, 24
16, 2, 20, 9, 39, 20, 2, 20

*У æви уы?*
…рок, х…р, д…р, …д, г…р, м…р, ...д, х…р, …нын, …нæргъын, …ры,…лæфын, …нг,…рг.

*Бацамон миногон æмæ фæрсдзырд.*

1) кусын → хорз
кæсын → хорз
амайын → хорз

2) хорз ← чызг
хорз ← куыст
хорз ← хæдзар

фыссын → рæсугъд
дзурын → рæсугъд
амайын → рæсугъд

рæсугъд ← чызг
рæсугъд ← фыст
рæсугъд ← æрдз

*Номдартæм бафтау миногонтæ:*

| | |
|---|---|
| кæрдæг | судзаг |
| хæринаг | сыгъдæг |
| мæнæу | цъæх |
| цывзы | хæрзад |
| пысыра | бур |
| уæлдæф | судзаг |

*Номдартæм бафтау мивдисджытæ. Цы дæм рауадис?*

| | |
|---|---|
| Дымгæ | нæры |
| Арв | тавы |
| Хур | ниуы |

*С æви сс?*
Хæ… фидын.
Хæ…инаг уæззау у.
Фæди…ы ацæуын.
Ди…аг федтон.
Хæ…тæг бацæуын
Ди…ы бацæуын

*С æви з?*
Райгуырæн бæ…тæ
Бумбули бæ…тæ
Хъа…т кæнын
Сывæллæттæ хъа…ынц
Рахи… къух
Æддæмæ рахи…
Сыгъзæрин рæхы…

*Й æви йй?*
Уа…. аг байраг
Уæ….аг хæдзар.

*Гъ æви х?*
Хъæдæй æрластам ми…тæ.
Арвыл сау ми…тæ фæзынд.
А…уысты дæр… æмæ уæр…
Мæр…тæ, уæр…тæ

*Ц æви дз?*
Дон…ау чызджытæ
Чызджытæ донмæ …æуынц

*Дз æви ц?*
…урд загътай – исæнхæст æй кæнæ.
…урд косун уарзун æз.
Дон…ау кизгæ
Донмæ …æун

*С æви зз?*
Фæ…æгæрдæмæ уазал кæнун райдайуй.
Фæ…тагæрдæмæ сувæллон бафунæй æй.

*Гъ æви х?*
Цæ…гун хуæруйнаг.
Къирæй цæ…дун.
Ме…тæ æрластан гъæдæй.
Арвбæл сау ме…тæ.

Хæдзари уæр…æ
Хæдзари дæр…æ

*З æви с?*
Райгурæн бæ…тæ.
Пакъу бæ…тæ.
Авдæнæ уо…уи
Уасæнгæ уа…уй
Рахе… къох
Рахе…æ æндæмæ
Сугъзæрийнæ рæхи…

*Й æви йй?*
Уæ…аг …хæдзарæ.
Уа…агæ байраг,

*С æви сс?*
Хуа…æ кæрдун
Уæргъæ хæ…ун.

*С æви ц?*
…ор зæнхæ.
Мæ …ори бадæ.
*З æви ц?*
…удæ берæгъ.
…удæй сабургай.

*Д æви тт?*
Арф ца…æ.
Цæ…æ тиллæг.

*Иссеретæ минеуæгонтæ æмæ фæрсдзурдтæ.*

Косун, Кæсун, Финсун → хуар  хуарз ← кизгæ, куст, финст

Ревæдæй æрбацæун   ревæд хæдзарæ
Истахтæй бæрзонд бæрзонд бæласæ
Тæхуй ниллæг   ниллæг хæдзарæ

*Л æви лл?*
Га…еу къох
Гæ… еу кæнуй

*Исбæрæггонд дзурдтæмæ фæрститæ раттетæ.*
Айнæг *къæдзæхтæ.*
Билæй *айнæгмæ* – гæпп.
*Къæдзæх* лæгæт.
*Къæдзæхæй* кæлуй æхсæрдзæн.

# ИРОН ÆВЗАГ РÆВДАУÆНДОНЫ

***Кцойты Зæлинæ,***
***Дзæуджыхъæуы 87-æм***
***рæвдауæндоны хъомылгæнæг***

## НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ ХИСТÆР КЪОРДЫ

**Ахуыры темæ: «*Фæндараст, фæззæг!*»**

***Ахуыры нысантæ:***

1) фæззæджы тыххæй цы базыдтой, уый бафидар кæнын. Бацамонын æмбарынæдтæ: афæдзы афон, халсартæ æмæ дыргътæ; иу – бирæ;

2) ныхасы рæзтыл бакусын;

3) мадæлон æвзаг æмæ Ирыстоны æрдзмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Æххуысгæнæн æрмæг:*** компьютер, предметон нывтæ, муляжтæ, схемæтæ, «диссаджы дзæкъул».

***Ахуыры цыд:***

I. Бацæттæгæнæн рæстæг.

1. Сывæллæтты ирон æвзагыл дзурынмæ сразæнгард кæнын.

Сывæллæттæ лæууынц зылды. Салам дæттынц.

*Хъомылгæнæг:* Æз мæ цæстытæ бацъынд кæндзынæн æмæ банымайдзынæн æртæмæ. Куы фæуон нымад, уæд байгом кæндзынæн мæ цæстытæ, сымах та равдисдзыстут уæ зæрдæйы уаг.

– Куыд уынын, афтæмæй уе 'ппæты цæсгæмттыл дæр зыны мидбылхудт. Тынг хорз, мæ къонатæ.

2. Фонетикон зарядкæ. Мыр (гъ).

*Хъомылгæнæг:* Базонæм, мыр (гъ) куы фæзæгъæм, уæд нæ хъуыр куыд фæзары, уый. Фæлтæрæн «Гæды мæсты кæны».

*(Сывæллæттæ сыгъдæгдзуринаг дзурынц иумæ)*

*Сыгъдæгдзуринаг:*
Бирæгъæй нæ сæгъ лыгъди,
Бирæгъ тынг зæронд уыди,
Сæгъ ыл худт, гæппытæ кодта,
Цуанонмæ нæ сæгъ ызгъордта.

***II. Ног æрмæгмæ рахизын.***

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, зæгъут-ма, цавæр афæдзы афон у ныртæккæ?

*(Зымæг)*

– Зымæджы размæ та цавæр афæдзы афон уыд?

*(Фæззæг)*

*Хъомылгæнæг:* Байхъусут-ма уыци-уыцимæ.

Фæуазал ис бæстæ,
Фæхъуыынтъыз ис бон.
Æнкъардхуыз нæ фæзтæ,
Ныггыццыл ис бон. /*Фæззæг*/

– Цавæр афæдзы афоны кой цæуы уыци-уыцийы?

(Фæззæджы)

– Сабитæ, уæ зæрдæмæ фæцыди фæззæг?

*(Дзуæппытæм байхъусын)*

– Куыд хъуыды кæнут, фæззæг рæсугъд афæдзы афон у?

*(Тынг рæсугъд афæдзы афон у)*

– Уæдæ ныртæккæ нывтæм гæсгæ радзурдзыстæм фæззæджы тыххæй *(æвдисы нывтæ).*

*Хъомылгæнæг:* Бакæсут лæмбынæг нывтæм æмæ, цы уынут, уый тыххæй радзурут.



Ралæууыд сызгъæрин фæззæг.



Хур кæсы, фæлæ нæ тавы.



Бæлæстæ скодтой алыхуызон дарæс.



Сырх, бур, сызгъæрин сыфтæ хауынц бæлæстæй.



Фæззæджы арæх уары къæвда.



Цъиутæ тæхынц хъарм бæстæм.



Адæм кусынц цæхæрадоны, сæхи цæттæ кæнынц зымæгмæ.

*Хъомылгæнæг*: Куыд рæсугъд радзырдтат фæззæджы тыххæй! Ныр та нын фæззæджы тыххæй иу сывæллон радзурæд. *(Сабитæ радыгай дзурынц фæззæджы тыххæй)*

*Хъомылгæнæг*: Тынг рæсугъд радзырдтат, мæ къонатæ.

*Хъомылгæнæг*: Сабитæ, æрбакæсут-ма, цы диссаджы дзæкъул мæм ис. Æркæсæмма йæм. Цы дзы ис? *(Халсартæ æмæ дыргътæ)*

*Хъомылгæнæг*: Æз систон картоф. Картоф у халсар. *(Хуызæг)*. Ныр та сымах радыгай сисут халсартæ æмæ дыргътæ. *(Сабитæ радыгай исынц халсартæ æмæ дыргътæ, дзурынц сын сæ нæмттæ, хицæнтæй сæ чыргъæдты æвæрынц)*

*3. Улæфты рæстæг.*

*Хъазт «Бæласыл æви хуымы?»*

Дзырдтæ: кæрдо, хъæдындз, чылауи, нуры, цывзы, фæткъуы, уырыдзы, нас, джитъри, пъæмидор.

4. Дидактикон хъазт: «Иу æви бирæ?»

*Хъомылгæнæг:* Уæдæ та ногæй ахъазæм, диссаджы дзырд «бирæ»-имæ. *(Пайда кæны нывтæй).*

(Хъомылгæнæг дзуры «иу», сабитæ – «бирæ»)




*Хъомылгæнæг:* Тынг хорз, мæ къонатæ, ацы хæс дæр та сæххæст кодтат.

***III. Æрмæг бафидар кæнынæн куыст.***

*1. Хъомылгæнæг:* Халсартæ æмæ дыргъты нæмттæ хорз зонут, фæлæ ма бавзарæм нæ зонындзинæдтæ æмæ радзурæм: цавæр сты, цыхуызæн сты. Сæ хуыз, сæ формæ, сæ ад цавæр у?

*(Схемæтæм гæсгæ куыст)*



*(Сырх, бур, урс, цъæх, тымбыл, дæргъæццон, адджын, туаг, судзаг).*

(Сывæллæттæ иугай дзуапп дæттынц. Зæгъæм: «Нывы ис нуры. Нуры у урс, тымбыл, судзаг»).

*2. Хъомылгæнæг:* Ныр та уæ алчидæр иу карточкæ райсæд æмæ йе ’мбалæн радзурæд, нывы цы ис, уый тыххæй.

*3. Хъомылгæнæг:* Куыд рæсугъд у фæззæг Ирыстоны! Куыд бирæ радзырдтат абон сымах фæззæджы лæвæртты тыххæй! Уæдæ зæгъæм фæззæгæн фæндараст.

*Сывæллæттæ:* Фæндараст, фæззæг!

***Реуазты Людмилæ,***
***Æрыдоны 4-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг***

## САБИТЫ НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ

**Темæ: «Мæ горæт Æрыдон»**

Нысантæ:

1. Сабиты зонындзинæдтæ сæ райгуырæн горæт Æрыдоны тыххæй фæуæрæхдæр кæнын.

2. Фæцалх сæ кæнын радзырдтæ аразын, вазыгджын хъуыдыйæдтæй хи ныхасы пайда кæнын.

3. Сабиты зæрдæты Æрыдонмæ уæрзондзинад æвзæрын кæныныл архайын.

*Рагагъоммæйы куыст:* экскурси Æрыдоны зæрдылдарæн бынæттæм.

*Цæстуынгæ æрмæг:* нывтæ, Æрыдоны зæрдылдарæн бынæтты къамтæ.

**Ахуыры цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*Хъомылгæнæг:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ, акæсут-ма æмæ «æгас цæут» загъæм нæ уазджытæн.

Сабитæ, æнгуылдзтæй ахъазæм.

Дур-Дурыл амайгæ цæуæм, бæрзонд цæуы нæ амад,

Хохы сарæзтам мæсыг, нæ фыдæлтæн сæ хæдзар.

Темæйыл куыст.

*1. Хъомылгæнæг:* Сабитæ, абон нæм сæмбæлдысты уазджытæ, фыццаг хатт сты Æрыдоны. Цæмæй нæ горæт сæ зæрдæмæ фæцæуа, уый тыххæй нæ хъæуы тынг бацархайын. Куыд хæдзары фысымтæ, афтæ мах уыдзыстæм экскурсоводтæ. Экскурсоводы хæс та цавæр у?

*Хъомылгæнæг:* Чи зæгъдзæн, нæ уарзон горæт куыд хуыйны? Цæмæн афтæ хуыйны?

– Радзурæм Æрыдоны тыххæй æмдзæвгæтæ.

(Сывæллæттæ дзурынц æмдзæвгæтæ)

*Хъомылгæнæг:* Нæ уазджыты акæнæм нæ музеймæ æмæ сæ базонгæ кæнæм нæ горæты уынгтимæ.





*Тогызты Хъауырбеджы уынг*





*Мыстулаты Иринæйы номыл уынг*



*Григорий Пасынковы номыл уынг*



*Епхиты Тætæрийы номыл уынг*



*Тæбæхсæуты Балойы номыл уынг*



*Хъомылгæнæг:* Тынг рæсугъд радзырдтат нæ уарзон Æрыдоны уынгты тыххæй, нæ уазджытæ бирæ хабæрттæ базыдтой сымах фæрцы, сабитæ.

– Хорз радзырдтат нæ горæты уынгты тыххæй. Уæ ныхасмæ ма æз дæр бафтаудзынæн.

Æрыдоны фыццаг цæрджытæй иу уыд Гайттаты Тасо. Уый фæстæ æрлыгъдысты Реуазтæ, Баскатæ, Зæнджиатæ, Хъуылатæ, Хъаратæ æмæ Дзугатæ.

Рæстæг цыдис, æмæ Æрыдон стырæй-стырдæр кодта, фылдæрæй-фылдæр кодтой йæ цæрджытæ, уымæн æмæ нæ горæт у хур ран, хъарм ран.

*Улæфты рæстæг.*

Хæхтæй нæ горæт бæрзонддæр,
Фæзтæй нæ горæт хæрзконддæр,
Хурау нæ горæт æрттивы,
Ногмæ йæ дарæстæ ивы.

3. *Хъомылгæнæг:* Æрыдон кæддæриддæр хъуыстгонд уыд йæ кад æмæ намысæй, йæ рæсугъд, аив æмæ уæздан адæмæй.

Æрыдон хонынц аивады æмæ уæздандзинады куырдадз. Нæ горæтæй рацыд бирæ кадджын адæм, Ирыстонæн ном чи скодта, ахæмтæ. Фæйнæгмæ æрбакæсут.



Тæбæхсæуты Бало



Саламты Къола



Хъуылаты Елхъан

*Хъомылгæнæг:* Адон, сывæллæттæ, чи нал ис, фæлæ сæ кад кæмæн нæ амæлдзæн, уыцы адæм сты.

Æрыдоны ныртæккæ дæр бирæ ис, йæ адæмæн, Ирыстонæн, бирæ хорздзинæдтæ чи кæны, ахæмтæ.

*Æрмæг бафидар кæныныл куыст.*

1. Хъазт «Куыд зоныс Æрыдон».

*Хъомылгæнæг:* Уæ разы ис къамтæ, райсут дзы фæйнæ иуы, æмæ дзы, цы уынут, уый радзурут.

(Сывæллæттæ радыгай нывтæм гæсгæ дзурынц сæ горæты тыххæй)

*Хъомылгæнæг:* Тынг хорз. Ныр та нæ музейы фæрцы нæ уазджытæн равдисæм Æрыдоны рæсугъддзинæдтæ, цæмæй сæ зæрдæмæ тынгдæр фæцæуа нæ райгуырæн горæт.













– Акафæм Дзуццаты Сосланы фыст музыкæйы зæлтæм.

(Хъуысы «Æрыдойнаг цагъд». Дыууæ сывæллоны кафынц)

*Хъомылгæнæг:* Сабитæ, кафгæйæ та уе ’мбæлттыл цавæр дарæс уыд?

Сывæллæттæ: Разгæмттæ æмæ цухъхъатæ.

Хъомылгæнæг: Уæдæ ма мæнæ ацы стъолмæ азилæм æмæ дзы нывтæ сæмбырд кæнæм.

(Лæппутæ æмбырд кæнынц цухъхъайы ныв, чызджытæ та – разгæмтты ныв)

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

***Гæбæраты Валентинæ,***
***Ирыхъæуы скъолайы***
***ахуыргæнæг***

## ТЕСТЫТÆ 7-8-ÆМ КЪЛÆСТЫ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ

1. Дзургæйæ зылангон мыр æзылангонмæ цы дзырды рахизы, уый фæбæрæг кæн:
а) кæвдæс;
æ) загъта ;
б) дзонygъ.

2. Зылангон мыртæй цы дзыртæ райдайынц, уыдон фæнысан кæн:
а) кафаг, фæд;
æ) зулчъытæ, дæндаг;
б) тæскъ, пакъуы.

3. Кæцы дзырды ис æгомыг дамгъæ?
а) кълас;
æ) дзырд;
б) бинонтæ.

4. Ацы дзырдтæй гуырынон хауæны г – дж – мæ кæм ахизы, уый фæбæрæг кæн:
а) дон;
æ) лæг;
б) хох.

5. Ацы хъуыдыйæдтæй кæцыйы ис орфографион рæдыд?
а) Хæдзармæ æввахс, уæлфæндаг, æрзади стыр бæлас.
æ) Дыууæ æфсымæрæй арс дæр тæрсы.
б) Хорз фыййау пыхсы дæр ары йæ фосы фæд. (Къ.)

6. Ацы дзырдтæй антонимтæ кæцытæ сты?
а) рæсугъд – фыдуынд;
æ) маст – æнад;
б) цыбыр – гыццыл.

7. Дзырды хæйттæм гæсгæ раст дихгонд кæцы дзырд нæу?
а) æм-гар-дзи-над;
æ) æм-бал-ад;
б) æм-дзæр-ин.

8. Кæцы хъуыдыйады ис фæсæвæрд?
а) Хур анигуылд хæхты фæстæ.
æ) Бæлас лæууы тыгъд быдыры.
б) Сырд дæр уарзы йæ лæппынты.

9. Разæвæрд цы хъуыдыйады ис, уый фæнысан кæн:
а) Сывæллæттæ æд хызынтæ æрбацыдысты скъоламæ.

æ) Стъолы бын асаст.

б) Аминæт тынг хæрзæгъдау сылгоймаг у.

10. Фæбæрæг кæн миниуæгæвдисæг миногон:

а) Хорз фыййау пыхсы дæр ары йæ фосы фæд.

æ) Нана йæ сызгъæрин къухдарæн балæвар кодта йæ чызгæн.

б) Бæлццæттæн дурджын фæндагыл сæ къæхтæ фæрыстысты.

11. Кæцы хъуыдыйады ис рæнхъон нымæцон?

а) Фатимæ балхæдта фондз чиныджы.

æ) Дыгæйттæй кафыдысты чындзæхсæвы.

б) Фæндзæм къласы ис хорз сывæллæттæ.

12. Ацы нымæцонтæй вазыгджын кæцы у?

а) дыууадæс;

æ) сæдæ иу;

б) æртын.

13. Дзырдбаст цы дзырдты къорд нæ аразы, уый фæбæрæг кæн:

а) раст цæуын;

æ) хорз кусын;

б) æз кæсын.

14. Дзырдбаст цы дзырдты къорд нæ аразы, уый фæбæрæг кæн:

а) бандоныл бадын;

æ) дыууын дыууæ;

б) цæрын хорз.

15. Æфтыдад цы дзырдбасты ис, уый фæбæрæг кæн:

а) цæуын горæтмæ;

æ) зарын аив;

б) хъусын мадмæ.

16. Ацы хъуыдыйæдтæй кæцы у хуымæтæг даргъ?

а) Мæргътæ зарынц.

æ) Лæппу йæ мадмæ фыстæг фыссы.

б) Сылгоймæгтæ бадынц.

17. Сидæн цы хъуыдыйады ис, уый фæбæрæг кæн (æрхæцæн нысæнттæ æвæрд не сты):

а) Мах цæуæм лæппутæ экскурсийы.

æ) Лæппу фефсæрмы йæ фыды уайдзæфæй.

б) Хорз лæппу дæ бæргæ.

18. Æмхасæн цы хъуыдыйады ис, уый фæбæрæг кæн:

а) Колхозы сæрдар Хæмæт ныхас кæны хъæуы цæрджытимæ.

æ) Мах сæрыстыр стæм нæ Райгырæн бæстæйæ.

б) Æхxуыс бахъуаджы рæстæг хъæуы.

19.Фадатон дзырдтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ вæййынц:

а) иу;

æ) дыууæ;

б) æртæ;

в) цыппар;

г) фондз.

20. Бацамон иувæрсыг хъуыдыйад:

а) Лæппу библиотекæмæ бацыд.

æ) Зымæгон райсом.

б) Мит тайы.

в) Æфсæст æххормаджы не ’мбары.

21. Бацамон бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад:

а) Уад асаста бæласы.

æ) Зæрдæ зынг фесты.

б) Библиотекæйæ чингуытæ райсут.

22. Бацамон æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад:

а) Хос сæрды фæкæрдынц.

æ) Колхозонтæ кусынц быдыры.

б) Æнхъæлмæ кæсын зын у.

23. Бацамон æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад:

а) Чингуытæ кæс æмæ бирæ зонай.

æ) Куыйтæ ралæбурдтой барджытæм.

б) Иу рувасæй дыууæ цармы не стыгъдæуы.

24. Фæбæрæг кæн номхуындон иувæрсыг хъуыдыйад:

а) Æризæр ис.

æ) Адæм сæ цыд фæсабыр кодтой.

б) Сæрдыгон бон.

25. Фæбæрæг кæн хъуыдыйад æмхуызон уæнгтимæ:

а) Тæхуды, йæ уарзондзинад, йæ хорз ном, йæ фыдæлты кад чи уадзы уæлæуыл зæрондæй. (Къ.)

æ) Скъоладзаутæ фыссынц сæ районы газетмæ уацхъуыдтæ.

б) Бирæйы фæфæнды райсомæй хуыссын. (Къ.)

26. Фæнысан кæн вазыгджын хъуыдыйад:

а) Йæ рæдыдыл чи нæ сæтты, уый дыккаг хатт рæдийы.

æ) Фæлтæртæ кæрæдзи ивтой.

б) Зымæгон бон цыбыр у.

*Хадаты Эльвирæ,*
*Дзæуджыхъæуы 6-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТÆМ

***I. Дзырдбыд баххæст кæнын.***

*Фæрсырдæм:* 1. Коцойты Арсены радзырды сæйраг архайæг. 3. Тлаттаты кæвдæсард, æлдæртты ныхмæ хъæбатыр тохгæнæг. 5. Гæдиаты Цомахъы радзырд «Царды . . .»

*Бынмæ:* **2.** Нарты Сослан зондæй кæуыл фæтых, уыцы æфсымæртæй иу. 4. Гаглойты Федыры псевдоним.




***2. Баиу кæнын автор, скъуыддзаг æмæ сæргонд***



***3. Персонажты нæмттæ чырæгты ныффыссын***

Ныхасы бады
Зæронд ***Хъ…*** ,
Нæ фæндырдзæгъдæг.(Къ.)

**2**. Æрбадти дурыл
***Хъ…*** , мæнгард лæг,
Йæ сæры зилынц
Хъуыдытæ ахæм... (Н.)

**3**. Раст уыцы уалдзæг, ***Хъ…*** лæппу куы райгуырд, уæд æлдары Аргъонахъ-гадза дæр къæбылатæ ныззади. (Г.С.)

**4**. Æмæ ма абон дæр фæллад фæндаггон йæ разы куы ’рлæууы, уæд йæ худ сисы æмæ фæзæгъы:

–***Хъ…*** галуан. Йæ авд фырты æмæ иунæг чызг йæ фæллой кæмæн бафыстой, уыцы ***Хъ…*** галуан. (Ц.М.)

*Фиппаинаг:* нæмттæ æвæрын хъæуы номон хауæны.




***Дзуæппытæ:*** *Хъуыбады, Хъасбол, Хъызмыдæ, Хъуыдинæ.*

*4. Дзырдмæ æмуидагон дзырдтæ ссарын: «**хъæд**».*




***Дзуæппытæ:*** *хъæдхой, хъæдæрмæг, хъæддаг, хъæдын, хъæдгæрон, хъæдрæбын, хъæдгæс, хъæддзау, хъæддæсны.*

***5. Баххæст кæнын дзырдбыд «Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ».***



*Боциты Альбинæ,*
*Цæлыччы скъолайы ахуыргæнæг*

# ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ

1. Ныффысс маргъы ном.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |



Дзырд уæнгтыл адих кæн. Бахахх кæн хъæлæсон миртæ.

2. Ныффысс дидинæджы ном.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |



Ранымай дамгъæтæ æмæ мыртæ. Зæгъ цавдон уæнг.

3. Дзырдты цухгонд дамгъæтæ бафысс.

**Ч…ныг, стъ…л, гæл…бу, р…вас**

Ранымай цухгонд дамгъæтæ. Цавæр мыртæ сты? Æмхъæлæсонтæй чи райдайы, ахæм 3 дзырды æрхъуыды кæн.



4. Базон уыци-уыци.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

Цæуы, цæуы, фæлæ никуыдæм хæццæ кæны.



Цал дамгъæйы æмæ цал мыры ис дзырды? Дзырд уæнгтыл адих кæн.

5. Куыд базонæн ис, дзырды цал уæнджы ис, уый?

Дзырдтæ уæнгтыл адих кæн:
**Пыл, хæрæг, кæрдæг, къуыри, кæрдын.**

6. Дзырдæй ног дзырдтæ сараз.

**ХЪÆДУР**



Зæгъ, цы сæм ис иумæйагæй.

7. Дзырд **ХИХ** –ы иу дамгъæ куы баивай, уæд дзы рауайдзæн **ХОХ**. Баив дзырдты дамгъæтæ æмæ ныффысс ног дзырдтæ.

ФОС –……… МАСТ –………
ХУР –……… КЪУХТÆ –……..
НОС –………. МИТ –………..

Цавæр дамгъæтæй хицæн кæнынц ног дзырдтæ?

8. Цы уынис ныв? Дзырд ныффысс.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |

Дзырдæн скæн мырон-дамгъон æвзæрст.

9. Баххæст кæн дзырдбыд.




 

**Хæдзарон маргъ.**
**Хæдзары дзаума.**
**Чысыл тæхæг цъиу.**

Дамгъæтæ мыртæй кæцы дзырды сты фылдæр?

10. Ныффысс дзырд: йæ фыццаг дамгъæ дамгъæуаты ис Ф-йы фæстæ, дыккаг у æмыр, æртыккаг ис Æ-йы размæ, цыппæрæм – Л-йы фæстæ, йæ фæстаг дамгъæ та дамгъуаты фыццаг у.



11. Базон цъиуты æмæ сын сæ нæмттæ ныффысс.

  

Кæцы дзырды мыртæ сты дамгъæтæй къаддæр?

12. Бафысс уагъд дамгъæтæ.

Х ͥ Б

НӔ ͥ Ы  ХЪА ͥ ӔН 

Адих кæн дзырдтæ уæнгтыл, зæгъ цавдонтæ.

13. Бафысс цухгонд дамгъæтæ.

Цъи.., ты..лæг, тæ..æгъ, бæ..ас, рæ..угъд, тæ..хъус, цъæ..бын, чы..с.

   

Цавæр дамгъæтæ сæвæрдтай?
Хъæлæсонтæ сты æви æмхъæлæсонтæ?

14. **Нæзы, Замирæт, кæрт, бæх, гæды.**

  

Кæцы дзырдты ис æмбæрц мыртæ æмæ дамгъæтæ?

15. Бакæс æмдзæвгæйæ скъуыддзаг. Базон авторы.

**Мит тайы, их сайы,**
**Фæхъулон ис зæхх.**
**Сæгъ хъæмпæй нæ давы –**
**Нæ хуссæрттæ – цъæх!**



Бахахх кæн, æмхъæлæсонтæ зылангон цы дзырдты сты, уыдон. Бацамон ииуæнгон дзырдтæ.

16. Бакæс дзырдтæ æмæ зæгъ, цал мырæй æмæ дамгъæйæ арæзт сты.

**Фын, æхсæв, æндæрг, рухс, Инал, къул, баз.**



17. Бафысс цухгонд дамгъæтæ.

**Хъа..тæ, уы..та, уæл..æндаг, æм..æрæн, ры..тæ, базы..та, мар..та.**







Куыд базыдтай, цавæр дамгъæ уыд уагъд, уый?

18. Ныффыс дзырдтæ алфавитмæ гæсгæ.

**Фын, лæппу, саг, чиныг, аг, уисой, цайдан, баз, мит, пурти, хъæдур, зымæг, гуыбын, цицыр.**







19. Бафысс цухгонд дзырдтæ.

Мыртæ вæййынц …… æмæ ………. .
Хъæлæсонтæ дих кæнынц ………. æмæ …….. . Æмхъæлæсонтæ та вæййынц ………, ……….., ………. æмæ ……… .

20. Хъуыдыйад баххæст кæн.
Фонетикæ ахуыр кæны ... æмæ … .
Зæгъ ахæм дзырдтæ, æрмæст зылангон мыртæ кæм уа.

**Гогыз, чиныг, фистæг, завод, пурти, гæппæл, бындз, дзывылдар, хæмпæл, цъуй.**

21. Бакæс æмбисонд кæронмæ.
**Кусгæ чи нæ кæны, …………. .**



Ранымай, æзылангон мыртæ чи амоны, уыцы дамгъæтæ.

22. Ахъуыды кæн æмæ зæгъ, цавæр дзырдтæ бафыссын хъæуы цухгонд бынæтты.

**Æмхъæлæсон мыртæ вæййынц къайджын æмæ …….., тыхджын æмæ ………., зылангон æмæ ………. .**

Бафысс æмкъай æмхъæлæсонтæ.
Б – ? Г – ? З – ?
? – Ф
? – Т
? – Х

23. Бакæс Къостайы æмдзæвгæйæ скъуыддзаг. Куыд хуыйны?

**Халон баргъæвст сындзыл,**
**Уад тымыгъ хæссы.**
**Сау айнæджы рындзыл**
**Нары хъæу хуыссы…**



Ранымай тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ. Ссар дыууæуæнгон дзырдтæ.

24. Бафысс цухгонд дзырдтæ.

Мæнæргъы у тынг адджын æмæ пайда г……… .



Æхсæрæг фыдбирæ уарзы æ……… æхсынын.



Сæрвæты хизынц хъ…… .



Кæцы дзырды ис æрмæст зылангон æмхъæлæсонтæ?

***Дзампаты Ларисæ,***
***ЦИПИ-йы ЮНЕСКО-йы***
***кафедрæйы***
***хистæр наукон кусæг,***
***педагогон наукæты кандидат***

# ТЕСТЫТÆ 5-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОКТÆМ
## (рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнынæн)

*I вариант*

1. Хъуыдыйады бацамон зæгъинаг

Нæзытæ æмæ зазтæ сæ цъæх дарæс никуы феппарынц.

2. Бацамон хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ.

а) Бæлæстæ фервæзтысты сæ уæззау цъæх дарæсæй.

æ) Фæззæг ралæууыд.

б) Бонтæ цыбыр кæнын райдыдтой.

в) Мæргътæ атахтысты.

3. Бацамон, дзырдты цавд раст æвæрд кæм у, уыцы рæнхъ:

а) кǽрдо, чы́лауи, æхсынцъы́, къомси;

æ) бæла́с, къу́дзи, хъæдда́г, цæхǽрадон;

б) кǽрдæг, зайæгой, хъǽдындз, нуры́.

4. Бацамон, сæ кæроны *хъ* цы дзырдтæн фыссын хъæуы, уыдон:

| | |
|---|---|
| а) пол… | г) æхсинæ… |
| æ) цырыхъ… | д) цир… |
| б) бирæ… | е) гагадыр… |
| в) æвра… | ж) мæл… |

5. Галиу цæджындзы дзырдтæн рахиз цæджындзы ссар сæ антонимтæ:

| | |
|---|---|
| 1) сау | а) тар |
| 2) тыхджын | æ) фыдынд |
| 3) рæсугъд | б) талынг |
| 4) ирд | в) урс |
| 5) рухс | г) æдых |

6. Бæрæггонд дзырдтæ ахæсгæ нысаниуæджы кæцы дæнцæгты сты?

а) *адджын* фæткъуы

æ) *сыгъзæрин* къухдарæн

б) *фæлмæн* ныхас

в) *сыгъзæрин* адæймаг

г) *хъæбæр* дзул

д) *хъæбæр* зæрдæ

е) *адджын* цард

ж) *фæлмæн* дзул

7. Бацамон, разæфтуан *æр*-цы дзырдты ис, уыдон:

| | |
|---|---|
| а) æрхæссын | г) æрæджиау |
| æ) æргæвдын | д) æривазын |
| б) æрбадын | е) æрттывд |
| в) æрдзон | æ) æрдзурын |

*II вариант*

1. Фæбæрæг кæн раст вариант.

а) Дыууæ дзырды иумæ хуыйнынц хъуыдыйад.

æ) Дзырдтæ кæрæдзийы фæдыл æвæрд куы вæййынц, уæд уый у хъуыдыйад.

б) Иу дзырд кæнæ къорд дзырды кæрæдзийыл бастæй æххæст хъуыды куы февдисынц, уæд уый хуыйны хъуыдыйад.

2. Лæвæрд дамгъæтæй цухгонд бынæттæ баххæст кæн:

ар…æ, æ…сымæр, улæ…ын, …арст, …ынддæс.

| | |
|---|---|
| а) в | в) т |
| æ) з | г) ф |
| б) с | д) б |

3. Бацамон дзырдбæстытæ:

а) фыссын ручкæйæ;

æ) ралæууыд фæззæг;

б) сæууон æртæх;

в) чызг зары;

г) тагъд кæсы.

4. Галиу цæджындзы дзырдтæн рахиз цæджындзы ссар сæ синонимтæ:

| | |
|---|---|
| 1) стыр | а) уад |
| 2) гыццыл | æ) цæхæртæ акалдта |
| 3) ферттывта | б) дынджыр |
| 4) дымгæ | в) лæмбынæг |
| 5) æдзынæг | г) чысыл |

5. Бæрæггонд дзырдтæ цавæр хауæнты сты?

Чызгимæ, ***къалиумæ, арæзтадæй, фæззæгмæ,*** сыхæгтæм, бæласау.

| | |
|---|---|
| а) номон | в) арæзтон |
| æ) гуырынон | г) хуызæнон |
| б) дæттынон | д) æддагбынатон |

6. Бацамон миногонтæ:

| | |
|---|---|
| а) сырх | в) сырх-сырхид |
| æ) ныссырх ис | г) хуызæнон |
| б) фæсырх | д) ссырх уæвын |

7. Мивдисджытæ дзырды хæйттæм гæсгæ раст æвзæрст кæм сты?

| | |
|---|---|
| а) акалын | в) радзырдта |
| æ) ссыдис | г) баивын |
| б) æрбадымдта | д) фæтарстис |

8. Бацамон, дихон нымæцонтæ кæцы рæнхъы ис, уый:

а) иу, дæсæм, фæндзгæйттæ, дыууын;

æ) æртæ дæсæм хайы, фыццæгæм, дыууæ;

б) мин, милуангай, дæсæм, дыууын иу;

в) æртыгай, иугай, сæдæгай, цыппæргай;

г) цыппæрдæс, иу æнæхъæн æмæ æртæ æвдæм хайы.

*III вариант*

1. Бацамон хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ:

а) Адæм æфснайынц сæ фæззыгон тыллæг.

æ) Компьютер нæма балхæдтай, Сослан?

б) Ахуыргæнæг бафарста скъоладзауты сæ хæдзармæ куыстæй.

в) Зæринæ, ранымай-ма, фæззæг хъарм бæстæм цы мæргътæ атæхынц, уыдон.

2. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ сты:

а) Дзырдтæ кæрæдзийы фæдыл æвæрдæй.

æ) Уыцы иу хъæлæсы уагæй загъд дзырдтæ.

б) Иу фарстæн дзуапп чи дæтты æмæ уыцы иу хъуыдыйады уæнгмæ чи хауы, ахæм дзырдтæ.

3. Бацамон, сæ кæрæтты зылангон мыртæ цы дзырдтæн ис, уыдон:

| | |
|---|---|
| а) кар… | г) къамбе… |
| æ) бабы… | д) лæппы… |
| б) бæ… | е) хæргæф… |
| в) уасæ… | æ) цицы… |

4. Бацамон, омонимтæ цы хъуыдыйæдты ис, уыдон.

а) Сарæзта цæрæнуат халон.

Цæй, ныр ын æй æз куыд халон.

æ) Мæ мад йæ урс къаба скодта, уый йæ бæрæгбоны номыл скодта.

б) Даргъ фыдынд сæрыхъуын дары,

Уайдзæф мурмæ дæр нæ дары.

в) Æз никæмæй ницы дарын, уымæн æмæ искæмæй исты дарын тынг зын у.

г) Тоны мад йæ пакъуы хъазæн,

Райста саби дæр йæ хъазæн.

5. Номдарæн цал хауæны ис?

| | |
|---|---|
| а) 6 | в) 9 |
| æ) 7 | г) 8 |
| б) 5 | д) 10 |

6. Равзар раст вариантт æ.

а) Миногонтæ сæ амындмæ гæсгæ вæййынц миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг.

æ) Мивдисæгæн ис аст хауæны.

б) Номдарæн ис æртæ афоны.

в) Нымæцонтæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ вæййынц бæрцон, рæнхъон, мурон, дихон.

7. Бацамон рæнхъон нымæцонтæ:

а) иугай, дыууын иу, æртæ, фондз дæсæм хайы;

æ) фыццæгæм, сæдæйæм, иуæндæсæм, æстæм, дыккаг;

б) æртын фондз, дæс, æвдгай, цыппæрæм;

в) æхсæрдæс, дыууæ цыппæрæм хайы, цыппор.

8. Дзырдтæ сæ хæйттæм гæсгæ раст æвзæрст кæм сты?

а) дидинæ-джы

æ) ræ-сугъд

б) æр-тыдт-ам

в) бы-дыр-ы

г) хох-аг-мæ

д) цыппар-æй

***Джериаты Мæдинæ,***
***Беслæны 4-æм скъолайы***
***ахуыргæнæг***

# ТЕКСТЫ ИУМÆЙАГ ÆВЗÆРСТ 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Дзесты Куыдзæг. «Æрдхæрæны лæвар»***

Сывæллæттæ æмбырд кæнынц скъоламæ. Цы тæхудиаг сты. Гæбилы *æмбæйттæ* ныр дыккаг аз цæуынц ахуыр кæнынмæ, фæлæ уый нырма скъолайы къæсæрæй кæсгæ дæр нæма бакодта. Дыууæ азы размæ афæлвæрдта скъоламæ бацæуыныл, фæлæ йæ йæ мад кой дæр не суагъта: «Мах, дам, æрсытимæ кæрдо нæ цæгъдæм». Ацы æмбисонд арæх фæдзуры йæ мад, фæлæ Гæбилмæ æппындæр раст нæ кæсы. Фыццаджыдæр, уый тыххæй, æмæ скъоламæ цæуын æмæ кæрдо цæгъдын иу не сты, дыккаджы та уый, æмæ скъоламæ чи цæуы, уыдон цæмæй хуыздæр сты Гæбилæй. Хъæбысæйхæсты йыл уыдонæй ничи тых кæны, дугъы уайгæйæ йæ разæй ничи кæны, уыдонæй хæрæгыл бадын дæр ничи уæнды, фæлæ Гæбил бæхыл бадгæйæ дæр нæ тæрсы. *Уæддæр Берозон алы хатт афтæ фæдзуры: «Ды сидзæр дæ æмæ дын уыдон фæзмæн нæй».*

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Сбæрæг кæнут тексты хуыз, адихæй кæнут аразæг хæйттыл.

2. Цæмæ тæхуды кæны Гæбил сывæллæттæм? Фарстæн дзуапп ссарут тексты.

3. Цæуылнæ цыд Гæбил скъоламæ? Куыд баст у Гæбилы уавæр, цы дуджы цард, уыимæ?

4. Цавæр æмбисонд æрхæссы Гæбилæн йæ мад? Райхалут æмбисонды хъуыды. Куыд баст у Гæбилы цардимæ? Цавæр аивадон фæрæзтæ æмбæлы ацы æмбисонды?

5. Бæрæггонд дзырды лексикон нысаниуæг бамбарын кæнут. Сбæрæг кæнут бирæон нымæцы формæйы арæзт, бамбарын ын кæнут йæ растфыссынад. Рафыссут, тексты ацы орфографион æгъдаумæ гæсгæ цы дзырдтæ фыст цæуынц, уыдон.

6. Рафыссут, тексты хъуыдыйæдтæй ныхмæвæрдддзинад цы зæгъинæгтæ æвдисынц, уыдон хуызæгмæ гæсгæ: *цæуынц ахуыр кæнынмæ – кæсгæ дæр нæма бакодта,..* Хъуыдыйæдты ма ныхмæвæрддзинад кæцы дзырды фæрцы бæрæг кæны?

7. Банысангонд рæнхъыты хъуы-дыйæн цавæр аргъ кæнут? Цæмæн-иу сæ загъта мад йæ фыртæн? Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

8. Хъуыдыйад синтаксисон æгъдауæй равзарут: *Ацы æмбисонд арæх фæдзуры йæ мад, фæлæ Гæбилмæ æппындæр раст нæ кæсы.*

9. Ныффыссут нывæцæн-тæрхон: «Гæбил мах рæстæджы куы цæрид…»

**Мамсыраты Дæбе. «Хъæндил»**

*Адæм ном æвæрынмæ куы æрæмбырд сты, уæд дзы куыд нæ уыдаид хорз нæмттæ!* Фæлæ йын мад æмæ фыд агуырдтой исты стыр ном, зонд дæр кæм уыдаид, хъæбатырдзинад дæр, ныфс дæр æмæ кад дæр, ахæм ном. Нæмттæй æппындæр чи нæ бæззыд, уыдон куы аппæрстой номæвæрджытæ, уæд ма дзы баззадысты Æхсарбег, Батыр, Чермен, Бола, Къоста, Таймураз æмæ Ос-Бæгъатыр. Уыцы нæмттæй иу равзарын фæзын, æмæ йыл бахъуыд *фыдæбон* кæнын. Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ, кæд ма номæвæрджытæ дызæрдыг кодтой, уæддæр æвзæрст æрцыд Чермен. *Уайсахат* ног адæймаг, *фидæны* стыр номдзыд лæг Чер-

мены тыххæй фæзындисты гаджидæуттæ. Алчидæр, уыцы сидт нуазгæйæ, ноггуырды ном дзырдта хъæрдæрæй, цæмæй йæ куывды бадджытæ сæ зæрдыл тынгдæр бадарой.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Сбæрæг кæнут тексты хуыз. Рахицæн кæнут текст аразæг хæйттæ.

2. Цавæр ирон æгъдау æвдыст æрцыд тексты? Радзурут, ном æвæрыны æгъдауы тыххæй цы зонут, уый.

3. Цавæр ном æвзæрстой ноггуырдæн? Цæмæн? Дзуапп бафидар кæнут тексты рæнхъытæй. Цæуыл дзурæг сты, тексты цы нæмттæ æмбæлы, уыдон? Сымах та ма цавæр нæмттæ бафтауиккат ацы номхыгъдмæ?

4. Цавæр миниуæгæвдисæг дзырдтæ баст сты тексты Чермены номимæ? Куыд уæм кæсы, цæмæн?

5. Бæрæггонд дзырдтæм равзарут синонимтæ.

6. Рафыссут текстæй, адæймаджы æвæрццæг миниуджытæ цы дзырдтæ æвдисынц, уыдон. Сбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый.

7. Бæрæггонд хъуыдыйады рахицæн кæнут грамматикон бындур. Сбæрæг кæнут хъуыдыйады хуыз йæ арæзтмæ гæсгæ. Цавæр у хъуыдыйад йæ интонацион ахуырстмæ гæсгæ? Цавæр æнкъарæнтæ дзы æвдыст æрцыд?

8. Дзырдтæ сæвæрут иууон нымæцы: *нæмттæ, номæвæрджытæ, гаджидæуттæ, бадджытæ*. Бамбарын кæнут дзырдты бирæон нымæцы формæйы растфыссынад.

9. Тексты æрмæгæй спайда кæнгæйæ саразут синквейн дзырд *ном*-имæ.

10. Тексты сæйраг хъуыды сбæрæг кæнут, æрхъуыды йын кæнут сæргонд.

**Кочысаты Мухарбег. «Фыдыбæстæ»**

Ды дæ мæ цин, мæ цардамонд,
Фыдыбæстæ, дæуæй
Мæнæн зынаргъдæр, адджындæр
Нæ уыди æмæ нæй.

*Æрмæст дæ кой, дæ буц ном дæр*
*Ыстыр ныфс у лæгæн.*
У суанг дæ сыгъдæг уæлдæф дæр
*Æвдадзы хос* мæнæн.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр æнкъарæнтæ бавæрдта автор лирикон геройы зæрдæйы?

2. Ссарут тексты, лирикон герой йæ Фыдыбæстæ цы нæмттæй хоны, уыцы дзырдтæ.

3. Лирикон геройы цавæр миниуæг равдыста автор? Дзуапп бафидар кæнут тексты рæнхъытæй.

4. Фыццаг строфайæ рафыссут миногонтæ. Сбæрæг кæнут, цавæр бæрцбарæны формæйы æмбæлынц, уый. Сымахмæ гæсгæ, цæмæн спайда кодта автор миногонтæй ацы бæрцбарæны формæйы?

5. Бамбарын кæнут бæрæггонд дзырдбасты лексикон нысаниуæг.

6. Равзарут дзырдтæ морфемикон æгъдауæй: *адджындæр, цардамонд*.

7. Текст орфографион æгъдауæй равзарут.

8. Цавæр аивадон-нывæфтыд мадзæлттæй спайда кодта автор? Сбæрæг сын кæнут сæ функционалон нысаниуæг.

9. Дзырд *Фыдыбæстæ*-имæ ныффыссут синонимты рæнхъ.

10. Бæрæггонд хъуыдыйад равзарут хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

11. Сбæрæг кæнут тексты темæ. Цавæр сæйраг мотивтæ æвдыст æрцыдысты тексты?

12. Дзырд *Фыдыбæстæ*-имæ саразут синквей тексты æрмæгæй спайда кæнгæйæ.

**Баситы Дзамболат. «Адæмы маст»**

Æхсæв тайы боны рухсы ныхмæ,
Хæхты сæрмæ хуры цæст ыскаст.
Карды цæфтæй знаджы риу ***ныкъкъуыхтæ,***
Сæфынц хæсты, карз хæсты, йæ тыхтæ,
Исынц уымæй **сахъ** адæм сæ маст.

*Адæм – фидар. Ныфс, хъару – æххæстæй,*
*Арвыл сау мигъ мах цæфтæй тæрсы.*

Знаг йæ мæлæт банкъардта нæ *дзæхстæй,*
Æмæ лидзы, тугкалгæ йæ фæрстæй,
Судзы арты, абухы, хъæрзы.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр æнкъарæнтæ уæм æвзæрын кæнынц æмдзæвгæйы рæнхъытæ?

2. Цавæр цау æвдыст æрцыд тексты? Рафыссут текстæй, архæйдтытæ кæрæдзи цы дзырдты фæрцы ивынц, уыдон. Сбæрæг кæнут цавæр ныхасы хæйттæ сты. Сбæрæг кæнут тексты хуыз.

3. Цавæр хæстон ныв ауад уæ цæстытыл, текст бакæсгæйæ? Дзуапп бафидар кæнут тексты рæнхъытæй.

4. Чи æмбæлы тексты лирикон хъайтары ролы? Ныффыссут ацы фæлгонцимæ баст æмбисæндтæ. Сбæрæг кæнут æмбисæндтæ æмæ тексты темæйы бастдзинад.

5. Кæцы рæнхъыты фæрцы равдыста автор хæстон адæмы хъæбатырдзинад?

6. Бæрæггонд дзырдтæн бамбарын кæнут сæ лексикон нысаниуæг, синонимтæ сæм равзарут, афтæмæй.

7. Цавæр аивадон-нывæфтыд мадзæлттæй спайда кодта автор тексты? Цавæр у сæ функционалон нысаниуæг?

8. Бамбарын кæнут дзырдбаст *сау мигътæ*-йæн йæ комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. Цæмæн спайда кодта автор ацы эпитетæй?

9. Дзырдтæ морфемикон æгъдауæй равзарут: *ныкъкъуыхтæ, тугкалгæ*.

10. Текст орфографион æгъдауæй равзарут.

11. Бæрæггонд хъуыдыйады бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

12. Равзарут хъуыдыйад синтаксисон æгъдауæй: *Æхсæв тайы боны рухсы ныхмæ, хæхты фæстæ хуры цæст скаст.*

13. Дзырд *адæм*-имæ саразут синквейн.

**Елехъоты Мурат.**
**«Фыстæг хæсты быдырæй»**

Фæлæ сау *фыдгул* царæфтыд баци,
Калмау алæсти мах цæфтæй дард.
Ног та хæсты хъæр *цадæггай* банцад,
Ног та сагъæстыл бафтыд салдат.

Сисын фыстæг, лыстæг æм фæкæсын,
У мын алкæм ныфсы рухс, мæ бон.
*О, ныййарæг мад, де стыр фæдзæхст дын*
*Æз тырысайау дарын бæрзонд!*

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодта текст?

2. Цавæр рæстæг æвдыст æрцыд тексты? Дзуапп бафидар кæнут тексты рæнхъытæй.

3. Куыд уæм кæсы, ныййарæджы цавæр фæдзæхст дары йæ зæрдыл лирикон хъайтар? Цавæр аргъ кæны йæ мады фæдзæхстæн? Кæцы рæнхъыты æвдыст æрцыд йæ ахастдзинад мады фæдзæхстмæ?

4. Цавæр нысаниуæг ис тырысайæн? Куыд уæм кæсы, цæмæн абарста лирикон герой мады фæдзæхст тырысаимæ?

5. Бæрæггонд дзырдты нысаниуæг бамбарын кæнут, алыхуызон фæрæзтæй спайдагæнгæйæ.

6. Дзырдтæм равзарут синонимтæ: *алæсти, сагъæс, лыстæг, дарын.*

7. Бамбарын кæнут дзырдбæстыты нысаниуæг: *царæфтыд баци, сагъæстыл бафтыд.*

8. Дзырдтæ морфемикон æгъдауæй равзарут: *фæкæсын, ныййарæг, фæдзæхст.*

9. Ссарут тексты хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ. Сбæрæг кæнут, сидæнтæ сæ арæзтмæ гæсгæ цавæртæ сты, уый. Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

10. Цавæр аивадон-нывæфтыд мадзæлттæй спайда кодта автор? Сбæрæг сын кæнут сæ функционалон нысаниуæг.

11. Бæрæггонд хъуыдыйад равзарут хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

12. Сбæрæг кæнут æмдзæвгæйы темæ. Дзырд *фыстæг*-имæ саразут синквейн.

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

*Лохты Ритæ,*
*Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ИНТЕЛЛЕКТУАЛОН ХЪАЗТ «ЗОНЫНДЗИНÆДТЫ ФÆНДАГЫЛ»

Архайынц дзы цыппар къорды 9-10 кълæсты ахуырдзаутæй.

Амонæг зонгæ кæны къордты æмæ жюрийы уæнгтимæ. Командæтæ дзурынц сæ нæмттæ æмæ девизтæ.

Алы командæйæн дæр ис хицæн стъол, сæ уæлæ – сигналон карточкæтæ – «светофортæ».

***Хъазты 1-аг хай (бацæуæн)***

Къордтæ архайынц иумæ. Алы раст дзуаппæн дæр – иу балл.

1. Ацы аргъауы ис æппæтæй фылдæр сырдтæ.
Дзуапп: «Фаззæттæ».

2. «Æндæрг» –ы синоним цавæр дзырд у?
Дзуапп: аууон.

3. «Черемуха» иронау куыд у?
Дзуапп: къæбырттæг.

4. Ацы къаннæг таурæгъон уацмысæн йæ мидис у сатирикон, у зондамонæн. Цы у?
Дзуапп: Басня.

5. Нарты Хæмыцæн йæ фаззон æфсымæр чи уыд?
Дзуапп: Уырызмæг.

6. Геродоты куыд хонынц?
Дзуапп: «Историйы фыд».

7. Токаты Алихан æмæ Брытъиаты Елбыздыхъо уарзтой уыцы иу дидинæг. Елбыздыхъойы фæндонмæ гæсгæ, ирон фысджыты альманахæн дæр лæвæрд æрцыд ацы дидинæджы ном, Токаты Алихан дæр йæ иу æмдзæвгæ схуыдта ацы дидинæджы номæй. Цавæр дидинæджы кой кæнæм?
Дзуапп: Малусæг.

8. Къостайы ацы æмдзæвгæ нымад у лирикон шедеврыл? Цавæр æмдзæвгæ у?
Дзуапп: «Азар».

9. Дыууæ галы уæрдоны ифтыгъдæй куыд хуыйынц?
Дзуапп: Цæд.



10. Ацы ирон кафт хонынц «Хуыцæутты кафт». Цавæр кафт у?
Дзуапп: «Симд».

11. Фыццаг ирон балеринæ чи уыд?
Дзуапп: Гæздæнты Аврорæ.

12. Ацы хъæуæн йæ ном арæзт у «æмбонд»-æй. Цавæр хъæу у?
Дзуапп: Брут. Раздæр бырутæй арæзт уыдысты йæ цæрджыты хæдзæрттæ.

13.Фыццаг ирон профессор чи уыд?
Дзуапп: Æлборты Барысби.

14. Плиты Христофор цавæр фыццаг ирон оперæйы автор у?
Дзуапп: «Къоста»-йы, кæнæ «Возвращение Коста».

15. «Цот»-ы синоним цавæр дзырд у?
Дзуапп: Зæнæг.

16. Хуымты, быдырты культуртæн зианхæссæг цы хонынц?
Дзуапп: Хæмпæлгæрдæг.

17. Æфсæддоны уæлдæр цин (чин) куыд хуыйны?
Дзуапп: Генералиссимус.

18.Мæнæуæфснайæн афон ма куыд хонæм?
Дзуапп: Мæнæугæрдæнтæ.

19. Ацы кусæн дзаумайæн кæрдæг у йæ халæг, дур та – йæ цыргъгæнæг. Цы у?
Дзуапп: цæвæг.

20. «Æнæрвæссондзинад» цавæр дзырдæй баивæн ис?
Дзуапп: «Æлгъ кæнын»-æй.

21. Фыссæг Гаглойты Федыры фæсномыг цавæр у?
Дзуапп: Гафез.

22. «Зонадон»-ы синоним цавæр дзырд у?
Дзуапп: Наукон.

*Хъазты 2-аг хай*
Блиц-фæрстытæ (фарст-дзуапп)

Хъазт дарддæр цæуы цыппар темæмæ гæсгæ (командæты нымæцмæ гæсгæ).
Ацы хайы фæрстытæн дзуапп дæттынц командæтæй иугай адæймæгтæ (темæ хуыздæр чи зоны, уыдон).

**Темæ «Æрыдоны духовон семинар æмæ йæ рауагъдонтæ – Ирыстоны фысджытæ»**

1. Ærыдоны семинары уагътой къухæйфыст журнал. Куыд хуынди?

Дзуапп: «Фидиуæг».

2. Ærыдоны семинаристтæ цы ирон æвзаджы ахуыргæнæн чиныгæй ахуыр кодтой, уымæн йæ аразджытæй иу уыд Сауджын. Чи уыд?

Дзуапп: Сауджын Цæлыккаты Алыксандр.

3. Ærыдоны семинары рауагъдон Нигер йæ поэмæ «Мулдар»-ы фыссы:

*«…Кæсгон нымæтау æхсæв хъæды*
*Йæ быны батыхта бæстон,*
*Цæст ахсы хорз Æрфæны фæды,*
*Йæ зарæг байтынг кодта дон…»*

– Куыд уыдзæн Æрфæны фæд уырыссагау?

Дзуапп: Млечный путь.

4. «Мызурон» райгуырд Ærыдоны, ахуыр кодта хъæууон райдиан скъолайы. Фæци каст Ærыдоны семинар. Уым ныффыста йæ фыццаг æмдзæвгæтæ дæр, куыста Маньчжурийы. Кæй кой кæнæм?

Дзуапп: Илас Æрнигоны.

5. Ærыдоны семинары рауагъдонтæй 1935-1937 азты репресситы амæттаг чи фæци?

Дзуапп: Æрнигон Илас, Барахъты Гино æмæ Æмбалты Цоцко.

6. Ærыдоны семинары ацы рауагъдоны, зындгонд фыссæджы, Джыккайты Шамил схуыдта : «Ирон аив дзырды зæрингуырд». Кæй схуыдта афтæ?

Дзуапп: Коцойты Арсены.

7. Ærыдоны семинары рауагъдон Брытъиаты Елбыздыхъойæн, йæ драмæтæй кæцы у «революцийы символ»?

Дзуапп: драмæ «Амыран».

8. Къубалты Алыксандр, Ærыдоны семинары иннæ рауагъдон, йæ кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы сюжет кæмæй фехъуыста?

Дзуапп: Зыгъуытаты куырм Бибойæ.

9. Ærыдоны семинары рауагъдонтæй Къостайыл йæ царды кæронмæ сау чи фæдардта?

Дзуапп: Æмбалты Цоцко.

**Темæ «Ирон æвзаг»**

1. Цы амоны дзырд «арийаг»?

Дзуапп: уæларвон, сыгъдæг.

2. Ирон æвзаджы дамгъæ *в*-йæ цал дзырды райдайы? Цавæртæ сты?

Дзуапп: æртæ дзырды: *вазыгджын, вæзн* (ширина), *вæййы.*

3. Бырынцъаг фæндаг ма куыд хонынц?

Дзуапп: Кæлæх фæндаг.

4. Дзырд «хæрзæмбæлæг»–ы синоним цавæр у?

Дзуапп: Рæстæмбæлæг.

5. Цæмæй дзырд *бæхдон*-æй вазыгджын дзырд рауайа, уый тыххæй дзырды дамгъæтæй кæцы аивын хъæуы?

Дзуапп: Дзырды фыццаг дамгъæ *б* аивын хъæуы *ц*-йæ, æмæ дзы рауайдзæн вазыгджын дзырд «цæхдон».

6. Мивдисæджы æбæлвырд формæ ма куыд хонæм?

Дзуапп: инфинитив.

7. Цавæр ныхасы хайы кой цæуы ацы цыппаррæнхъоны?

*Дзырдтæн æз лæууын сæ фæстæ,*
*’Вдисын уыдон ахаст æз.*
*Банымадтой мын мæ хæстæ –*
*Хорз кæстæрæн, дам, нын бæзз!*

Дзуапп: фæсæвæрд.

8. Мивдисæджы ивынад цæсгæмттæм гæсгæ куыд хуыйны?

Дзуапп: ифтындзæг.

9. Галиу къухæй архайæджы куыд хонынц?

Дзуапп: галиуæг.

10. Дзырд «пайда»-йы антоним цавæр дзырд у?

Дзуапп: зиан.

**Темæ «Нарты кадджытæ»**

1. Куырдалæгон чи у?
Дзуапп: Уæларвон куырд, куырды куысты бардуаг.

2. Сохъхъыр уæйыг «саудзагъд æмæ къуыпных лæппу» кæй схуыдта?
Дзуапп: Нарты Батрадзы.

3. «Хæдзар хорз у, фæлæ Хурыскæсæнырдыгæй къуымы ницы ис». Ацы ныхæстæ цæмæн загъта Сырдон кадæг «Фæндыр куыд фæзынди»-йы?
Дзуапп: Хæдзары сылгоймаг кæй нæ уыд, уый тыххæй.

4. Цы уыд нартæн Зилахар?
Дзуапп: сæ хъазæн фæз.

5. Сырдон йæ хистæр фырты цонджы стджытæй æмæ иннæ лæппуты зæрдæты тæгтæй цы саразта?
Дзуапп: дыууадæстæнон фæндыр.

6. Æхсар æмæ Æхсæртæг цы хъахъхъæдтой?
Дзуапп: Нарты фæткъуы.

7. Нарты кадджытæм иллюстрацитæ чи скодта?
Дзуапп: Тугъанты Махарбег.

8. Сатанайы ныййарджытæ чи уыдысты?
Дзуапп: Лæгты дзуар æмæ Донбеттыры чызг Дзерассæ.

9. Сатанайы куыд хуыдтой?
Дзуапп: Нарты мад.

10. «Нарты кадджытæ» фыццаг хатт мыхуыры кæд рацыдысты?
Дзуапп: 1946 азы.

**Темæ «Ирыстон»**

1. Ирыстоны хæхтæн сæ бæрзонддæр кæцы у?
Дзуапп: Джимарайы хох.

2. Ирыстоны стырдæр цæугæдон цавæр у?
Дзуапп: Терк.

3. Теркæн йæ ратæдзæн кæцæй у (кæцæй райдайы)?
Дзуапп: Йæ райдайæн исы Зилгæ хохы цъитийæ.

4. Кæдæм кæлы Терчы дон?
Дзуапп: Хъаспийы денджызмæ.

5. Ирыстоны æппæты стырдæр цъити цавæр у, æмæ кæм ис?
Дзуапп: Дыгургомы, Хъæрæугомы цъити.

6. «Ермоловы дур», æрдзы геологон цыртдзæвæн, кæм ис?
Дзуапп: Уæллаг Ларсы, Гуырдзыйы арæнæй чысыл æддæдæр.

7. Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспект раздæр куыд хуынди?
Дзуапп: Александровский проспект.

8. Коцойты Арсены цыртдзæвæн кæм æвæрд ис?
Дзуапп: Республикон Наукон библиотекæйы раз.

9. Ацы ком у Ирыстоны фидыц. Цавæр комы кой кæнæм?
Дзуапп: Цъæйы комы.

10. Ирыстоны цавæр кувæн бынат хонæм «Тымбыл хъæды дзуар»?
Дзуапп: Хетæджы къох.

*Хъазты 3-аг хай*
Видео-фæрстытæ

Алы командæйæн дæр фæйнæгыл æвдыст цæуы Ирыстоны зæрдылдарæн бынæттæй иу. Скъоладзаутæ хъуамæ зæгъой, цавæр бынат у, кæм ис, æмæ ма, ацы бынаты тыххæй цы зонынц, уыдæттæ. Алы дзуаппæн дæр лæвæрд цæуы 10 баллы. Цавæр бынат у æмæ кæм ис, уый куы зæгъой, уæд – 5 баллы. Ныхас цы бынатыл цæуы,

уый тыххæй фылдæр зонындзинæдтæ куы равдисой, уæд та – 10 баллы.

1-аг командæйæн равдисын Ходы Никъалайы конд скульптурæ «Нарты Сослан» (арæзт æрцыд 2007 азы, æвæрд у Уырыссаг театры раз).

2-аг командæйæн равдисын Хетæгкаты Къостайы мад Марияйы ингæн (ис Нары).

3-аг командæйæн равдисын Алайнаг-Успенаг аргъуан (арæзт æрцыд 2000 азы, Куырттаты комы, Фыййагдоны).

4-æм командæйæн равдисын Сыгъдæг Мады Майрæмы Иры аргъуан (арæзт æрцыд 1815 азы, ис Ирыхъæуы, йæ цуры – Дзæуджыхъæуы 13-æм скъола).

*Хъазты 4-æм хай*

Раздзогты ерыс

Лæвæрд дзырдты лексикон нысаниуæг бацамонын. Чи куыд фылдæр баллтæ райста, уымæ гæсгæ радыгай дзуапп дæттынц (алы раст дзуаппæн дæр – дыууæ баллы).

Гакк (нысан), чыргай (къордгай), æртгуыз ( артæндзарæг), цъæмæл (афтид).

Хъазты фæстиуджытæ бахынцын.

***Ататы Фатимæ,***
***прогимнази «Эрудит»-ы***
***ахуыргæнæг***

## «ДЫ – ИРЫ ЗÆД, НÆ КАД ÆМÆ НÆ НАМЫС!»

*Хетæгкаты Къостайы номыл арæзт бæрæгбон*
*(1-3 кълæсты ахуырдзаутæн)*

***Равдысты нысантæ:***

1) Хетæгкаты Къостайы цард æмæ сфæлдыстад ахуыр кæнынмæ разæнгард кæнын;

2) ныхасы рæзтыл бакусын;

3) райгуырæн зæххæн кад чи æрхаста, уыцы адæмæй сæрыстыр уæвынил ахуыр кæнын; мадæлон æвзагмæ уарзондзинад æвзæрын кæнын.

***Сценæйы фæлгонц:*** Хетæгкаты Къостайы нывтæ, скъоладзауты нывтæ «Къоста – сывæллæтты цæстытæй», презентаци «Ды – Иры зæд, нæ кад æмæ нæ намыс»; музыкæ: хъисын фæндыры мелоди, «Къостайы зарæг», зарæг «Зарæм мах дæуыл, Къоста!»

Бæрæгбоны цыд:

1-аг амонæг: Уæ бон хорз æмæ уыл хъæлдзæг бонтæ цæуæд! Абон нæ республикæйы адæм бæрæг кæнынц Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бон.

Мин аст сæдæ фæндзай фарæстæм азы Нары хъæуы Хетæгкаты Леуаны хæдзары райгуырди, фидæны Ирыстонæн кад чи æрхæсдзæн, уыцы саби.

2-аг амонæг: Рацæудзæн къорд азы, æмæ



Ирыстоны зæххыл айхъуысдзæн Къостайы сидт: «Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ,

Абон кæрæдзимæ , Иры лæппутæ!»

1-аг амонæг: Иры уарзондæр поэт, драматург, нывгæнæг, æхсæнадон архайæг абон дæр нæу рох Иры зæххыл. Алы аз дæр Кæфты мæйы фынддæсæм боны ирон адæм фæмысынц Къостайы ном. Æмæ уæ ныртæккæ хонæм цыбыр театралон равдыстмæ «Къостайы сидзæры бонтæ».

Сценæйы бады зæронд лæг. Нана кæрты цыдæртæ архайы. Уалынмæ фæзынынц скъоладзаутæ, ныхасгæнгæ. Дадайы куы ауыдтой, уæд æрлæууыдысты, салам ын дæттынц.

1-аг скъоладзау: Дæ бон хорз, дада!

Дада: Кæй бон у, уый хорзæх уæ уæд, дадайы хуртæ! Кæцæй цæут?

2-аг скъоладзау: Скъолайæ, дада, скъолайæ!

Дада: Мæ уд уæ фæхъхъау фæуа, æмæ уæ зæрдæмæ цæуы ахуыр кæнын?

3-аг скъоладзау: О, тынг, дада, цас ног хабæрттæ базыдтам, уый зоныс!

Дада: Уый хорз у!

1-аг скъоладзау: Абон нын ахуыргæнæг ирон номдзыд лæгты тыххæй дзырдта.

Дада: Æцæгæй?! Уæдæ махæн дæр истытæ радзурут!

2-аг скъоладзау: Ирыстоны бирæ каджын лæгтæ уыдис, фæлæ нын абон Къостайы тыххæй дзырдта! Уымæн æмæ ацы бонты Ирыстоны бæрæг кæнынц Къостайы райгуырæн бон.

Нана *(æрбадти дадайы фарсмæ)*. Къоста… Ирон адæмы уарзондæр хъæбул…

3-аг скъоладзау: *(дисхуызæй)* Дада, нана, сымах та йæ цæмæй зонут?

Нана: Æмæ Ирыстоны йæхи ирон чи хоны, уыдонæй та чи нæ хъуыды кæны Къостайы ном?

1-аг скъоладзау: Радзурут-ма нын исты Къостайы царды хабæрттæй!

2-аг скъоладзау: Мæнмæ тынг диссаг кæсы иу хабар.

Дада: Цавæр хабар?

2-аг скъоладзау: Ахуыргæнæг нын афтæ загъта: «Къостайы райгуырдыл ныр сæдæ фæндзай азæй фылдæр цæуы, фæлæ Ирыстоны зæххыл йæ ном рох нæу». Цæмæн ын ахæм стыр кад кæнынц ирон адæм?

Дада: Гъе, мæ хуртæ!.. Иуæй-иу адæймаг фæцæры, æмæ иу бæлас дæр нæ ныссадзы йæ номыл. Иннæмæн та, царды уæрæх фæндæгтыл цæугæйæ, баззайы йæ арф фæд. Уалдзыгон хуры тынтау ауды йæ адæмыл.

Нана: Къоста йæ царды фæстаг бонмæ йæ адæмæн арвы стъалыйау фæндаг амыдта. Мæгуыр адæмы царды рæстдзинадыл тохгæнгæйæ басыгъд. Уымæн у æнæмæлгæ йæ ном.

Дада: Уый раджы уыд… Нары комы … Хетæгкаты Леуаны хæдзары райгуырди фидæны номдзыд поэт. Цины хабар айхъуысти æппæт Хетæгкаты мыггагыл. Арфæтæй байдзаг ис бæстæ. Куыд нæ цин кодтаид йæ фыд Леуан, йæ хæдзары бындар фæзынд! Фæлæ… сæ цин бирæ нæ ахаста…

Нана: Ноггуырд дунейы рухсæн йæ рæсугъд ахорæнтæ нæма федта, нæма банкъардта йæ алфамбылай æрдзы рæсугъддзинад, нæ бафсæст йæ мады хъæбысы хъармæй, афтæ сидзæрæй аззад.

*Сценæмæ рацæуы скъоладзау Гуыбианы ролы, йæ къухы – саби (кукла)*

Мад: Сидзæр мæгуыр у! Кæй хъæуы? Чи йæ рæвдаудзæн? Чи йын дæтдзæн ныфс? … Нæ-æ-æ, æнæ мæнæй йын нæй фæцæрæн! Куы ахицæн уон а дунейæ, уæд-иу мæ сидзæры дæр бавæрут мæ фарсмæ! Уæддæр нæ фæцæрдзæн!…

*Сценæмæ рацæуы Чендзе, Гуыбиан сывæллоны дæтты Чендземæ, йæхæдæг ацæуы.*

Чендзе: Уый та куыд?! Цардæгас сабийы куыд нывæрон чырыны? Бакæсут-ма йæм, йæ сау цæстытæй мæм куыд æдзынæг кæсы. Йæ мидбылты мæм худы, цыма мæм афтæ дзуры: «Мæн цæрын фæнды». Нæ-æ-æ, уыйбæрц хъару мæм разындзæн!

Схъомыл æй кæндзынæн!.. Адæм хорз сты!.. *(Сывæллоны йæ хъæбысы ныккæны æмæ ацæуы).*

Дада: Цыдысты азтæ. Къоста рæзыд хъæлдзæг æмæ зæрдæргъæвд сывæллонæй. Ам, Нары хъæуы, арвыста йæ сабийы бонтæ. Ам акодта фыццаг къахдзæфтæ, фыццаг хатт фехъуыста ирон адæмон зарджытæ æмæ таурæгътæ. Ам йæхи цæстытæй федта мæгуыр æмæ æфхæрд хæххон адæмы уæззау цард æмæ сæ йæ амæлæты бонмæ нæ ферох кодта.

*Скъоладзау дзуры скъуыддзаг æмдзæвгæ «Чи дæ?»-йæ.*

Мæн иу ус фæхаста,
Сывæллон ахуыр
Йæ дзидзи нæ ласта
Мæ дзыхæй, мæгуыр…

Куыд фæрæзта уыййас?!
Æппæтæй дæр фаг…
Фæцардтæн æм иу аз,
Фæдæн æм дыккаг…

Фæхъомыл дæн афтæ,
Æдæрсгæ цыдтæн….
Кæм заргæ, кæм кафгæ
Æмбырдтыл зылдтæн.

Нана: Иухатт Чендзе Къостайæн бацамыдта йæ мады ингæн. Уæдæй фæстæмæ алы бон дæр цыдис уæлмæрдтæм. Хаттæйхатт-иу афтæ бафæллад кæуынæй, æмæ-иу йæ мады ингæныл бафынæй.

Ды куы уаис, куыд бирæ йæ уарзис!
Æмбарис дæ фырты зæрдæ.
Тыхмитæ, фыдæй йæ цæргæсау
Ды хъахъхъæнис царды, бæргæ.

Нана: Æцæг у, æви мæнг у, чи ма йæ базондзæн, фæлæ….Цард цæуы, æмæ Леуан æрхаста дыккаг ус. Йæ иунæг фырты ракодта йæхимæ. Фыдыус мады рæвдыд стæм хатт бакæны сидзæр сабийæн.

Инсценировкæ:
Гыццыл лæппу Къоста бады зæххыл, къæйдуртыл цыдæртæ ныв кæны. Чендзе ссæуы донхæссæнæй, ауыдта Къостайы.

Чендзе: Къоста? Къоста, мæ лæппу, ам иунæгæй цæмæн бадыс? Бæгъæввадæй, бæгъæмсарæй? Фæрынчын уыдзынæ, мæ лæппу. *(Хъæбыс æй кæны)*

Къоста фæгæпп кодта, ратахт йæ размæ, ныхъхъæбыс ын кодта.

Гыцци! Цы хъарм къухтæ дын ис. Æвæццæгæн мæхи гыццийæн дæр ахæм къухтæ уыдис.

Чендзе: Хæдзармæ цæуылнæ цæуыс?

Къоста: Хæдзармæ? Кæмæ дзы цæуон? Чындзæн мæ уынд дæр зын у. Исты æфсонæй та мæм хæцдзæн.

Чендзе: Цытæ дзурыс, Къоста, уый йæхи афтæ тызмæгæй барæй æвдисы, æндæр дæ уарзгæ нæ кæны?

Къоста: Нæ мæ уарзы, нæ! Æз нæ хæдзарæй ралидзын ацы къуыбырмæ æмæ ныхъхъæр кæнын: «Гыцци, кæм дæ, мæхи гыцци! Акæн мæ дæхимæ».

Чендзе (*тарстхуызæй)* Цытæ дзурыс уый?! Ныхъхъус у! Ды хъуамæ цæрай! Хуыцау дæ ацы дунемæ дзæгъæлы нæ рауагъта! Ды нын, Къоста, стыр лæг суыдзынæ! Стыр лæг! Ирыстон сæрыстыр кæмæй уыдзæн, ахæм лæг!

Нана: Рацыд бирæ азтæ, æмæ Къоста ссис, Ирыстонæн кад чи ’рхаста, ирон адæм сæрыстыр кæмæй сты, ахæм лæг! *(Ацæуынц)*

Фæйнæгыл – презентацийы æрмæг, хъуысы «Къостайы зарæг».

1-аг скъоладзау: Къоста йæ æмдзæвгæйы афтæ фыста:

Зонын, æфсæрмæй кæудзыстут,
Бавæрдзыстут мын мæ мард…
Рухсаг у, рухсаг, зæгъдзыстут,
Ницæмæнуал уыд дæ цард.

Иу бон æгъгъæд у мысынæн,
Иубон кæндзыстут мæ дзырд,
Уыйфæстæ ферох уыдзынæн,
Ничиуал зондзæн мæ цырт…

Фæлæ ам раст нæ разынд!

2-аг скъоладзау: Абон мах тынг фæнды æмæ зæрдиагæй архайæм, цæмæй Къостайы ном ма уа рох Ирыстоны зæххыл!

1-аг скъоладзау: Мах фæнды, цæмæй фидæны æрлæууæм, Ирыстонæн кад чи хæссы, уыцы фæсивæды æмрæнхъ! Ма рох кæнæм не 'взаг, не гъдау, нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ, нæ кадджын хистæрты.

Дада: Уæ фæндтæ уæ къухты бафтæнт, мæ хуртæ!

Нана: Рæствæндаг ут!

Скъоладзаутæ: Бузныг, дада! Бузныг, нана!

(Ацæуынц сценæйæ)

Кæронбæттæн.

1) Сывæллæттæ зарынц.

Зарæм мах дæуыл, Къоста,
Буц кæнæм дæ ном.
Ды «Ирон фæндыр» фыстай,
Бастай Ир æнгом!

Базард:
Хæхтæ æмæ рухс быдыртæ
Цардыл цин кæнынц.
Симды кафты райгæ мыртæ,
Рухс хурмæ зынынц.

Ды куы дæ нæ цин, нæ кад,
Демæ мах цæуæм.
Фарны рухс æмæ бæркад,
Зæрдæйы хæссæм.

2) «Хонгæ кафт» Хъуыбадыйы мелодимæ гæсгæ.

Фæстаг слайд: сывæллæтты къам. Къостайы ингæны раз ирон аргъуаны кæрты дзурынц æмдзæвгæтæ.

3) Амонæг:

Цæудзысты азтæ,
Ивдзысты фæлтæртæ,
Æнусты ивдзæнис æнус,
Фæлæ уæддæр, Къостайы дзырды зæлтæ,
Ирон зæххыл сымах уыдзыстут буц!

# НЫХАС ЦÆЛЫККАТЫ АННÆЙЫ ХУЫЗИСТИМÆ

**Дауыраты Зоя**



*Цы нæм кæсыс сæрыстырæй бæрзæндты?*
*Къостайы фырты н' ауызтай, мыййаг ...*
*Ныссуйтæ ис куырыхон лæг йæ фæндты ...*
*Ирон адæмæй баззадтæ хъæстаг.*

*Зæгъ-ма, Аннæ, цæмæй нæ уыд дæу аккаг*
*Нæ хæхты фидыц, адæмы мæсыг?*
*Цæлыккатæн æмсæр нæ уыд йæ мыггаг?*
*Дæ фыды раз чысыл лæууыд уырдыг?*

*Хуырымæй дæм кæцы 'рхæсдзæнис азым,–*
*Дæ бæрзонд ных – бæстон зонды нысан ...*
*Куыд бауæндыдтæ ахæм лæгæй хъазын?*
*Куыд æй ныууагътай иунæгæй тыхст ран?*

*Нæ зыдтат, нæ, уæды чызджытæ, 'взарын.*
*Куырм уыдтæ, Аннæ, дурзæрдæ, æндон,*
*Нæ базыдтай Къостайы хурыл барын,*
*Нæ аздæхтай хуыздæр иронмæ ком.*

*Йæ хуызистæй дæр зæрдæйы ныххауы:*
*Сæнт-сау цæстытæ – сабийау сыгъдæг ...*
*Ныртæккæ дæр «ИРОН ФÆНДЫР»-æй тауы*
*Нæ сомбонæн хъæздыг, фæрныг тыллæг.*

*... «Фæндыры зард» ныффыстаид нæ дугыл,*
*Йæ зæрдæйы цæй бæрц уыдаид цин,–*
*Йæ рухс поэзи аскъуыдаид тугыл,*
*Йæ конд нывтæй Ир калдтаид зæрин.*

*Æнтъыснæг зæрдæ хъæлдзæгмæ нæ ради,–*
*Бынтон æй домдта адæмы хъысмæт.*
*Æвæгæсæгæй бонæй-бонмæ тади.*
*Фæцис, дæу тыххæй, фæлтæрты æвæд.*

*Дæ ном дын, Аннæ, зонæм мах йæ фæрцы,*
*Дæ фыдыноммæ бафтыдтаид кад.*
*«Кæй чызг уыдис»-æй иунæг дæр нæ фæрсы,–*
*«Къостайы уарзон» – афтæ дæ ымад.*

*... Нæ уæлныхты дæ хастаиккам сынтыл,*
*Куы уыдаис куырыхонæн æмсæр.*
*Сæрыстырæй ныффыстаиккам цыртыл:*
*«Къостайы АННÆ –*
*Чызджыты хуыздæр»!*

НАУЧНО-МЕТОДИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

**ПРОСВЕТИТЕЛЬ**
2(2015)

Технический редактор Е.Н. Маслов
Компьютерная верстка Д.А. Джиоева
Оформление обложки Д.А. Джиоева

Подписано в печать 24.12.2015. Формат 60x84 1/8.
Усл. печ. лист 13,25. Гарнитура «Times».
Бумага офсетная. Печать цифровая. Тираж 500 экз. Заказ №189.

Издательско-полиграфический комплекс «Литера»
Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.362000, г.Владикавказ, пер. Павловский, 3